# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

Бес томлық

Екинши том

Дәстанлар

www.ziyouz.com kutubxonasi

The Karakalpakstan filial of Uzbekistan's Academy of Sciences

The N.Daukarayeff institute of language and literature

KARAKALPAK FOLKLORE

# SHARYAR

# KHANSHIME

Nukus
Karakalpakstan Publishers
1997

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзбекстан Илимлер Академиясының
Қарақалпақстан бөлими

Н. Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият
институты

ҚАРАҚАЛПАҚ
ФОЛЬКЛОРЫ

# Шәрияр
# Қаншайым

Нөкис
Қарақалпақстан
1997

www.ziyouz.com kutubxonasi

82. 3(2Қар)
Қ 50

**Қарақалпақ фольклоры**: Бес томлық. Екинши том. **Шәрияр. Каншайым.** *(дәстанлар)*. — Нөкис, Қарақалпақстан, 1997. — 164-бет.

*Балалар ҳәм жас өспиримлер әдебиятлары редакциясы*

Редакциялық коллегия

*Сабыр Камалов (баслығы), Ибрайым Юсупов, Исмайыл Сағыйтов, Қабыл Мақсетов, Тилейберген Жумамуратов.*

**ШӘРИЯР** *Өтенияз жыраўдан жазып алған — Қабыл Мақсетов.*
**ҚАНШАЙЫМ**. *Құрбанбай жыраўдан жазып алған — Өсербай Хожаниязов.*

Баспаға таярлағанлар

*Қабыл Мақсетов, Генжемурат Есемуратов ҳәм Әдилбай Қожықбаев.*

Дәстанлардағы ески сөзлерге түсиниклерди дүзген — *Қабыл Мақсетов.*
Супермұқабаға ағлишанша аннотация жазған — *Бахыт Нурыллаев.*

Ф $\frac{4700000000 - 379}{М - 357(04)97}$ Б — 97

IBSN — 5 — 8272 — 0008 — 5

*Жоқарғы класс оқыўшылары ушын*

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1981, 1984
Қайтадан басылыўы
© «Қарақалпақстан баспасы, 1997.

www.ziyouz.com kutubxonasi




63279

www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертедеги әййем заманында, о Әрепниң халқында, Емен деген журтында. Сулайман тахтына минген, бәршелерди бир көзде көрген, Шаҳидарап пашша* дүнья сүрди. Жасы қырқ беске барды, тоққыз ҳаял алды; я улдан, я қыздан перзент нышан көре билмеди. Пашша турып ойлады, ат басындай сом жүреги қанаға сыймай туўлады: «Дүньясы қурысын нетейин, жасым қырқ беске келди. Тоққыз ҳаял алдым. Я улдан, я қыздан перзент нышан көре билмедим. Темирден ҳаса қолға алып, темирден геўишти кийип Ҳәзирети кәбаға ҳәжире болып кетейин», деген бир қыял пайда болды. Елдиң алды жатқан соң, от қызылы семген соң, алтын тахтан түседи, етекпешин кеседи.

Қәлендер сыпатта болып,
Көшепазлық етеди.
Бәлент көше, пәс көше,
Беглер жүрген тар көше, —
Тар көшени аралап,
Жолға рәўан болады.
Ярым ақшам аўған соң,
Ол қаладан шығады.
Таўларды, қумды аралап,
Шайтанның қайтқан ўақтында,
Периште жүрген шақтында
Бир елатқа келеди.
Көз жиберип Шаҳидарап
Алдына қараса,
Жылтылдаған отлардың,
Бир сағымын көреди.
Пашша турып ойлады:
«Ярым ақшам аўған соң,
Шайтанның қашқан ўақтында,
Периште жүрген шақтында,
Ағзында бар алласы,
Тилинде бар санасы,

---

* Патша.

Дәстанларда бундай сөзлер көп. Оларда өтмиштиң социаллық-экономикалық, әдебий-көркем ҳәм илимий мийрасларын кеңнен таратыў ҳәм терең үйрениў ушын түпнусқа тилинде басып шығарыў әмелге асырылды. Сол себепли бундағы гейпара сөзлердиң жазылыўы ҳәзирги заман орфографиясынан парық қылады. Сондай-ақ ҳәр бир жыраў тәрепинен анаў-мынаў сөзлердиң орфоэпиялық жақтан айтылыў өзгешеликлери де бул дәстанларда сақланған.

Китаптың «Дәстанлардағы гейпара сөзлерге түсиниклер» инде жоқ сөзлердиң аўдармасы бул басылымда редактор тәрепинен бетпе-бет, жеке берилген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зикри сана айтқуўшы,
Дәрўишлер отырады»,
Деген сөзди еситиўим бар еди.
Ағар олар болмаса,
«Бир қәсте-биймарлар,
Отырады», деген сөзди
Еситиўим бар еди.
Агар олар болмаса,
«Жерлер сатқан жалаппаз,
Қарақалшы қумарпаз,
Ата билен енеден,
Хаты-безер алған,
Қашып елиnен шыққан,
Жалатай найсаплар,
Отырады», деген сөзди
Еситиўим бар еди.
Агар олар болмаса,
«Бир лолыларды,
Отырады», деген сөзди
Еситиўим бар еди.
Буннан енди барайын,
Оттан хабар алайын,
Халқым «яқшы» дермекен,
«Яман» дермекен мени».

Аяғын басып аңлап,
Қулағын салып тыңлап,
Отқа жақын келеди.
Ол алдына қараса,
Шаңарағы дәнданпан,
Уўығы бар гүмистен
Босағасын борлатқан,
Керегесин сырлатқан,
Ақбасқур менен туттырған,
Ушыға менен жаптырған,
Мақпалдан туўырлық туттырған,
Үйине тутқан шийлерине,
«Жарасықлы болсын», деп,
Алтын менен гүмистен,
Рәң-бәрең қылып,
Айқастырып байлатқан,
Ақ орданың аўзыны,
Дәл қублаға қаратқан,
Қатар турған 3 отаўды көрди.

Пашша отаўға шийшең үйдиң сыртынан сығалап қарады. Қараса, — қарағай бармақ жез тырнақ, дәли көңилли көз ойнақ, аппақ, юпқа додақ, — отырған 3 пәкизе, хоширей бәрне қызды көрди.

Үлкен қыз турып айтады:

— Сиңлилерим, гәпиме қулақ салың, кеўлимде бир исим бар. Шаҳидарап мени алса, сәўгилик яры қылса, бир пилланың жипегинен, қырқ мың адамға шәдир-шәмен* тамам етип берер едим.

Ортаншы қыз турып айтады:

— Апа, сен биймкар айтасаң. Кеўлимде бир исим бар. Атам ықтыярымды берсе, «кәлегениңе тий» десе, Шаҳидарап мени алса, сәўгилик яры қылса, бир арпаның денесинен қырық мың адамға азық, ат жеми тамам етип берер едим мен.

Кишкентай қыз турып айтады:

— Апалар сизлер биймкар айтасыз. Пашша сизлердиң азық, ат жемиңе, шәдир-шәмениңе мүтәж емес. Бир перзенттиң дағы ушын, бир тырнақтың зары ушын, алтын тахтынан түсип,

* Әскерий шатыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

етек-пешини кесип, қәлендер сыпатында баратыр. Атам ықтыярымды берсе «қәлегенине тий», десе, Шаҳидарап мени алса, сәўгилик ярь қылса, ҳақ миясар көрсе, Бийби Патпа, Бийби Айша, Бийби Мәрьям қолласа, бир кекили алтыннан, бир кекили гүмистен, бир ул менен бир қыз туўып берер едим.

Пашша булардың сөзин еситип ойлады: «Бул заңғардың қызлары қоррада көрип турма, болмаса, ўәлийлик пенен билип тур ма? Я қоррада көрмесе, болмаса ўәлийлик пенен билмесе, «Дөнсе беш, дөнбесе онбеш», деп муннан кейниме қайтайын, барып тахқа минейин. Үшеўи үш адамның қызы болса, үшеўи де мениң пашшалығыма керек екен. Алтын менен гүмиске барабар, теңме-тең, зерме-зер өлшеп алайын. Үшеўи бир адамның қызы болса, «апалы-сиңлиге неке түспейди», деген нақыл бар. Сол кишкентай қызды алтын менен гүмиске барабар, теңме-тең, зерме-зер өлшеп алайын». Пашша адамзатқа билдирмей, ҳайўанатқа сездирмей, ғырра кейнине қайтты. Және тахтына минди. Күн шықты, әлем минаўўар болды. Хан қасында бөрилер, «бөримен», деп жүргенлер, бири метер, бири дийўан, қусбеги, инақ ўәзирлер сәлемге келди. Пашша сәлемлерин әлик алды. Беглерге қарап пашша ақшамғы көрген ислерин — әлинде сазы болмаса ҳәм дилинде сөзи — нешше жерлерден мысал келтирип:

— Хан қасында бөрилер, «бөримен», деп жүргенлер! Бириң метер, бириң дийўан, қусбеги, инақ ўәзирлер! Көргеним сизлерге айтайын, айтпай енди қәйтейин. Елдиң алды жатқан соң, от қызылы семген соң, алтын тахтымнан түстим, етекпешимди кестим. Бәлент көше, пәс көшени аралап, көшепазлық етип, ярым ақшам аўған соң, қаладан шықтым. Таўларды, қумды аралап, раўана болдым. Бир елатқа бардым. Елатты аралап баратыр едим, бир оттың сағымын көрдим. Отқа жақын мен бардым. Уллы бир сарайды, сарайдың алдында қатар турған 3 отаўды, 3 отаўдың ишинде, 3 пәкизе, хоширей бәрне қызды көрдим.

Сарай кимниң сарайы?
Отаў кимниң отаўы?
Қызлар кимниң қызлары?
Хабарын бериң! — деп,
Уәзирлерге буйырды.
Уәзирлердиң ишинде,
Узын бойлы, терең ойлы,
Ақылы дана, гәўҳары шынар,
Бир ўәзири бар еди,
Мунын алымы да көп еди,
Атыны сорасаң,
Томан ўәзир дер еди.
Томан ўәзир арзы етти:
— Тахт үстинде хан ийем,
Журт сораған пашшайым!
Әкелерин сорасаң:
Үлкени еди — Ағымбай,
Ортаншысы — Назымбай,
Кишкенесиниң атыны —
Дәнебай, деп ат берер еди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үлкен қыздың атыны —
Гуландам дер еди,
Ортаншы қыздың атыны —
Гүлсуўым дер еди.
Кишкентай қыздың атыны —
Гүлшара, деп
Айтысатуғын еди.

Шаҳидарап пашшаның ўақты хош болды. Үшеўи үш адамның қызы екенин билди. Сонда пашша сөйледи:

— Сол үш қызды ҳәм маған әперин! Пашшалығыма дәркар екен. Алтын менен гүмиске барабар, теңме-тең, зерме-зер өлшеп алайын.

Пашша Томан ўәзирди қызларға бармаққа жаўшы қылды. Томан ўәзир жайынан турып, атына минди. Қаладан шықты. Ағымбай, Назымбай, Дәнебайдың сарайына келди. Әне буларның бәргасында ҳәрқайсысына бир-бирден «Бай баба», деп, Ағымбай, Назымбай, Дәнебайға қарап Томанның айтқан сөзи:

— Араладым қыядаш,
Ағыздым көзден селли яш,
Бай баба, үйде бар болсаң,
Шығып майданға хабарлаш!
Араладым қыядаш,
Батыр ерде болур саўаш,
Бай баба, үйде бар болсаң,
Майданға шығып сен тилләш!
Дағларды гезген дағшыман,
Салған қусым бар аўшыман,
Улдайын көрген қызыңа,
Жиберген ханнан жаўшыман.
Ақ гиреўке саўытты,
Сеплемеге келгенмен;
Еки қойдың баласын
Телитпеге келгенмен;
Сизлер — темир, биз — көмир,
Еритмеге келгенмен;
Сизде қыз бар, бизде — ул,
Еки бирдей моҳминди,
Емлемеге келгенмен,
*Ашылған бағдың лаласы,*
Тилинде халықтың сәнасы,
Улдайын көрген қызыңа,
Гириптар болды, бай баба,
Еменниң уллы пашшасы.
Еллестирмек — елшиден,
Жаўластырмақ — жаўшыдан.
Садақтан атылған оқ,
Қадалса оған қайтпақ жоқ.
Қыз айттырған жаўшыға,
Арада жүрген елшиге,
Бай баба, ҳәргиз өлим жоқ.
Лалы-маржанлар сәдепти,
Хызметте бағрым кәбапты,
Арада елши жүрмеклик,
Бизлерден емес, бай баба,
Перииштелерден себепти.
Бул дүнья деген ялғанды,
Бай баба, басым аманды,
Арада елши жүрмеклик,
Бизлерден емес, бай баба,
Бурынғыдан қалғанды.
Ертең ерте турасаң,
Атқа ериң қоясаң,
Улдайын көрген қызыңды,
Шахидарап пашшаға,
Апарып, өзиң бересең,
Бай баба, қалай көресең?

Усы сөзлерди айтып, Томан кейнине қайтып кете береди. Енди үш байға ғалаўыт түсти. Үлкени турып былай деди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— «Ханның 9 ҳаялы бар», деп еситиўимиз бар. Тоғызының үстине қызларымызды берип, ботадай бозлатып қойғаннан, көлде жүрсек болмай ма, шөлде жүрсек болмай ма?

Ортаншысы гөдегирек, садарақ адам екен. Ол «Аға, ырас айтасаң», — деди.

Кишкенеси ақылы пүтин, еси тынық, ләби жупқа гәпке услата, бир шаққан адам екен. Ол «Ағалар, «Талайлы менен тарыспа», деген бир сөз бар. Ханға қызымызды берсек, салықтан, бәледен-бәтерден аман, хан атасы болып, қайғысыз дәўран сүрсек, нешик болар екен? Әгар ханға қызыңды берсең — қолыңнан, бермесең жолыңнан алар да кетер, зәрре жерде тиресзениң қалар. Ол нашар, бул нашар, анаў нашар, ҳәр ким ығбалынан көрер», — деди. Бул сөз үшеўине мақул түсти.

Булар жайдан турады,
Атқа жақын келеди,
Омыртқаға он урып,
Саўырысынына төбелеп,
Ыңғыршақ ерди салады.
Ат белине минеди.
Улдай көрген қызларының
Оң қолынан тартады,
Ат саўырысына мингестирип,—
Хан ҳәмири! — қызларын,
Алып жөней береди.
Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан,
Мұннаң да өтип барады.
Терең жылға, терең сай,
Сыпсың питкен қарағай,
Көгершинли көп тоғайды,
Аралап жүре береди.
Аттың жалы жатқанда,
Қабақлары қатқанда,
Атқа салған ыңғыршақ ер,
Жаўырнына батқанда,
Улдай көрген қызларын
Мингестирип келе қалды,
Шахидарап жатқан елатқа.
Болды пирден шарапат,
Шахидараптың елатына,
Ат ойнатып келеди,
Байлар сағыў-саламат.

Дәрўазаға келгенде, Томан ўәзир олардан хабардар еди. Буларды ирикти. Томан ўәзир «Сизлер турың, мен пашшаны көрип келейин», — деди. Байлар дәрўазада қалды, Томан ўәзир жайынан турды. Бәлент көше, пәс көшелерди аралап, хан есиги датқа жай, тар қапылы кең сарай — Шаҳидарап пашшаның дәргасына келди. Ханға сәлем берди. Хан сәлемин алды. Томан ўәзир Шахидарап пашшаға қарап, байлардың келгенлигин айтып, сүйинши сорап гәплей берди:

— Сизни көрип қаўсыраман қолымды,
Раўа көрмейсең маңа өлимди.
Сал қулағың, ешит мениң сөзимди,
Айтайын сизге келген жөнимди.

Тақатың болмайды барып көргенше,
Ақшамғы көрген қызларың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күндиз келди қасыңа,
Пашшайым, бергил сүйинши!

Тақатың болмайды ўәспин айтқанша,
Ақшамғы көрген қызларың,
Күндиз келди бәргаңа
Султаным, бергил сүйинши!

Пашша сонда сөйледи:

— Томан ўәзир, гәпке қулақ сал. Келген байларды иззетлеп, ҳүрметлеп, бир ақшам мийман ал. Таң атқан соң қызларының қалың малын сорап, маған айтып кел.

Томан ўәзир муны ешитип жайынан турды. Ағымбай, Назымбай, Дәнебайдың қасына келди. Байларды атларына мингизип, қызларды ертип, Томан ўәзир бир таза жайға алып барды. Айшы-әширет, сазы-сәўбет, тоққыз түрли таам әлеминаўўар болды.

Ўәзир ертеңине байлардан жол болсын сорады: «Бир ақшам мийман болдыңлар. «Әўели таам, ақыры қалам», деген бир сөз бар. Қәне қызларыңның қалың малын айтыңлар!» — деди. Байлар қызларының қалың малын айтты: «Пашша қызымызды алса, ғәзийнеге барсын. Шуған тәрези қурсын, бир жағына қыз салсын, бир жағына зер салсын. Алтын менен гүмиске барабар теңме-тең, зерме-зер қызларымызды өлшеп алсын».

Томан ўәзир бу сөзлерди ешитип жайынан турды. Келип Шахидарап пашшаға баян етти. Пашша да мақул көрди. Ғәзийнеге барды, ағзыны ашты. Шуған тәрези қурды. Байларды шақырттырып, тәрезиниң бир жағына қыз салып, бир жағына зер салып, бара-бар, теңме-тең, зерме-зер өлшеп алды. Байлардың астына — ат, үстине тон берди, «Жолыңыз болсын».— деп қайтарып қоя берди.

Пашша ойлады: «Қызлар ақшамғы айтқан сөзлеринен табылармекен? Я «дөңсе бес, дөңбесе онбеш», деп айтқан сөзимекен? Ерекке* отаў қурайын, үш қызды үш отаўға қояйын; ақшамғы айтқан сөзлерди булардан тергестирип сорап көрейин».

Пашша ерекке отаў қурды. Үш қызды үш отаўға қойды. Гүландам қыздың үстине келди де:

— Қәне ярым, ўәдеде, опада бармысаң? — деди.

Қыз айтты:

— Ҳаў, ханым, «ўәде» деген не? «Опа» деген не?

---

* Оңаша жерге.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хан айтты:

— Занғардың қызы! Бийдәўлеттиң перзенти! Мен бардым, сен бул сөзди айттың: «Кеўлимде бир исим, бар, Шахидарап мени алса, сәўгилик яры қылса, бир пилланың жипегинен қырқ мың адамға шәдир-шәмен тамам етип беремен», дегениң қәне?!

Қыз айтады:

— Тақсыр, «Ханда қырқ кисиниң ақылы бар болады», деп еди, о бир ялған гәп екен. Сенде қырқ кисиниң ақылы түўе, өзиңе боларлық ақылың ҳәм барлы-йоқлы екен! Өзи бир пилла болса! Шеберирек адамның қолына түссе де, қулаштай жипеги болса да, оннан не шәдир-шәмен тамам болғай, оның тийинде не бир адамлар башпаналап отырғай?!

Пашшаның ашыўы келди, «Жәллат!» — деди. Жәллаты тайын болды. «Муны қаладан қуўып шығарып жибер!» деп пашша дарғазап қылды.

Пашшаплар урып-урып, қаладан қуўып, шығарып жиберди. Енди пашша Гүлсуўым қыздың қасына келди:

— Қәне, ярым, ўәдеде, опада бармысаң?

— О, ханым, «ўәде» деген не, «опа» деген не?

Пашша айтты:

— Әй, занғардың қызы, бийдәўлеттиң перзенти! Мен бардым, сениң: «Кеўлимде бир исим бар. Шахидарап мени алса, сәўгилик яры қылса, ҳақ миясар көрсе, бир арпаның дәнесинен қырқ мың адамға азық, ат жеми тамам етип беремен», дегениң қәне?!

Қыз турып айтады:

— Тақсыр, «ханда қырқ кисиниң ақылы болады», деп еди, ол бир ялған гәп екен. Сенде қырқ кисиниң ақылы түўе, өзиңе боларлық ақылың барлы-йоқлы екен. Өзи бир арпа болса, оны бир пошша торғай жегей; тамағы тоймай және бир қырманды излеп кеткей! Оннан не азық, ат жеми тамам болғай?!

Пашшаның ашыўы келди. «Жәллат!» — деди. Жәллаты тайын болды.. Буны ҳәм урып-урып, қаладан қуўып, шығарып жиберди.

Енди Гүлшараның үстине я барыўына, я бармаўына пашша ҳайран болды. Тәңирге тәўекел етип, жайынан турды. Жағасы алтын, жеңи зер, алты жаббе еңсе тонын жамылып, көкиреги оттай қамылып, жығасын жерге сүйретип, Гүлшараның отаўына жүрис етти. Даргасына келди. Майданда турып пашша Гүлшараға қарап гәплей берди:

— Мени көрип қаўсырасаң қолыңды,
Раўа көрмеймен саған өлимди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сал қулағың ешит мениң сөзимни,
Айтайын сизге келген жөнимди.

Ҳәй, алғаным, алғаным,
Уәде менен опадан хабарың бер.

Сол ўақлары болғанда, нашар жайдан турады. Кийиктей мойнын бурады. «Ассалаўма әлейкум» — деп ханға сәлем береди. Сәлемин әлик алады. Нашар турып арзы етти:

— Тахт үстинде хан ийем,
Алтын башлы әўлийем,
Журт сораған пашшайым,
Дәўлет пенен перзенттиң,
Аның кешлиги болмас,
Қудадан үмитсиз оңбас,
Үмитсиз — шайтан,
Үмитим көп қудадан.

Пашша муны ешитип ўақты хош болды. Гүлшара атлы нашардың некесин қыйды. Алтын тахтың үстинде, сарай ишинде Гүлшара менен Шахидарап алты ай дәўран сүрди. Бир қуданың қудирети, ханның ықласы — нашардың бойында алты айлық ҳәмиле пайда болды. Пашша турып ойлады, ат басындай сом жүреги қанаға сыймай туўлады: «Жасым қырқ бешке келди, тоққыз ҳаял алдым, ингалаған баланың даўысы түўе, маңыраған ылақтың даўысын еситпеген бир сорлы хан едим. Алғаным Гүлшара бир күни ул яки қыз туўса, мен бийшара я қуўанып кетемен бе, я бийтақат болып жүрегим жарылып өле қаламан ба? Дүньясы қурысын нетейин, бул журтты талақ етейин, туғырдан тарлан қус алып, аўлар салып, шарлап, «Уллы-қызлы болдың», деп сүйинши сорап бара ғойса, алтын тахтымды, малы-мүлкимди, соған инам етейин».

Аўлар салып, шикарлап пашша кетпекши болды. «Пашша қус салып кетеди», деген хабар келди Гүлшараға. Гүлшара жайынан турды, пешин белине салды. Шаҳидарап пашшаның тойханасына келди. Қус салып кетейин деп турған пашшаның алдынан шығып, қолын көксине қойып, бир-еки аўыз сөйлей берди:

— Сени көрип мен йығлайман зар-зар
Нашарлықтан ғәрип кеўлим бийқарар,
Сал қулағың ешит мениң сөзимди,
Алғаныңның айтар саған арзы бар.

Бул басында тилла жыға тажың бар,
Бир қудадан беш ўақ намаз парызың бар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сал қулағың, ешит мениң сөзимди,
Алғанының айтар саған арзы бар.

Шаппай, желмей бул майданда майырар,
Ушпай, желмей қанатыңнан қайырар,
«Күндес» деген йетти душпан бириди,
Сизлер кетсең перзентиңнен айырар.

Ушып бүлбүл зағлар қонар лашыма,
Алла рәҳим әйлегей көзде яшыма,
«Күндес» деген йетти душпан бириди,
Сенлер кетсең күндес жетер башыма.

Кийген липасларым жетпес дизиме,
Нашарлықтан сепкил дүшти йүзиме,
«Күндес» деген йетти душпан бириди,
Ким қәўендер болар мениң өзиме?!

Пашша ойлады: — «Қараман ағаш қатты ағаш, ийилгени — сынғаны, ҳаялдың тилин алғаны — ғош жигиттиң өлгени. Мен ҳаялдың тилин алсам, шикарымды қойсам, пашшалыққа миясар болмас. Мунның хызметине ақыретти ойлаған бир мүсәпирлеў бир адамды қойып кете берейин». Пашша қыял етип, «бир мүсәпирлеў адам табайын», деп көшени аралап кетти.

Тоққыз ханым Гүлшараның ханға жылап турғанынан хабардар еди.

Журтта мәстан мама деген бар еди. Маманың жәдигөйлиги соншелли, жоқта болса — байытар еди, байда болса — құртар еди. Мәстан маманы 9 ханым шақырып алды. Мама келди, «Балларым, не хызмет?» — деди. 9 ханым айтты:

— Мама, хызмет: Гүлшара ханға жылап турыпты. Пашша бир мүсәпирлеў адамды излеп, көшеге шықты. Сен со пашшаның алдынан шығып, Гүлшараның хызметине алынсаң, сениң менен есабымыз келер, мама.

Мама айтады: «Жылқыда шаңқан бозгенәм, ағзыма алған сөзгенәм, о ериннен ғам жеме, насыбай пулдан мамаңа хабарың бер, қызгенемлер».

9 ханым айтты: «Әй мама, дүнья үдейинен ғам жеме, дүнья табылады».

Мама 9 ханымнан жуўап алды ҳәм көшеге шықты. Маманың пашшадан хабары бар. Пашшаның мамадан хабары жоқ. Мама төте жолларды алды, сол пашшаның алдынан шықты. Пашша қарады — маманы көрди. Мамаң қарады — пашшаны көрди. Мама өп-өтиригине жылап келе берди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бийганаман, бийгана,
Бахты қара дийўана,
Перзентинен айрылған,
Ялғаншы пәний дүньяда.
Бармекен мендей бийшара?!

Шаппай-желмей майрылдым,
Жез қанаттан қайрылдым,
Қуда берген перзентимнен,
Көп күн болды айрылдым.

Сонда пашша сөйледи: «Мама мында кел. Гәпиме қулақ сал. Арзыў-әрманлық пенен алған Гүлшара ярымның хызметине бар. Ақ жүзли, абырайлы болағойсаң, көп-көп инам беремен. Мен келгенше мамажан, хызметинде бол». Маман турып сөйлейди: «Өткинши босаң өтебер, өткен дәртимди қозғама. Жолаўшы болсаң жолыңа түс, жойылған дәртти излеме. Белимнен мәдет кетти, дизимнен қуўат кетти. Көзиме гиреўке көринесең сен, таныммайман ким болдың сен, хабарыңды бер?». Пашша және сөйледи: «Танымасаң бизлерди — Еменниң уллы пашшасы Шахидарапшаман мен».

— Әй перзентим, бизики қустанашылық болған екен-ғо. Бу хызметиң бизден питсин, — деп мама пашшадан жуўап алды, пешин белине салды. Жуўырып-жуўырып Гүлшараның баргасына келди. Гүлшара қарады. Қараса — жүзи жансыз, өзи иймансыз, биреў көзине көринди. «Мына адамың жарамайды», деп айтайын десе, айбатлы, саўлатлы, әдалатлы уллы ханнан қорқады; айтпайын десе, мама қараған сайын, көзлери жети жүйесинен өтип баратыр.

Нашардың жаны қалмады. Енди тәңирге тәўекел етти. Маманы хызметинде сақлап қала берди. Пашша туғырдан тарлан қус алып, шикарға кетти.

Гүлшараның тоққыз ай, тоққыз күн, тоққыз сааты питти. Шул дарийқа ишинде алтыннан бақан көмдирип, тилла жүўен кердирип, толғаққа мәйил болды. «Я дәскери пана, я бир пири дарға, я ятқан қәдир-алла, мен нашарды қолла», — деп толғата берди Гүлшара.

Сарғаяды, солады,
Бағры оттай күйеди,
«Өйбей өлдим, мама» — деп,
Сол жүўенге асылып,
Толғата берди Гүлшара.
Жайдай бели бүгилди,
Көзинен яшы төгилди,
Толғақ тутқан ўақтында,
«Өйбей өлдим, мама», — деп,

Толғата берди Гүлшара.
Толғақ жаман өрледи,
Ақ маңлайы терледи,
Көкиректиң аўзына,
Ентигип, деми тирелди.
«Өйбей өлдим мама», — деп,
Сол жүўенге асылып,
Толғата берди Гүлшара.
Тоғыз бирдей ханымлар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғанымлығын билдирди,
«Ул тапқанды көрейик,
Қыз тапқанды көрейик,
Отырған йерин занғардың,
Өзине зиндан етейик»,—

деп секирип жайларынан турды. Көшелер аралап Гүлшараның баргасына келди. Ҳәммеси керегеден өрмелеп, жабыққа келди. Жабықты көтерип қараса — толғатып атқан Гүлшараны көрди. Гүлшара да қарады: 9 ханымды көрди.

9 ханымға қарап Гүлшара жалынып гәплей берди:

— Атлар шапмыш бул майданда, дейишлер,
Қуда әмири — бизге болған бу ишлер,
Мендей нашар жамалыңнан айналсын,
Сығалай берме, 9 ханым-бийбишлер.

Сығалай берме бул майданда, дийишлер,
Қалды бизден бурынғы енди йуришлер,
Мендей нашар жамалыңнан айналсын,
Сығалай гөрмең 9 ханым-күндеслер.

Шаппай, желмей, бул майданда майырма,
Ушпай, желмей қанатымнан қайырма,
Мендей нашар жамалыңнан айналсын,
Шаҳидаранты перзентимен айырма.

Ушып бүлбүл, зағлар қонар лашыма,
Алла рәҳим әйлегей көзде яшыма,
Мендей нашар жамалыңнан айналсын,
...Ақырында сизлер етерсиз башыма.

9 бирдей ханымлар қарамады жүзине, қулақ аспады сөзине. Жабықты бурынғыдан бетеррирек түрди. Шамалдың номайын берди. Ғанымлығын билдирди. Кереге ден жерге түсип, Гүлшараның ордасына тоққызы ҳәм тола кирди. Бул қуданың қудирети: бир кекили алтыннан, бир кекили гүмистен, басы алтын, қолы мыс, бир ул менен бир қыз, «ингалап» жерге түсти. 9 ханым қарады — ул менен қызды көрди. Тәнде жаны қалмады. Олар жуўырып далаға шықты. Мәстан маманы шақырып алды. Мама келди:

— Не хызмет?

9 ханым айтады:

— Гүлшарадан туўған бала емес, бәле екен, жанбайтуғын шала екен, мунның илажын өзиң көре гөр, мама.

Мама айтады:

— Жылқыда шанқан бозгенем, ағзыма алған сөзгенем, бул баллардан ғам жеме. Насыбай пулдан мамаңа хабарын бер, қызгенемлер?

9 ханым айтты:

— Мама бир ләген тиллә байрағың бар.

«Бир ләген тилланы» еситип («Алтын көрсе перишге жолдан шығады» деген), маманың ўақты хош болды. 9 ханым жөнине кетти. Мама бийҳуш-дәрини қолына алып, Гүлшараның қасына келди.

— Айналайын Гүлшара
Үйирилейин Гүлшара,
Әжийне айналдырып,
Зыяның қыстап журмесин,
Көзиңди аша гөрме,
Жумагөр, бийшара, —

деп, бийҳуш-дәрини Гүлшараның мурнына ийискетти. Шул дәриден бәҳәр алып, еси аўып, көзи тынып, Гүлшара жығылып қалды. (Ҳаял толғатқанда еси аўмақ, көзи тынбақ Гүлшарадан қалды).

Маман көшеге барды. Көзин ашпаған бир күшик, бир пышықтың баласын маман тайын қылды. Буларды әкелип, Гүлшараның тийине таслады:

— Шыбығыннан шырпылып,
Қыршынынан қырқылып,
Жүўернемек болғыр, — деп,
Балаларды қолына алып,
Маман далаға шықты.

Көшелерди аралап, балаларды маман алып келе берди. Пашшаның «Занжирли» сарҳаўызы бар еди. Сарҳаўыздың бойына келди. Еки бирдей балларды қолына услап, аяғын жоқары көтерип, басын төмен қаратып ҳаўызға таслады:

Еки бирдей нәресте,
«Я ҳараман, я гүжим.
Я бир самен, я бир суў», деп,
Суў тийине жөнеди.

Суў атасы Сулайман суў зәлелин тийдирмей, балық киби туўлатып сақлай берди балларды.

Маман балларды суўға таслады. Пешин белине шалды, жуўырып-жортып Гүлшараның бәргасына келди. Келип қараса еле бийҳуш болып жығылып атырған Гүлшараны көрди. Мама мүшки-анбар дәрини қолына алды, Гүлшараның қасына барды, басын сүйеди:

— Айналайын, Гүлшара,
Үйирилейин, Гүлшара,
Әжийне айналдырып,
Зыяның қыстап жатыр ма,
Көзиңди жума көрме,
Ашагөр бийшара, —

деп, мүшки-анбар дәрини мурнына қуйды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шул дәриден бәҳәр алып, ҳуўышына келип, көзин ашып қараса, ийт пенен пышық баласының тийинде ыңырсып атырғанын көрди. Нашардың жаны қалмады. Есиктен төрге, төрден есикке аўнап, Гүлшара нешше ерлерден тымсал келтирип, мамаға жылай берди:

— Сени көрип мен жылайман зар-зар,
Нашарлықтан ғәрип кеўлим бийқарар,
Сал қулағың, ешит мениң сөзимди,
Бир кәлийма сорар сеннен сөзим бар.

Қайғыў менен басқа салған ғулпетим,
Бул мийнеттен азат еткей қүдиретим,
*Үйиң күйсин наймыт өлгир, мамажан,*
Көринбейди қуда берген перзентим.

Шаппай-желмей бул майданда майырдың,
Үйиң күйсин, наймыт өлгир, мамажан!
*Қуда берген перзентимнен айырдың,*
Үйиң күйсин наймыт өлгир, мамажан!

Ашылмай он гүлимнен бир гүлим,
Оларға келген маған келсин сум өлим,
Үйиң күйсин, *наймыт өлгир мамажан,*
Көринбейди мениң еки қулыным.

Мама айтады:

—Айналайын, Гүлшара,
Үйирилейин, Гүлшара,
Муннан басқа «баланды»,
Көргеним жоқ мен сирә,
Қуда берген «перзентке»,
Қайыл болғыл бийшара.

Гүлшара айтады:

— Қуда бергени бул емес,
Қуда берген перзентти,
Қай жерлерге жоқ еттиң?
Хабарын бер тезирек!

Мама айтады:

— Гүлшара, арқам қубла болсын, қублам арқа болсын, Олла-биллә, алла-жалла, муннан басқа «баланды» көргеним жоқ.

Гүлшара инанайын десе — болмады, инанбайын десе — ийт пенен пышық баласы — ыңырсыған сайын нашардың жаны қалмады. Нашар турып ойлады: «Мен буларды өлтирсем, те-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рен қазып тепкилеп көмсем, ертең Шахидарап келсе, «Қәнекей улы-қызың», — десе. 9 ханым ант ишер, тутылмас олар; «Еки баланы туўып еди», — деп ашып берер. «Адамзат әўлады ийт пенен пышық баласын туўады», — деп ықрар болса бәршеси, онда отырған жеримди өзиме зиндан қылар. «Туўмайды», десе ўәзирлер, еки бирдей баламның дерегин пашшадан соратайын».

Кеўили келсе емизди, кеўили келмесе ырғытты. Ийт, пышық баласын қоя берди сыңсытып.

* * *

Енди сөзди Шаҳидарап пашшадан еситин.

Сарғаяды, солады,
Бағры оттай күйеди,
Уллы я қызлы болдың, деп,
Сүйинши сорап келер, деп,
Күнбе-күн жолға телмирип,
Кейнине қарады.

9 айы, 9 күни 9 сааты питти. Ҳешким кейнинен сүйинши сорап бармады, ханнан инам алмады. Пашша кейнине қайтты. Кеше жатпай, күн тынбай, Шаҳидарап қаланың сыртында бир ақшам миймаң болды.

Ярым ақшам аўған соң,
Шайтанның қашқан ўақтында,
Периште жүрген шақтында,
Пашша бир әжайып түс көрди:
«Аяқ баўы ғуббалы,
Ғуббаның түби шашақлы,
Шашағы тола моншақлы.
Тилла туғыр үстинде,
Бир суңқары бар еди;
Гүмис туғыр үстинде,
Бир туйғыны бар еди.
Суңқар менен туйғыны,
Аяқ баўын қыяды,
Аспан-пәлек самаға,
Пәрўаз әйлеп ушады.
Пашша муны көреди,
Далбайды, қолға алады,
Ары-бери шақырды,
Шақырғанға келмеди,
Арадан 24 жыл өткен соң,
Суңқары менен туйғыны,
Тәўеллесиз туғырға,
Өзи келип қонады».

Пашша муны көреди.
«Суңқар» деген ул еди,
«Туйғын» деген қыз еди.
Алғаным мениң Гүлшара,
Бир ул менен бир қызды,
Туўған екен бийшара,
Туўса да улы-қызы өлген екен.

«Ене 24 жылдан бир уллы, бир қызлы боламан екен», деп пашша муны жорыды.

Күн шықты. Күн шыққаннан кейин жайынан турып, қәлпелерин ертип, қалаға пашша жүрис қылды. Дәрўазаға жақынлап келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн сәске болды. Пайғамбар жасына барған, үни тарғыл, сақалы буўрыл болған, төринен гөри жақын бир баба — белинде арқаны, қолында балтасы — қаладан отынға шығып киятырған екен. Пашша ойланды: «Бабаға барайын, әлемде не гүррин бар екен, бабадан сорайын». Бабаның қасына келди. Баба сәлем берди. Пашша сәлемин әлик алды. Пашша бабадан сорады: «Баба мында кел, гәпиме қулақ сал. Әлемде не гүррин бар, билесең бе сен?». Баба айтады: «Әлеминди билмеймен. Әлемиңе қулақ салып, я бир метер, я бир инақ болмайман. Сениң әлемиңнен хабарым жоқ». «Сен әлемди билмесең, ханның арзыў-әрманлық пенен алған Гүлшара яры не туўды екен, билесең бе сен?» — деди. Гөдегирек, садарақ бир баба екен, «Ханның әрманлық пенен алған яры Гүлшара бир пышық пенен бир күшик туўды, деп халық айтады. Мен көргеним жоқ», — деп ханға жалп еткизип айта салды.

Сол ўақлары пашшаның
Ҳуўышы басынан кетти.
Ҳуўыш басынан кеткен соң,
Жайдай бели бүгилди,
Көзиниң жасы төгилди.
Ат мойныны қармалап,
Пардақ таслап жығылды.

Бир майдан бийҳал болып турды. Соң пашша ҳуўшына келди. Сөйтип атына минди. Бабаға «Ағзыңа даш, баба, екинши бу сөзди айтпа», — деди. Баба отынына кетти. Қәҳәр етип пашша қалаға кирди.

Бәлент көше, пәс көше,
Беглер жүрген тар көше,
Айналыш көше, кең көше, —
Аралап келе берди.
Қалада қалған
Алпыс еки ҳәмелдар,
Тоққыз ханымнан,
Ҳешбири пашшаға,
Ҳармасынға шықпады.

Пашша тилла сарайға келди. Атты хызметкердиң қолына берди. Келип алтын тахтына минди. Сәлемге, ҳармасынға ҳешбир адам келмеди. Пашша ойлады, бир саўданың барын билди; «Гүлшара кеўли қалмаған, сөзи өлмеген бир яқшы ярым еди. Үстине өзим барайын. Ийт пенен пышық баласын туўғаны ырас болса, отырған орнын өзине зиндан қылайын», деп тахтынан түсип, Гүлшараның ордасына жүрис етти. Гүлшара шийшең үйдиң сыртынан қарады — пайыў-пияда киятырған Шаҳидарап пашшаны көрди. Нашар турып ойлады: «Ўа дарийғ! Шаҳидарап пашша келсе, есикти түрип қараса ийт пенен пышықтың баласын көрсе, отырған жеримди зиндан қылады... Көзимди жумайын, көкирегим ояў болсын. Пашша ке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

-лер, ийт пенен пышықтың баласын көрер, мени оятар. Оятқан соң арзымды айтайын». Көзин жумды. Көкиреги ояў болды. Пашша келди, есикти түрип қарады. Ийт пенен пышықтың баласы, тоқсандағы қатқан муздан жүргендей, сырғанақлап, тайғанақлап, Гүлшараның көкирегинде тайып-түсип атырғанын көрди. Сол ўақытта пашшаның ырайы бад болды. Гүлшараға қарап бир-еки аўыз гәплей берди:

— Араладым қыядаш,
Ағызыпсаң көзден яш.
Алғаның келди — Дарапша,
Турғыл орныңнан хабарлаш.
Тилинде тилла-яқыты,
Келип тур енди бәргаңа
Еменниң уллы пашшасы,
Ашылған бағдың лаласы.
Тилинде ҳақтың сәнасы,
Келип тур енди бәргаңа,
Еменниң уллы патшасы.
Турғыл тебиреңгил жайыңнан,
Ийт пенен пышықтың анасы.
Он төрттен туўған айыңыз,
Жәннеттен болғай жайыңыз,
Қутлы болсын алғаным,
Еки бирдей «улыңыз».
Минген бедеўлер желмесин,
Көрген дәстан қылмасын,
Қутлы болсын алғаным,
«Перзентиң» қаўып жүрмесин.
Қаўып алмасын күшигин,
Тырнап алмасын пышығын,
Турғыл тебиреңгил жайыңнан,
Ийт пенен пышықтың енеси.

Сол ўақлары болғанда,
Нашар жайдан турады,
Кийиктей мойнын бурады,
Әлиплам қолын қаўсырып,
Ханға қарап арзы етип,
Йығлап сөйлей береди:
— Мен йығлайман зар-зар,
Айтар сөзде кемлик бар,
Сал қулағың, гәп тыңла.
Алғаныңның тыңласаң,
Айтар саған арзы бар.
Бул басында хан ийем,
Тилла жыға тәжиң бар
Яратқан қәдир-алладан,
Бес ўақ намаз парзың бар.
Сал қулағың, гәп тыңла.
Алғаныңның тыңласаң,
Айтар саған арзы бар:
«Қаршыға қустың баласы,
Қайыңда болур уясы,
Қайың басын жел қақса,
Қайғыда болур енеси,
Гәҳи көлде өлди ме,
Гәҳи шөлде қалды ма,
Алғаныңның баласы?
Ийтелги қустың баласы,
Жылғада болар уясы.
Жылға түбин суў алса,
Жылап кетер енеси.
Аспанға ушса анасы,
Жерге тамар көз жасы,
Гәҳи көлде өлди ме,
Гәҳи шөлде қалды ма,
Алғаныңның баласы?
*(«Түсесең бе атасы,*
*Түспейсең бе дәдеси», — деп*
*Ийт пенен пышық баласын*
*Ҳайяллайды енеси)*
Қара қустың баласы,
Еменде болар уясы.
Емен түбин қурт алса,
Жылап кетер енеси.
Аспанға ушса кәбасы,
Жерге түсер саясы,
Гәҳи көлде өлди ме,
Гәҳи шөлде қалды ма,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алғанынның баласы?
*(«Түсесең бе атасы,*
*Түспейсең бе дәдеси» — деп*
*Ийт пенен пышық баласын*
*Ҳайялады енеси)*
Жапалақ қустың баласы,
Жантақта болар уясы,
Жантақ ушын от алса,
Жылап кетер анасы,
Гәҳи көлде өлди ме,
Гәҳи шөлде өлди ме,
Биз ғәриптиң баласы?
*(«Түсесиз бе атасы,*
*Түспейсиз бе дәдеси»— деп*
*Ханға қарай йығлай берди,*
*Гүлшара атлы енеси)*
Ағзында барды алла,
Барды тилинде кәлийма,
Басында барды сәржыға,
Көңлинде қәдир-алла.
Сулайман киби пашшам,
Журтында барды улама,
Уламаны жыйнайсаң,
Қоррандозды жыйнайсаң,
«Адамзаттың әўлады,
Ийт пенен пышық баласын
Туўады», — деп тилинде,
Ықрар қылса бәршеси,
Отырған мениң жеримди,
Өзиме зиндан қыласаң,
«Туўмайды», — десе ўәлийлер,
Еки бирдей перзентимниң
Дәрегин сорап көресең.

Пашша муны еситти, сөз мақул болды, ғырлап кейнине қайты, келип тахтына минди. Алтмыш еки ҳәмелдар, отыз еки мөҳирдар, хан қасында бөрилер, «бөримен» деп жүргенлер, пашшаға келип сәлем берип алдында турды.

Пашша «Уламаны қозғап нетейин, қоррандозды қозғап нетейин?! Усы алтмыш еки ҳәмелдардан-ақ сорап көрейин», деп қыял етти де:

— Хан қасында бөрилер,
«Бөримен» деп жүргенлер,
Бириң—метер, бириң—дийўан,
Қусбеги, инақ, ўәзирлер,
Қәне, адамзат әўлады,
Ийт пенен пышық баласын,
Туўғанлығын көрдиңиз бе?
Болмаса еситип-билдиңиз бе?
Хабарыңды бериңлер, —

деди. «Көргенимиз жоқ, билгенимиз жоқ», деп айтайын деп отыр еди олар, лекин 9 ханымның астыртын айтқаны бар: ««Қудай қарғағаны — тәңир урғаны. «Ийт пенен пышық түўе, ҳәр түрли мақлуқ туўады», деп айтысады адамлар», десиң патшаға: 2 ләген тилла инамым бар және өзлериңди ўәзири-ағзам етемен».

«Алтын көрсе перишге жолдан шығады» деген. Ўәзирлер «Тақсыр, қудайдың қарғағаны тәңирдиң урғаны ийт пенен пышық баласын да, туўады, деп халық айтады», — деди. Пашша айтты: «Онда Гүлшараның обалы мойныңызға болсын ба?». Биреўи турып айтады: «Өзи бир шаппаттай нашар, оның гүна-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сын, обалын өлшегенде адамға тарыдайдан да жетиспес. Құдайымның алдында бирин еки етип алсын. Екеўин үш етип алсын, үшеўин төрт етип алсын. Егер усы гәпимиз ялған болса, таңла қыяметте Гүлшараның көрген қысыўмети, обалы, ҳақ қаны бизлердиң мойнымызға болсын».

Пашша буны еситип, 9 ханымды шақырып алды. Пашша ханымларға айтты: «Ханымлар келиң, гәпиме қулақ салың. Жақсының кийимин алғаны, геллесин алған менен барабар болады. Гүлшараның үстиндеги липасын шешкенин шешиң, шешпегенин кесип алың!». Пашшапларға буйырды: «Кимде-ким оған бир уртлам суў берсе, бир тислем нан берсе, өзи өлимде, малы талаўда, деп қалаға жар урын!».

9 ханымның шайтаны семирди. Тоғызы 9 қамшы алды. «Үзилеғоя ма», деп қамшыны суўға салып жибитти. Ханнан жуўап алып, Гүлшараның бәрғасына келди:

— Нәўбет сеннен өтти,
Гезек бизге жетти, — деп,
Гүлшараның үстиндеги
Липасын шешкенин
Шешип алды,
Шешпегенин кесип алды.
Қамшы урды мойнына.

Қан сорғалады қойнына,
Қанлар қатты шашына.
Ханымлардың қәҳәринен,
Қамшыларының зәҳәринен.
Дәрўазаға келгенде
Ҳәр ханымға қарап Гүлшара
Бир-еки аўыз гәплей берди:

— Сени көрип мен йығлайман зар-зар,
Нашарлықтан ғәрип кеўлим бийқарар,
Сал қулағың, ешит мениң сөзимди,
Мен нашардың айтар саған сөзи бар.

Атлар шаптым бул майданға, дийишлер,
Тилге түспес, динге мүңкир дүйслер,
Мендей нашар жамалыңнан айналсын,
Ура берме тоғыз ханым-бийбишлер.

Көллерден ушырды қоңыр ғазымды,
Енди барып кимге айтарман арзымды,
Үйиң күйсин тоғыз бирдей ханымлар,
Таўып бергил улым менен қызымды!

Түсимде пирлерим қалмайын келген,
Қол көтерип бизге пәтия берген,
«Қызыр Ильяс мен», деп хабарын берген,
«Аты Шәрияр», деп пидә әйлеген,
Таўып бергил Шәриярдай улымды!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түсимде пирлерим қалмайын келген,
«Бийби Патпа, Бийби Марьямман», деген,
«Аты Әнжим», дейип нидә әйлеген,
Таўып бериң Әнжим пери қызымды!

Жерди-көкни халық әйлеген құдайым,
Зар жыласам төгилмей ме гүнайым,
Үйиң күйсин тоғыз бирдей ханымлар,
Қайда-қайда Әнжим билен Шәриярым?

Тоғыз бирдей ханымлар
Ғанымлығын билдирди
Қарамады жүзине,
Көзге илмеди сөзини,
Қамшы урды мойнына —
Қан сорғалап қойнына,
Қанлар қатты шашына.

«Кимде-ким Гүлшараға бир уртлам суў, бир тислем нан берсе, өзи өлимдар, малы талаўда», — деп қалаға жар урылды. Сөйтип, Гүлшараны қаладан қуўып шығарып жиберди, 9 ханымның шайтаны семирип, наятта мәс болды.

Пешин белге. шалады,
Таяғын қолға алады,
Өрме қумды өрмелеп,
Еспе қумды еспелеп,
Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан,
Таўды, қумды аралап,
Жолға раўан болады.
Бир күн жүзи толады,
Ел таппады Гүлшара.
Еки күн жүзи толады,
Ел таппады Гүлшара.
Үш күн жүзи толғанда,
Бир елатқа келеди.
Қәлендер болып Гүлшара,
Хәр есикке барады.
«Бийғанаман, бийғана,
Бахты қара дийўана,
Перзентинен айрылған,
Ялғаншы пәни дүньяда.
Бармекен мендей мүптала?
Шаппай-желмей майрылдым,
Жез қанаттан қайрылдым,
Қуда берген перзенттен
Көп күн болды айрылдым.
Уртларыма суўым жоқ,
Шайнарыма наным жоқ,
Қайры қуда нан бер», — деп,
Хәр есикке келеди.
Хешким нанды бермеди,
Хешким суўды бермеди.
Бул қаладан шығады,
Алты күн жүзи толады,
Таўларды, қумды аралап,
Жолға раўан болады.
Жети күн жүзи толады,
Жети күн жүзи болғанда,
Ишерине суў таппай,
Жемегине нан таппай,
Келе берди зар жылап.
Және бир елатқа келеди.
Жайдай бели бүгилди,
Көзинен яшы төгилди,
Уртларына суўы жоқ,
Еси аўып, көзи тынып,
Шайнарына наны жоқ.
Пардақ таслап жығылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир заман бийҳуш болып жатты. Демин алып еди, таңлайы жибиди. Көзине рәўшан енди. Ҳуўышына келип, дөгерегине қараса — бир тандырдың басында бири отын жаққан, бири суўын сепкен, бири нанды жасаған, биреўи писken нанды алған, биреўи апарып дастурханға салған тоғыз бирдей кәнизек ҳәр қайсысы бир исте турғанлығын көрди. Нашар жайынан турып, тандырдың басына келип, қайыр-қуда нан сорап, бир-еки аўыз гәплей берди:

— Атлар шаптым бул майданда, дийишлер,
Қуда ҳәмири бизге болған бу ишлер,
Шаппаттай нан қайыр-қуда бериңлер,
Тандыр басындағы турған кәнизлер.

Атлар шаппыш бул майданда, дийишлер,
Каллы бизден бурынғы енди жүришлер,
Шаппаттай нан қайыр-қуда бериңлер,
Тандыр басындағы турған биййбишлер.

Шаппай-желмей бул майданда майрылдым,
Ушпай-желмей қанатымнан қайрылдым,
Шаппаттай нан қайыр-қуда бериңлер,
Қуда берген перзентимнен айрылдым.

Ушып бүлбил зағлар қонар башыма,
Алла рәҳим әйлегей көзде яшыма,
Шаппаттай нан қайыр-қуда бериңлер,
Өлип қалсам қонар ғарға лашыма.

Тоққыз бирдей кәнизлер,
Қарамады йүзине,
Тыңламады сөзини,
Нанларын жыйнап алып,
Дастурханға салып,
Кете берди жөнине.

9 бирдей кәнизлер үйине қайтып кетти.

Нашар жайынан турды Тандырдың басына келди. Тандырға келип қараса, арқасы қатқан, аққан нанларды көрди. Гүлшара бул нанларды жыйнап алды, етегине салды. Тандырдан жырағырақ шығып, аш болған биййшара аққан, тамған нанларды ура берди.* Бу күйик, қатқан нанларды жеп, еки белине—күш, дизине медет енди. Көзине рәўшан пайда болды. Дөгерегине қарады. Дөгерегине қараса, бир пақсасы —қола-

* Жей берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

дан, бир пақсасы—гүмистен, бир пақсасы—алтыннан, бир пақсасы зербарақ, гүнирасы шамшырақ қаланы көрди.

Бул Томан ўәзирдиң қаласы еди. Қаланы көрип, жайынан турып, Гүлшара йуриш етти. Қалаға жақын келип, дәрўазаға барды.

Бир қарындасы өлип, қайғыланып, аза тутып, Томан ўәзир қаласында жатыр еди. Гүлшара дәрўазаға келип, мысалы қәлендер болды; «*Ҳуў*»,—*деп шейдилла тартып* «аҳ» шекип, көшени аралап келе берди:

— Бийганаман бийгана,
Бахты қара дийўана,
Перзентинен айрылған,
Ялғаншы пәни дүньяда,
Бармекен мендей бийшара?
Шаппай-желмей майрылдым,
Жез қанаттан қайрылдым.
Қуда берген перзентимнен
Көп күн болды айрылдым.

Гүлшараның ҳаўазы Томан ўәзирдиң қулағына *барды*. Томан ўәзир ойлады: «Хош ҳаўазлы, шийрин сөзли бир қәлендер қалама келе ғойды-ғо? *Муннан барайын қәлендерди* көрейин. Қәлендерге бир-еки аўыз ғәззел айттырып, кеўлимди көтерип қайтайын». Жайынан турды. Томан ўәзир көшеге шықты. Қараса «ҳуў», деп шейдилла тартып киятырған бир қәлендерди көрди.

Көз жиберип қараса,—
Қарындасы Гүлшара!!!
Аққан яшы көл болып,
Жағалары сел болып,
Көзиниң жасы мөлтилдеп,
Қос бүйреги солқылдап,
Қәлендер болып,
Киятырған Гүлшараға
Көзи түсти.

Томан ўәзир Гүлшараны танып, оған қарап гәпледи:

— Ашылғанда қызыл гүлиң солды ма?
Әжел жетпей *шул пайманаң* толды ма?
Биз қаладан кеткен соң,
Тоққыз бирдей хапымнан
Саған зәлел келди ме?

Гүлшара оның қарамады жүзине, бермеди итибар сөзине:

— Шаппай-желмей майрылдым,
Жез қанааттан қайрылдым,
Қуда берген перзентлеримнен
Көп күн болды айрылдым.
Өткинши болсаң өтебер,
Өткен дәртимди қозғама.
Жолаўшы болсаң жолыңа түс!
Мениң менен не исиң бар?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң дәртимди қозғама!
Ашылған бағда лаламан,
Гә тасып, шөлде жанаман,
Сорама мениң дәртимди,
Перзентимнен айрылған,
Мен бир бахты қараман!

Гүлшара жөнине кете берди. Томан ўәзир Гүлшараның есаўан болғанлығын билди. Қейнинен жетип алып, оны ўәзир өзиниң тойханасына жетелеп алып келди. Әкелип, бир пәкизе жайға алып барып, Гүлшараны отырғызды. Алдына нан қойды, үстине тон берди. Берген нанын Гүлшара жемеди, берген суўын—ишпеди, берген тонын киймеди. «Әнжимим, Шәрияржан»,—деп жылады. Томан ўәзир ойлады: «Хан жаманлық еткенде басгенемди алады. Егер мен буған жаманлық етеғойсам, қыяметте оның ҳақ қаны мениң мойныма болады.

Есик алды теректи,
Пәсең қылма жүректи,
Буған мен жаманлық етсем,
Қыяметте бир қудаға
Бере алмаспан жуўапты.

Қарындасымның орнына Гүлшараны қарындас қылып сақлай берейин».

Томан ўәзир Гүлшараны қарындас етип сақлай берди.

* * *

Енди сөзди 9 ханымнан еситиң. 9 ханымның бир хызметкер қәнизеги бар екен. Күндеги азандағы қумар шайға бир дүң суўды ол ханның ҳаўызынан алып келетуғын еди.

Қәнизек ерте турды. Тилладан дүнди арқалап «Занжирли» сарҳаўыздың бойына барды. Дүнди жерге қойды, суўға қотарып, толтырып, майданға шығарып қойды.

Арқадан даўыл турды, қәнизекти қуда урды, «Меннен жақсы адам бар ма? Бастан сыйпар байым бар ма? Қарар айнам бар ма? Басыма ораған әйўан қасым бәлентпекен, пәспекен, қыйсықпекен, дузиўмекен? Хоширеймекенмен я нахоширеймекенмен? Суўға өзимди бир қаратып көрейин», деп қыял қылды. Келип суўға қарады, суўға қараса:

Қарағай бармақ,
Жез тырнақ,
Дәлли көңли,
Көз ойнақ,
Ап-аппақ.
Юпқа додақ

бир хоширей қәнизек көринди. «Ҳаў, мен суўға қарап едим, суўда хоширей көринип, бир сулыў қәнизек болдым-ғо. Енди дүңдеги суўды көрейин», деп қыял етти. Дүнге қарады. Дүнге



www.ziyouz.com kutubxonasi

қараса—көзи дузлай, мурны биздей, қабатурқы персиян шоры қәддине келди. «Ҳаў, буне саўда! Мени әжийне айналдырып тур ма, зыяным қыстап турма мени? Ҳаўыздағы сууды көрейин», деп ҳаўыздың бойына келди. Жүзин ҳаўыздағы сууға тутты. Суў тийине қараса бир кекили алтыннан, бир кекили гүмистен, түклери зербарақтай болып, балық киби ойнап жүрген еки бирдей пәресте балларды көрди. Балларды көрип, жайынан турып, дүңниң қасына келди. Ийтерип жиберип, сууды төгип алды. Кәнизекти қуда урды. Тилладан дүңди айналдырды, таўландырды, тартып жерге урды. Еси кеткен кәнизек Шаҳидарап патшаға бармай, 9 ханымның алдына келип, «Суў тийинде еки рәўшан көрдим мен, хызметкерге бере бергил сүйинши», —деп гәплей берди:

— Қатарға ярашқан жүк билән нарша,
Тақатың болмайды, аны көргенше,
Суў тийинде еки рәўшан көрдим мең,
Хызметкерге бере бергил сүйинши.

Он гүлиң бар, бир гүлиңнен гүл ғумша,
Тақатың болмайды ўаспин айтқанша,
Суў тийинде еки рәўшан көрдим мен,
Хызметкерге бере бергил сүйинши.

Алтыннанды ақ саўыттың қыяғы,
Таш қақса айрылар бедеў дойнағы,
Адам уғлы бу инсанға мегземес,
Беллеринде барды тилла қамары.

Беллеринде барды тилла қамары,
Көргенлерден кетер ақыл-дәрманы,
Дыққат пенен ireңкине қарасаң,
Жылай кеткен Гүлшараның баллары.

9 ханым айтады: «Анаў—айыў, мынаў—ай, бул—өткен сапар ай, заңғар. Сениң көрип келгениң сапар айының бәлеси шығар?».

Кәнизек айтады:

— Апалар, сапар айының бәлеси дегениң әжийне-жинбе, я оннан басқа бир нәрсе ме? Тамамы жинди жыйнап, сарҳаўызға қамасаң да Дарапшаның улы, Гүлшараның қызын көзимди байлап жиберсең ҳәм танып аламан.

Ханымлардың ашыўы келди. Бул шорыны услап алды. Басына саўданы салды: жатқызып урды, турғызып урды, арқа



www.ziyouz.com kutubxonasi

баўырын көк-ала қойдың териси яңлы қылды. «Апалар айтпайын»,—деди,—енди қайтып». Үш мәртебе айтты, тоба етти, айтпайтуғын болды. «Сыпайы урса тон жабар» деген, кәнизекке липаслар берди. Бир қатар кийим бергенликтен ол ақылдан зайыл болды. Кәнизекке айтты: «Сен көшеге бар. Жүзи қансыз, өзи иймансыз, бир қабатурқы персиянды таўып ал. Жүзине тушеит қойып, ҳаял кийимин кийиндирип усы жерге алып кел».

Кәнизек жайынан турды, 9 ханымнан жуўап алды. Көшеге шықты. Көшени аралап киятырып еди, қараса—жүзи қансыз, өзи иймансыз, мийримсиз, қабатурқы бир персиянды көрди. Шоры қасына барды. Дәрриў муны услады, тоқтатып, қулағына сыбырлады. Жүзине тушентти қойып, ҳаял кийимин кийиндирип, шоры қабатурқы персиянды 9 ханымның қасына алып келди. 9 ханым муны көрди. Айтқанынан ҳәм зыятырақ екен. «Сен,—деди,—сабыр ет. Саған бир хызмет бар». «Апа не хызмет бар?»—деди. «Ханның «Занжирли» сарҳаўызында бир ул бир қыз бар. Сол ҳаўызға барсаң, балларды суўдан шығарып алсаң, шөли-жәзийраға барсаң, балларды өлтирсең, сол баллардың өкпе менен жүрегин бизлерге әкелип берсең, саған 2 ләген тилла байрағымыз бар. Және өзимизге сени ўәзир-агзам етемиз»—деди, Бул «2 ләген тилла байрағың өзиңе тура берсин, әгер өзиңе ўәзир-агзам етсең, урып Еменниң баласының бәрин қырайын»,—деп ғурыжланып жайынан турды.

Көшеге шықты. Қолына бир шуўал алды. Ҳаўыздың бойына келди. Қараса—екки бирдей балларды көрди. Дәрриў суўға түсип, балық киби қуўалап, услап алды. Шуўалға салды, арқалап көшелерди аралап, қаладан шықты.

Ҳаслын сорасаң, ғыйратты,*
Етти қулың ғайратты
Еки бирдей балларды
Иңгалатып жылатты.
Жолға рәўан болады,
Бедеў минип желеди.
Бир күн жүзи болады,
Еки күн жүзи болады,
Беш күн жүзи болады—.
Қарға ушса қанаты
Күйетуғын шөллерге,
Қулан жүрсе дойнағы,
Күйетуғын таўларға,
Қызыл қыя қумларға,
Балларды алып келеди.
Шуўалды жерге қояды,
Еки бирдей балларды
Ол шуўалдан шығарды.
Балларды қолға алады,
Қанжарды ҳәм қолға алады,
Еки бирдей балларды,
Шалмаққа мейил болады.
Енди шалдым дегенде,
Шалар жерге келгенде,
Шөл, сөйлей береди:
«Шалма ханның баласын,

* Герат қаласынан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қан йығлатпа кейинииде,
Гүлшара атлы анасын.
Шалсаң ханның баласын,
Қан йығлатсаң кейининде,
Гүлшара атлы анасын,
Шөл атым қурымаса,
Турған жерден жутарман.
Әўел қуда ҳақы ушын,
«Өлтирдим», деп бара бер,
Жер жүзинде әўлийе,
Күн көзинде әўлийе,
Өткеилердиң ҳаққы ушын,
Тири таслап кете бер.
Бийби Патма ҳаққы ушын,
Бийби Зәўре ҳаққы ушын,
Бийби Сара ҳаққы ушын,
«Өлтирдим», деп бара бер,
Тири таслап кете бер».
Ол қумлыққа барады,
Қум да сөйлей береди...

Балаларды персиян шуўалға салып, арқалап жөней берди.

Бедеўдиң жалын тарады,
Еки бирдей балларды,
Иңгалатып жылатып,
Алып жөней береди.
Бир көллерге келеди.
Шуўалды жерге қояды,
Еки бирдей балларды,
Ол шуўалдан шығарып,
Қанжарды қолға алады,
Шалмаққа мейил болады,
Енди шалдым дегенде,
Шалар жерге келгенде,
Көл де сөйлей береди:
«Сөз сөйлеймен, Қарабек,
Меннен саған сөз керек,
Шалма енди балларды,
Тарт қолыңды бәдирек.
Шалма ханның баласын,
Зар жылатпа кейининде
Гүлшара атлы анасын.
Шалсаң ханның баласын,
Қан жылатсаң кейининде,
Гүлшара атлы анасын,
Көл атым қурымаса,
Турған жерде жутарман».

Таў да, қум да, шөл де,
Көл де сөйлей берди:
Енди қабатурқы персиян
Бул ҳалларды көрди.
Балларды шуўалға салып,
Арқалап жөней берди.
Үш күн жол жүрди,
Ол алдына қарады:
Аспан менен барабар,
Булт пенен зерме-зер,
Бир бәлент таўды көрди,

Балаларды арқалап, «Сол таўдың үстине шығарып, өлтирейин» деп қыял қылды. Таўға өрмеледи. «Өлдим-талдым», дегенде таўдың басына шықты, сөйтип демин алды. Демин алып болып, «Балларды өлтирейин», деп қыял қылды. Еки бирдей балларды шуўалдан шығарды, балларды ол шалмаққа мейил болды. Қанжарды қолға алып еди:

«Шалма ханның баласын,
Қан йығлатпа кейининде,
Гүлшара атлы анасын.
Шалсаң ханның баласын,
Қан жылатсаң кейининде,
Гүлшара атлы анасын,
Таў атым қурымаса,
Турған жерде жутаман!» деп,
Таў да сөйлей берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Жер жүзинде әўлийе,
Күн жүзинде әўлийе,
Өткенлердиң ҳаққы ушын,
Тири таслап кете бер!
Бийби Патма ҳаққы ушын,
Бийби Зәўре ҳаққы ушын,
Бийби Айша ҳаққы ушын,
«Өлтирдим» деп бара бер!
Тири таслап кете бер!
Бул балларды сен шалсаң,
Иште шаян толған,
Адам тәнин жеп турған,
Дозақтан орын аласаң.
Бул балларды шалмасаң,
Әл салысып йүришкен
Қаўсар* суўдан ишкен,
Бейиштен орын аласаң».

«Әўел қуда ҳаққы ушын,
«Өлтирдим» деп бара бер,
Тири таслап кете бер»,—
деп сөйлей берди.
таў да, шөл де, көл де,

Балларда қәсийеттиң барлығын қул билди. Оларды шуўалға салып, «Ятратқан қәдир-алла, мени бул баллардан қутқарар ма екен»,—деп жөней берди.

Ҳаслын сорасаң ғыйратты,
Етти қулың ғайратты,
Еки бирдей балларды,
Зар еңиретип жылатты.

Таўдың үстинде бир мезгил жол жүрди. Алдына қараса— тоққыз жолдың дәрбентин көрди. Буйерде тоқтады. Шуўалдан балларды шығарып алды. Улды—жолдың оң жағына, қызды жолдың шеп жағына қойды.

Еки баланы тоққыз жолдың дәрбентине қойып еди, бир алтын баслы ақ кийик тайын болды. Кийик баллардың қасына барды. Аўзы билен суў берди. Емшегинен сүт берди.

Балларға кийик пәрмана болды. Қабатурқы персиян бул саўдаларды көрди. Балларға бирме-бир қарап,* ырзаласып, бир-еки аўыз гәплей берди:

— Қайғыў билән басқа салған ғулпетим,
Бул мийнеттен азат еткей қүдиретим.
Арқаладым, мен жылаттым шөллерде,
Мен қулыңа ырза болғыл, перзентим.

Жаз болса ҳәўжиреген таўда булағым,
Сенсең мениң ҳаўжарымсаң, қарағым,

* Жәннеттиң суўы
* Қабатурқы персиян бир төртликти — Шәрияға, келеси төртликти Әнжимге қарата айтады. Сол себепли «перзентим» «шырағым», «балам» сөзлери бирлик түрде берилген. Алдағы бетте де, Қараман дәрбент жолда еки нәрестени көргенде усы тақилетте гәплейди *(ред)*.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арқаладым мен жылаттым көллерде,
Мен қулыңа ырза болғыл, шырағым.

Бууынған беллерге тилла кәмарым,
Тилегинди душ қылғай ма қудайым,
Арқаладым мен жылаттым тауларда,
Мен қулыңа ыразы бол, шырағым.

Бедеу минип дағыстанды желгеймен,
Ҳақтың салған саудасына көнгеймен,
Арқаладым, мен жылаттым тауларда,
Қыяметте, балам, сени көргеймен.

Еки бирдей яш бала,
*Сөйлерине тили жоқ,*
Ингалайды, жылайды.

Балларды кийик бағып қала берди.

Қул шуалды ийнине салды. *Таяқты қолына алды.* Өрме қумды өрмелеп, өспе қумды өспелеп, бийик-бийик нурадан, суулар аққан жырадан мунпан ҳәм өтип келеди.

Баяғы ханымлар жатқан қалаға жақын келди. Еки ийт жеӥлигип киятыр екен муны көрди. Сөйерде еки тас алды. Ийтлер алдынан өте берди. Еки тас пенен еки ийтти урды. Мунын атқан таслары ийтлердиң әжел оғы болды: олар өлип қалды. *Пышақты қолына алды,* еки ийтти уқшатып сойды. Баллардың липасын шешип алды. Оларды ийтлердиң қанына бояды. Еки ийттиң ҳәм өкпе-жүрегин алды. *Шуалға салды.*

Персиянның жолы болды. 9 ханымның алдына келди. Шуалды жерге қойып, алды менен балалардың липасын берди, кейиннен ийтлердиң өкпе-жүрегин темир иске илдирди. Муны көмирдиң отына тутып, уқшатып писирди. 9 ханым жыйылып «Баллардың бул өкпе-жүреги. Ҳәмиледар болармыз», деп жеди. Кейин қабатурқы персиянның ҳаққына дууа қылды.

* * *

9 ханым «Балларды өлтирди», деп баргаасында бола берсин. Сөзди Сасуары инсаннан сорап. Шаҳидараптың сорамағында Сасуар деген бир ғаний бай бар еди. Ол бийперзент болды. Сасуар «Әй қудайым, перзент бер»,—деп тилек етер еди.

Адамлар 1 нан қудайы бергенде—Сасуар 100 нан қудайы беретуғын еди.

Басқалар 100 нан қудайы бергенде—Сасуар 1000 нан қудайы беретуғын еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басқалар 1000 нан қудайы бергенде—Сасуўар айына 40 қулды азатлыққа шығаратуғын еди.

«Агар қудайыға аллатала баланы беретуғын болғанда Сасуўардың баласы дүнья жузине сыймас», деп халық айтысады.

Сасуўардың Қараман деген бир саўдагер хызметкери бар еди. Оның саўдадан сынып отырғанлығына жети ай болды. Сасуўар Қараманды шақырып алды. «Қәне—деди бай, --сен саўдадан сындың. «Кеткен пулды жеткен жабады», деген сөз бар еди. Қатар-қатар нар алсаң үсти, толған зер алсаң, Испихан журтына барып, талап етип келсең нишик болар екен, Қараман?».

Әжеп,—деди Қараман. Қараманға Сасуўар қатар-қатар нар, үсти толған зер берди. Түйе тартатуғын хызметкерлерди сазлап, «Гәўҳары-шамшырақ алып кел»,—деп Сасуўар Испиҳан журтына Қараманды жөнелтти. Қараман қатар-қатар нар менен, үсти толған зер менен (Қараман—атта, олар —түйе тартып) Испихан журтына раўан болды.

9 жолдың дәрбентине Қараман жақынлады. Намазлыгер ўақтында бир отлақлы жерге келди. Түйелерди шөгирди, жүклерин түсирди. Түйелерди отқа жиберип, қоста мәс болып отыра берди булар.

Ақшам жатты, таң атты. Таң шолпаны бирге атты. Енди күн шығады. Қуданың қүдирети, мағруптанам бир күн шықты! Машрықтанам бир күн шықты! Мағуруптан шыққан күн доланып өз қәддинде кетти. Машрықтан шыққан күн шықты да батты.

Қараман муны көрди. Анда барды, мунда барды, ҳайран болып жүрди. Қараманның қулағына «ингалаған» баллардың сести келди. Қараман турып ойлады: «Бу шөлде не жүреди— айдәрҳа, жуўҳа жүреди. «Айдәрҳа», «жуўҳа» демектиң мәниси: «гүмгүм жердиң астында 40 жыл тақат етсе жылан болады; жылан 40 жыл тақат етсе жуўҳа болады. Жуўҳа болған соң ол ийт болып үре береди, мал болып жүре береди, адам болып ҳәм тура береди. Не боламан десе бола береди. Әйдәрҳа менен жуўҳамекен?».

Қараман атына минди. 9 жолдың дәрбентине келип қараса зарафшан кекили топыраққа былғанып, жол үстинде «ингалап» йығлап жатырған еки бирдей нәресте балларды көрди. Реҳими келип, балларға қарап, гәплей берди:

— Гейбир адам тырнағына зар еди,
Сизлерди көрмеген адам бар еди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәрбент жолда сен дәрбедер болыпсаң,
Сени туўған атаң-анаң қайда еди?

Бедеў минип дағыстанда желди ме,
Әжел жетлей цайманасы толды ма,
Дәрбент жолда сен дәрбедер болыпсаң,
Сени туўған ата-анаң өлди ме?

Қайғыў билен басқа салған ғүллпетиң,
Бул мийнеттен азат еткей құдиретим,
Дәрбент жолда сен дәрбедер болыпсаң,
Тилиң болса сөйле-сөйле, нәресте?

Ашылғайма он гүлиңнен бир гүлиң,
Саған келген маған келгей сум өлим,
Дәрбент жолда сен дәрбедер болыпсаң,
Жылай берме, хабарын бер, нәресте?

Буўған беллериме тилла қамарым,
Тилегиңди душ қылғай ма қудайым,
Дәрбент жолда сен дәрбедер болыпсаң,
Тилиң болса сөйле-сөйле, балларым?

Еки бирдей яш бала, сөйлерине тили жоқ—ингалайды, жылайды. Қараман аттан жерге түсти, балларға жақын келди. Улды алды қолына, ақ пиллаға орады, оң қойнына салды. Қызды алды қолына, қара, киши пиллаға орады, шеп қойнына салды. Еки бирдей балларды қойнына салып, Қараман, атына минип мәс болып, баяғы түйе тартқан хызметкерлериниң қасына келди. Булар қарады: Қараманның қойнында екки бирдей гаўҳары шамшырақты көрди. Жуғырып жанына

— Айналайын Қараман,
Үйирилейин Қараман,
Қойныңдағы балларды,
Қайдан таптың Қараман?
Таўып алған олжаға,
Бизлер ҳәм наймыз, ағажан,—

деди олар. Қараман айтады: «Заңғарлар, сизлер тәңирдиң өлимине пай болың». Булар айтты: «Аға тири болсақ—мың шүкир, өли болсақ—бир шүкир, деп қаладан шықтық. Сен таўып алсаң бермесең, биз таўып алсақ бермесек, аға, буннан аўызбиршилик бола ма? Бизлер қайтамыз». Сол ўақтында Қараман буларға қарап:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Минген бедеў бул майданда желгенди.
Аллатала рейимин салғанды,
Сениң мениң маңлайыма сыймайды,
Сасуўарга қудайтала бергенди.

Бейиштеги Ҳүрилуғман туўғанды,
Алтынނанды ақсаўыттың қыяғы,
Адам улы бул инсанға мегземес,
Юсуби-каланға мегзер сыяғы.

Барды беллеринде тилла қамары,
Көргенлердиң кетер ақыл-дәрманы,
Бул баллардың ирецкине қарасам,
Бейиштеги Ҳүруғулман баллары.

Минген бедеў бул майданда шайдады,
Ондай дәўран қуллар саған қайдады?
Сениң, мениң маңлайыма сыймайды,
Бенде басың азат болса пайдалы.

Бедеў минип дағыстанда желейин,
Ҳақтың салған саўдасына көнейин,
Сениң, мениң маңлайыма сыймайды,
Сасуўардан сүйинши сорап келейин,—

«Сизлер бара бересиз, мен кетеберейин»,—деп балларды алып, Сасуўарға жол тартты. Кеше жатпай, күндиз тынбай, Сасуўар ғанийдиң бәргасына келди. Қараман Сасуўардан бир-еки аўыз сүйинши сорап гәплей берди:

— Араладым қыядаш,
Ағызғанман көзимнен яш,
Келип тур, Қараман бәрганда,
Бай баба, үйде бар болсаң,
Шығып, бизге хабарлаш!
Тоғай толған қойына,
Шопаны келди, бай баба,
Өрис толған малына,
Падашы келди, бай баба.
Атаў толған жылқыңа,
Жылқыман келди, бай баба.
Игри мойын түйеңниң,
Кәрўаны келди, бай баба.
Ғәзийне толған пулыңның,
Дәўлети келди, бай баба.
Төрт жүз тоқсан қулыңның,
Ығбалы келди, бай баба.
Бир ул менен бир қызды,
Аллатала илаҳийдан жеткерди,
Сүйинши бер, бай баба.

«Ул-қыз», деген соң Сасуўар не болғанын билмеди:

Теллеги жоқ—
Тақыяшаң,
Геўиши жоқ—
Мәсишен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳасыл тонын жамылып,
Баўыры оттай қамылып,
Жуўырып далаға шықты.
Далаға шығып қараса,
Қараманның қойнында,
Еки бирдей гәўҳары-
Шамшырақты көрди.
Жуўырып Қараманның
Қасына келди.

Қараманға қарап С а с у ў а р гәплей берди:

— Айналайын Қараман;
Үйирилейин Қараман,
Қойнындағы баланы,
Қайдан таптың Қараман?
«Баланы бер маған»,—деп,
Әл* узатты шул заман.
Қараман сонда сөйледи:
—Мен бермеймен баланы,
Берген алла-талады,
Жарылқаса қояды,
Қарғаса өзи алады,
«Зорлық етсең ал»,—деди,
«Теңлик етсең, бай аға,
Жөниңе тур сен»,—деди.
Сасуўар сонда сөйледи:
— Әй, Қараман, Қараман,
Әўелинде қуўанттың,
Ақырында суўалттың.
Баланы бер, Қараман!

Қараман сонда сөйледи,
«Бедеў минип желебер,
Дүзде жатқан ул болса,
Қыдырып таўып ала бер.
Өзим өлмей балларды,
Бере алмайман мен,», деди.

Сасуўар ойлады: «Қараманға бир енши айтағояйын, соның пәти менен баланы бере ғояр ма?».

— Қараман, сен мында кел,
Гәпиме мениң қулақ сал,
Тоғай толған қойымның,
Төрттен бирин берейин,
Өрис толған малымның,
Бестен бирин берейин,
Баланы бер, Қараман?
Атаў толған жылқымның,
Қырқтан бирин берейин,
Баланы бер Қараман?
Игри мойын түйемниң,
Жүзден бирин берейин,
Баланы бер Қараман?
Ғәзийнеде пулымның,
Мыңнан бирин берейин,
Баланы бер Қараман?
Азат хатынды берейин,
Баланы бер Қараман?

Қараман сонда сөйледи:
— Тоғай толған қойыңыз,
Жети асына сойылсын.
Өрис толған қара мал,
Қырқ асына сойылсын.
Атаў толған жылқыңыз,
Жүз асына сойылсын.
Игри мойын түйеңиз,
Жыл асына сойылсын.
Ғәзийнеде пулыңыз,
Ысқатына қойылсын.
Төрт жүз тоқсан қулыңыз,
Жыназаға жыйылсың,
Мен бермеймен баланы,
Берген аллаталады:

---

*Қол



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарылқаса қояды,
Ғарғаса өзи алады.
Сизлер—баяр бизлер—қул,
Зорлық етсең ала ғой,
Теңлик етсең, бай аға,
Жөнине сен турағой.
Бере алмайман мен ҳасла.

Сасуўар ойлады: «Бул-ғой жақсы сөз бенен есапқа келмеди, буған бир бадабат урып көрейин».

— Әй Қараман, —деди ол, әўелинде қуўантып, ақырсында суўалтпа!

— Қатты қашқан қутылар,
Қатты қашпа сен!
Қатты қашпа, Қараман,
Сен ҳалыңды бил!

Сол ўақытта Қараман хызметкер екенлигин ядына түсирди. Баллардың мәслиги менен Қараман бийжөн болып кеткен екен. «Қатты қашсақ биз қайттық, тақсыр ханым тәўбе еттик»,— деп еки бирдей балларды Қараман Сасуўардың қолына берди. Сасуўар балларды қолына алды. Баллардың оң жүзинен, шеп жүзинен таўап етти. Белине медет кирди, дизине қуўат енди. «Белимниң медети, балам, дизимниң қуўаты, балам»,— деп еки бирдей балларды қушақлап баўырына басып, алғаны Ақдәўлеттиң алдына келди. Сасуўар қуўанышы қойнына сыймай Ақдәўлетке қарай гәплей берди:

— Ҳәй алғаным алғаным,
Қағып төсек салғаным,
Толғақсыз, мийнетсиз,
Бир ул менен бир қызды,
Аллатала илаҳийдан жеткерди.
Тур жайыңнан, алғаным!

Сол ўақытта **алғаны** Сасуўарға қарап гәплей берди:

— Ҳәй, сый кисим, сый кисим,
Тәңир қосқан бир кисим.
Толғақсыз, мийнетсиз баланың,
Атаға паяны болмас.
Ғайыбана мына балаға,
Қуўана көрме, сый кисим.
Қәдимнен қалған сөзи еди,
Бурынғының нақылы:
«Өзиңнен туўмай ул болмас,
Сатып алмай қул болмас».
Емшек сүтин ембесе,
Ерик сүтин емгенниң
Анаға паяны болмас,.
Зайыбым, мына балаға,
Қуўана көрме ҳешқашан,
«Балларың» ержетсе,
Олар камалға келсе,
Кейимейтуғын күн бар ма?
Биреўимиз кейисек,
Душпаның аяқ баспай ма?
«Атаң емес Сасуўар,
Енең емес Ақдәўлет»,—
Десе душпаның,
Перзентиң қолдан
Шығып кетпей ме?
Агар шығынып кетеғойғанда,
Мунан ҳәм бес-бетер,
Сергиздан, яман етпей ме?
Ҳешқашан мына балаға,
Қуўана көрме, сый кисим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сасуўардың ашыўы келди:

- Хәй бийдәўлеттиң перзенти, мен қуўанғанда, сен неге қуўанбайсаң!

Ақдәўлет Сасуўардың ашыўы келгенлигин билип, жайынан турып, екки-бирдей балларды қолына алды. Хасыл кийимди кийди. Белин беккем буўды. Улды кийимниң ишине салып алдына қойды, қызды *кийимниң ишине* салып, арқасына қойды. Адамзатқа билдирмей, хайўанатқа сездирмей Ақдәўлет, «Мен жүкли болдым»,- -деди халқына жар урдырды.

Арадан ай өтти, күн өтти—9 ай-у-9 күн, 9 сааты питти. Шул дарийха ишинде, алтыннан бақан көмдирип, тилла жүўен кердирди. «Толғақ толғатып атыр», деген хабар халыққа таралды. Соң «Бир уллы бир қызлы болды»—деп қалаға жар урдырылды.

Уллы-қызлы болғаннан кейин Сасуўардың көңли тасты. «Ке, бир дүнья-малды тәрк етип, той берейин», деп қыял етти.

Алысына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Сасуўар халқын жыйдырды.
Төрткүллеп ошақ қаздырды,
Бақќы өгизден сойдырды,
Елиндеги мүсәпирди,
Наны-гөшке тойдырды,
«Шахидарап келсин,
Той ишинде болсын,
Тели менен тентекти,
Өз қолынан жайластырып
Қойсын»,—деп
Ат жоллады.
Шахидарап келди,
Той ишинде болды.
Ат шаптырды,
Палўан туттырды,
Алтын қабақ аттырды,
Нағыра сырнай тарттырды,
Дуўтар, сийтар, тамбур, гиржек,
Отыз еки сазларды,
Бир қулақтан дүзетип,
Патшалықтан шерттирди.
Қырқ күн той берди—
Және қырқ күн ойынын.
Арадан 80 күн өтти.
Анда пашша тойды дағытып,
Кететуғын болды.

Сасуўар ойлады: «Усы пашша бар ўақытта баланың атын қойдырып қалайын». Еки тулып қызылды алды, апарып көптиң ортасына, пашшаның алдына қойды, «Тақсыр, мениң балама ылайық бир ат қойың»,—деди. Дүньяны көрип еди- «Мен қояман», деп хәммс қызды. Анаў айтады: «Мен қояман». Мынаў айтады: «Мен қояман».

Басында ғула, ийнинде жәнде, қолында сырлы хаса, бир қәлендер шейдилла тартып ғайыптан хәзир болды. Адамларға қарап (қолында сазы болмаса да--дилинде сөзи), неше йерлерден тымсал келтирип, бир-еки аўыз гәплей берди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сизлерни көрип мен йығлайман зар-зар,
Ялғызлықтан ғәрип коўним биййқарар,
Сал қулағың ешит мениң сөзимди,
Қәлендердиң айтар бәршеге арзы бар.

Буўған беллериме тилла қамарым,
Тилегимди душ қылғайма қудайым,
Билмесеңлер мен қояйын атыны,
Қол көтерип дуўа қылып, жанларым.

Қайғы әсирин басқа салған мүне дәрт,
Бул *мийнеттен азат еткей қүдирет*,
Билмесеңлер мен қояйын атыны,
Қол көтерип, дуўа қылың, әлеўмет

Әўел қуда ҳаққы ушын,
Қояйын улдың атыны.
Йер жүзинде әўлийе,
Күн жүзинде әўлийе,
Әўлия-әнбия,
Мен солардың ҳаққы ушын.
Қояйын баллар атыны.
Биййби Патма ҳаққы ушын,
Биййби Айша ҳаққы ушын,
Биййби Марьям ҳаққы ушын,
Биййби Зәўре ҳаққы ушын,
Қояйын қыздың атыны.
Шаппай-желмей майрылған,
Жез қанаттан қайрылған.
Не бир мүсәпирлер бар,
Перзентинен айрылған.
Мен солардың ҳаққы ушын,
Қояйын баллар атыны.

«Күлмес ханның журтыны,
Буны балаң алғандай,
Ат қояйын мен»,—деди.

«Қараханның шәҳрини,
Муны балаң алғандай,
Ат қояйын мен», — деди.

«Жулдызшаның шәҳрини.
Қундызхандай перини,
Шуны балаң алғандай,
Ат қояйын мен», — деди.

«Қарумшаның халқыны,
Муны балаң алғандай,
Ат қояйын мен»,—деди.

«Еменшаның журтыны.
Муны балаң алғандай,
Ат қояйын мен»,—деди.

«Үсти толған көп нақыш,
Тамақының астында,
Тоқсан дуўа бәнти бар,
Қанатының үстинде,
Алтыс еки нақышы бар,
Ҳәр дуўаның бәнтинде,
Мың әлиптиң шәрти бар,
Бүлбүлгөя қушыны,
Муны балаң алғандай,
Ат қояйын мен», — деди.

«Бүлбүлгөя мулақуш,
Туғырында сайрасын,
Сулайман минген Жаҳангер,
Ол тийинде ойнасын,
Муны балаң алғандай.
Ат қояйын мен»,—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Баласының аты,
Болсын Шәрияры—алам,
Қызының аты — Әнжимжан
Босын», дийип сол жерде
Көзден ғайып болады
Қәлендерин шул заман.

Шаҳидарап пашша баллардың атын қойдырды қудадан хабары бар, баллардан хабары жоқ, халыққа «той дағыды», деп хабар бердирди. Ҳалық дағыды. Халық кеткеннен соң Шаҳидарап пашша Сасуўары байдан рухсат алып, елине қайтты.

Ақдәўлет балларды сақлай берди. Баллар бирге шықты. бирден-екиге шықты, екиден үшке келди. Баллар жетти яшына барды. Сасуўар апарып мектепке берди. Әнжим менен Шәрияр мектепте болды. Мектепте 7 жыл оқыды. Әнжим Шәриярдан бетер, Шәрияр Әнжимнен бетер, еккиси оқып илимдар молла болды.

Жигитлик ҳәсирлиги Шәриярдың басына урды. Бир күни енесиниң алдына келди.

— Ене*,—деди, —оқымаған китабым қалмады, молла сабақ бере алмады. Атама барсаң: және бир шәҳәрге барып, илим талап етип келсем, нишик болар екен?

Енеси айтты:

— Балам, оқып неге бардың?

Шәрияр айтты:

— Ене, сен сорама, мен айтпайын.

— Әй, балам, айта бер?

— Алҳакумиттитаққасур, апарып қақтырып қойыппан, ене,— деди, Енеси айтты:

— Балам, көпирдиң ығынан ҳәм шуңқыррақ болған екенғо.

Енеси баласын жигитлик ҳәсери урғанлығын билди.

Шәрияр оқыўына кетти. Енеси Сасуўардың қасына барды. Келип Сасуўарға сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Ақдәўлет Сасуўарға қарап, «Әй сый кисим, перзентиң қолыңнан кететуғын болған екен»,—деди. Шәриярға жигитлик ҳәсири урғанлығының Ақдәўлет Сасуўарға хабарын берип, кейнине қайтып кетти. Сасуўар адам жиберип, баласы Шәриярды шақыртып алды. Шәрияр атасының алдына келип сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Баласына қарап:

— Қараңғыда қарағым,
Қармар қолым, шырағым,
Асқар таўым айбатым,
Белгенемниң мәдети,
Дизгенемниң қуўаты,
Алдымда жүрсе айбатым,
Кейнимде жүрсе қуўатым,
Ҳәм қуйрығым, қапатым,

---

* Дәстанда бул сөз «ана», мәнисинде қолланылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сал қулағың гә тыңла,
Шәриярдай перзентим.
Ашылған бағда гүлим,
Бағымда шәмен бүлбүлим,
Сал қулағың сөз тыңла,
Шәриярдай қулыным.

Бурынлары перзентим,
Санар едим мың жылқы,
Мың жылқыдан күнме-күн,
Артар еди жүз жылқы,
Быйыллары санайман,
Кем келеди жүз жылқы.

Белимнен мәдет кетти, дизимнен қуўат кетти. Малы мене мүлкиңе ийелик ет перзентим,— деп Сасуўар сөзин тамам етти.

Шәрияр ойлады: «Қәдимнен *қалған сөз еди, бурынғының* нақылы: «Ата ҳаққы—қуда ҳаққы, ене ҳаққы—пайғамбар ҳаққы. Ата ыразы болмаса, қуда ыразы емес, қуда ыразы болмаса, ата ыразы емес. Ене ыразы болмаса, Кәбаға жүз мың тәўбе қылағой, тәўбең қабыл емес. Атамның өзи өлмесин, гәпи *жерде қалмасын». Шәрияр* жайынан турды. алтыннан сақа қуйдырды, гүмистен гентай соқтырды. Қырқ баланы жыйнап алды. Баллары менен қосылып, Шәрияр жылқыға келди. Жылқыны Шәрияр баллар менен асығын ойнап, бағып жүре берди.

Күнлерден күн өтти. Айдан ай өтти.

Бу қырқ баланың ишинде бир кәл бала да жүрген еди. Бир күни ол Шәриярға гәп етти:

— Шәрияр аға! Қойды ким бағады?

— Қойды шопан бағады,—деди Шәрияр.

— Аға, малды ким бағады?

— Малды падашы бағады,—деди Шәрияр.

— Аға, жылқыны ким бағады?

— Жылқыны қул бағады,—деди Шәрияр. Кәл бала айтады:

— Аға Шәрияр, қой бағып шопан болып, жылқы бағып *қул болып жүриў сизге мүясар ма? Сен муннан барсаң, атаң* Сасуўарды көрсең. Усы жылқылардың ишинде бир қара қасқа тулпар бар еди. Сол қара қасқа тулпарды атаңнан тилеп алсаң. Аяқ баўы ғуббалы, ғуббасының түби шашақлы, шашағы толы моншақлы тарлан қусты туғырдан алсаң? Билген Шәрияр десе, билмеген шады-шәўкетиңе қайыл қалса, нишик болар екен, аға?

Шәрияр ҳәм зордан жүр екен. Бу сөз қамшы болды. Шәрияр жайынан турып, енесиниң алдына келди. Баласы келгеннен енеси бир саўданың бар екенлигин билди, «Балам, неге келдиң?»—деп жол болсын сорады:

— Қайғыў билен басқа салған ғулпетим,
Бул мийнеттен азат еткей қүдиретим,
*Ақша йүзиң запырандай сарғайып,*
Нелер дәркар болып келди қулыным?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жазларда мөўжирген таўда булағым,
Сенсең мениң гәўҳарымсаң қарағым,
Ақша жүзиң запырандай сарғайып,
Нелер дәркар болып келди, шырағым?

Буўған беллерине тилла қамарың,
Тилегенде душ қылғайма қудайым,
Ақша жүзиң запырандай сарғайып,
Нелер дәркар болып келди, шырағым,

Шәрияр енесине қарап:

— Сени көрип қаўсыраман қолымды,
Раўа көрмейсең маңа өлимди,
Сал қулағың ешит мениң сөзимди,
Айтайын сизге келген жөнимди.

Муннан енди бар оған,
Атты берсин бизлерге,
Аяқ баўы ғуббалы,
Ғуббаның түби шашақлы,
Шашағы толы моншақлы,
Күшын берсин бизлерге,
Атажаным.
Мийнрманым,
Кешиктирмей
Тез берсин.

деди. Шәриярдың енеси жайынан турды, Сасуўардың алдына келди. Сасуўарға қарап Ақдәўлет сөйлей берди:

— Сени көрип қаўсыраман қолымды,
Раўа көрмейсең маған өлимди,
Сал қулағың ешит мениң сөзимди,
Айтайын сизге келген жөнимди.

Қараңғыда қарағын,
Қармар қолын, шырағың,
Асқар таўын, айбатың,
«Ат берсин», деп жиберди
Шәриярдай перзентиң.
Аяқ баўы ғуббалы,
«Күш берсин», деп жиберди.
«Атажаным, мийирманым,
Кешиктирмей, тез
Берсин», деп жиберди.
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
«Ат берсин», деп жиберди,
Жалғыз улың Шәрияр,
Сый кисим, қалай көресең?

Сасуўардың ашыўы келди:

— Ҳәй, алғаным, алғаным,
Қағып төсек салғаным,
Шәриярдай улым жоқ,
Әнжим атлы қызым жоқ,

Атасы жоқ, белгисиз,
Енеси жоқ, қостарсыз,
Атым түўе, биинаўаға,

Беретуғын нйтим жоқ,
Биинаўа турмасын елимде,
Қайтсын жоқ болсын журтын[а]

Ақдәўлет айтты:

— Атадан ул туўар деппен қыялсыз,
Жыйған малға болур деппен зыянсыз,
Ат тилесе Шәриярға бермейсең,
Қартайыпсаң, наймыт өлгир, иймансыз.

Сасуўардың ашыўы келди, қылышты қынаптан суўырып алды. Ақдәўлеттей кемпириниң ол кейнинен жуўырды, заманасын қуўырды. Өлдим-талдым деген Ақдәўлет муннан аман қутылып, Шәриярдың алдына келди. Шәриярға қарап Ақдәўлет гәпледи:

— Сени көрип қаўсыраман қолымды,
Раўа көрмейсең маған өлимди,
Сал қулағың, ешит мениң сөзимди,
Айтайын, қарағым, енди жөнимди.

Қайғыў билен басқа салған ғулпетим,
Бул мийнеттен азат еткей қудиретим,
Атаң қурысын, ат бермеди ҳеш саған,
Жуўап берди, бар кетебер, перзентим,

Жаз болса мәўжирген таўда булағым,
Сенсең мениң гәўҳарымсаң, қарағым,
Атаң қурысын ат бермеди ҳеш саған,
Жолың болсын бар кетебер, шырағым.

Буўған беллериңе тилла қамарың.
Тилегиңди душ қылғайма қудайым,
Атаң қурысын ат бермеди ҳеш саған,
Жолың болсын, бар кетебер, шырағым.

Арылғай басымнан күн-күннен думан.
Қайтып көреримнен көрмесим гуман,
Атаң қурысын ат бермеди ҳеш саған,
Жолың болсын бар кетебер, перзентим.

Шәрияр ҳәм енесине қарап:

— Шапсам әреби атты дағдың тозына,
Қапалықтан сепкил дүшти жүзиме,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп йығласаң ер жолына кес болур,
Ойнап-күлип пәтия бергил өзиме.

Арылғай басымнан күн-күннен думан,
Жаным қаларынан қалмасы гүман,
Көп йығласаң ер жолына кес болур,
Ойнап-күлип пәтия бергил анажан,—

деди. Енеси, «Жорытқанда жолың болсын, жолдасын Қызыр болсын, Қырқ Шилтен Ғайып Еренлер жылаўында жүрсин. Душпанның қолында барды шул қанжар, мөҳмин болған бир куда, деп зар жылар. Әўел, куда қалды пирге тапсырдым. Көрискенше күнлер яқшы, жолың болсын, бар кетебер аллияр»,— деп рухсат берди.

Шәрияр енесинен жуўап алды; көзде яшы көл болып, жағалары сел болып, көңли бузылып, бағры езилип, көшени аралап жөней берди.

Қарындасы Әнжимниң бир бағы бар еди, Шәрияр ойлады: «Мен кете бермейин, Әнжимниң үстинен гузарымды салып өтейин». Бағқа жақынлап келип қараса, қырқ кәнизди жыйнап, «шашпаў салды» ойыныц ойнап, етти ерден түрме жалғап, тамашада, өзиниң мәслигинде жүрген қарындасы Әнжимди көрди. Шәрияр қыял етти: «Бу қарындасым Әнжим мәс болып жүр екен-ғо. Мен жылап барағойсам, қарындасым қапа болур. Муны қапа етпейин, күлип барайын». Әнжимди көргенде Шәрияр шақақ урып күлди. Әнжим ағасы Шәриярдың алдына келди. Келип Шәриярға сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Әнжим Шәриярға қарап бир қәлийма гәп сорап гәплей берди;

— Сени көрип мен жылайман зар-зар.
Нашарлықтан ғәрип кеўлим бийқарар,
Сал қулағың еcит мениң сөзимди.
Мен нашардың сорар сеннен гәпи бар.

Қодимнен қалған сөз еди,
Бурынғының нақылы:
«Жылағанды сорама,
Күлгенди сора», деген.
Себеп недур сен күлдиң,
Хабарыңды маған бер?

Анда Шәрияр Әнжимге қарап сөйледи:

— Сасуўардай атамнан,
Ат тиледим—бермеди,
Кус тиледим—бермеди,
Жуўынды ишкен ийт шелли,
Атам мени көрмеди.
Айтыпты енди бир сөзди:
«Атасы жоқ белгисиз,
Енеси жоқ қостарсыз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аты халыққа белгисиз,
Шәриярдай улым жоқ.
Әнжим атлы қызым жоқ.
Бийнаўаға беретуғын,
Атым түўе ийтим жоқ».
«Турмасын, - депти, —
халқымда,
Қайтсын,—депти,—елине».
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
Ата менен енеңди
Билесең бе Әнжимжан?

Сол ўақтында Әнжим қолын көксине қойып, ағасына қарап айтқан сөзи:

— Сени көрип қаўсыраман қолымды,
Аға, раўа көрмейсең маңа өлимди,
Сал қулағың, ешит мениң сөзимди.

Атам алдына барайын,
Сен ушын ат сорайын,
Айтқанымды қылмаса,
Шәршемби күн сәскеде,
Қызар ханның базары,
Бул шашымды тут,
Шар базарға сал.
Бир ябыға сат.
Мендей муңлы нашарды,
Пияда кетпе, ағажан.
Атлы болып кет,
Керегиң сениң ат болса,
Мақсетиңе жет.

Сасуўар атасына Әнжим кетти. Алдына келди. Атасына қарап, келген жумысын айтып, Әнжим гәплей берди:

-- Сени көрип мен йығлайман зар-зар,
Нашарлықтан ғәрип кеўлим бийқарар,
Сал қулағын ешит мениң сөзимди,
Бул Әнжимниң сорар гәпи бар:

Шәриярдай ағама,
Ат тилесе бермесең,
Қус тилесе бермесең,
Жуўынды ишкен ийт шелли,
Шәриярды неге көрмейсең?
«Шәриярдай улым жоқ,
Әнжим атлы қызым жоқ,
Атасы жоқ, белгисизге,
Енеси жоқ, қостарсызға,
Аты халыққа белгисизге
Атым түўе ийтим жоқ!
Бийнаўалар не керек,
Қайтсын,—депсең,—елине».
«Турмасын,—депсең,—
журтымда»,
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
Атам менен енемди,
Билесиз бе? Басқа ма?
Хабарыңы бересең.
Я таланды дүнья-мал,
Тассаддық болғай шийрин жан,
Атам менен енемди
Билесиз бе? Басқа ма?
Хабарын бер, атажан?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда Сасуўар сөйледи:

— Қаранғыда қарағым.
Қармар қолым шырағым.
Асқар тауым, айбатым.
Сал қулағын.
Гәпимди ешит,
Әнжим атлы жан қызым,
Ата-анаң—бул бизлер,
Ол жағынан ғам жеме.
Ашыў менен айтып салдым,
Қәўиплендим, қарағым:
Атты минсе Шәрияр,
Күлмес ханның журтына,
Буған кетер, деп едим,
Қараханның халқына,
Оған кетер, деп едим.
Жулдызшаның шәҳәрине,
Буған кетер, деп едим,
Еменшаның халқына,
Оған кетер, деп едим,
Тахты-Зәрил... қалаға
Оған кетер, деп едим.
Атты минсе Шәрияр
Үй, емести тилеги,
Дүзде қалар сүйеги,
Деп қорқып едим, Әнжимжан.

— Ал, енди ат керек болса, бир ат емес, жылқыға барып, 7 атты сайлап минсин.

Әнжим бул сөзди еситип, кейнине қайтып, ағасы Шәрияр-дың алдына келди.

— Аға,—деди,—атам ат пенен көңли питсе, биреўин емес, жетеўин алсын жылқыдан,—деп ықтыяр берди.

— Әнжим, енди маған атамның аты керек емес. Мени балам дейтуғын болса, атам 7 өжире қызыл берсин, гилтин, қулпын берсин.

Әнжим жайынан турды. Атасы Сасуўардың алдына және келди.

— *Ата,—деди,—ағам Шәрияр айтты-қойды;* «*Егер мени* балам десе, 7 өжире қызыл берсин, гилтин, қулпын берсин», деп.

Сасуўар айтты:

— Балам Шәриярдың дүнья үдейи менен кеўли питсе, жетеў емес, меннен 14 өжирениң гилтин, қулпын алсын.

Әнжим бу сөзди еситип және кейнине қайтып, ағасы Шәрияр-дың алдына келди: «Аға, 7 емес, ал он төрт өжирени инам етти саған,»—деди.

Шәрияр атасынан 7 өжирениң гилтин. қулпын алды, белгили байбатша болды. Сөйтип Сарыдәрья деген жерге барды, хызмет-кер менен күнликши шақырды: «Адамлар 1 теңге берсе, мен күнине 5 теңге беремен. Олар 5 теңге берсе, мен күнине 15 теңге беремен. Олар 15 теңге берсе, мен күнине 25 теңге беремен». Сарыдәрьядан шек қашырды. Хызметкердиң көплигинен Шә-рияр елатына жап қаздырып, суў келтирди.

Шәрияр белли дийқан болды. Қарықты ҳәм қаздыра берди, теректи ҳәм тиктире берди. Бағдың сыртынан қырқ гез дийўал



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүргизди. Сарыдәрьядан келген жаптың аяғың ишине қарат Кирген жерине атанақлы бир тоғыртқаны қурдырды. Шардәр салдырды. Бағды көгертти. Әнжир алмасы писти, торсылда жерге түсти. Қумырылар дем шекип, тотылар сөз айтып, бүлбил лер сайрап, пәттеклер нала шекип, 7 жылда Шәриярдың бағы кәмалға келди.

* * *

«Шәрияр бағы» ҳаўазасының етти ықлымға хабары түсти Муның хабары баяғы 9 ханымға да барды. Баяғы мәстан мама үш айда, бес айда ханымлардың қасына барып, болатуғын аўқатын алып қайтатуғын еди. Шәрияр бағының ҳаўазасын еситип, 9 ханымның берекеси қашып, әрўағы ушып отыр еди бир күни мәстан мама жетип келди. Маманы 9 ханым көрип гүррингe кирди: «Мама, әмуштан-әмуш гәплер: баяғы еки баланы қул арқалап кеткен-әмуш. Бул заңғар өлтирдимекен десек 9 жолдың дәрбентине таслап кеткен-әмуш. Муны Сасуўардың Қараман деген бир дуўмасы таўып алған-әмуш. Қараман апарып Сасуўарға берген-әмуш. Сасуўар сақлап, адамшылыққа жеткерипти. Сарыдәрьядан жап қазып, елатына суў келтирип, терек тигип, бағ көгертип, Шәриярдың бағы кәмалға келген әмуш. Әмуштан-әмуш. Шәрияр ҳәм қурысын, сен ҳәм қуры мама!». Мама жайынан турды:

— Жылқыда шанқан бозгенем,
Ағзыма алған сөзгенәм,
Шәриярдан ғам жеме,
Насыбай пулдан мамаңа,
Хабарын бер қызгенәмлерим

—Мама, бирләген тилла байрағын бар, —деди ханымлар. «Заңғардың баллары, бир ләген тилла насыбай пул түўе, қул пулы ҳәм болмайды», — деди ол. «Ал, онда мама, еки ләген тилла болсын», дегенде Мама тоқтады. Еки ләгең тилланы алды. Топпысына тығып, тоққыз ханымнан жуўап алып, Шәриярдың бағына мама жолға раўана болды. Бәлент көше, пәс көше, беглер жүрген тар көше, айланыш көше ҳәм кең көшелерди айналып, дәрўазадан өтти, қаладан шықты.

Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан,
Өрме қумды өрмелеп,
Еспе қумды еспелеп,
Жолға раўан болады.
Түлки жүрмес түнейден,
Түнде жүрип барады.
Қарсақ жүрмес қалыңнан,
Муннан да өтип келеди.
Терең жылға, терең сай,
Сыпсың питкен қарағай,
Көгершинли көп тоғайды
Аралап жөней береди.
«Ҳақ» деп ырғығанда



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ушқан кустан озады,
Текенеси пырылдап,
Көкиреги сырылдап,
Өкшелери енағардың
Қуйрығына дикилдеп.
Ол айтшынын байталындай . . .
Келтертели бу сөзди,
Азғана емес жол жүрди.
Екки секкиз он алты,
Және секкиз және алты—
Отыз күн анық жол алды.
Отыз бир күн болғанда,
Маманның кетти мәдети,
Дизден кетти қуўаты,
Рәўшан тайды көзинен,
Жайдай бели бүгилип,
Көзинен жасы төгилди,
Жүрмеге ҳалы келмеди,
Еси аўып, көзи тынып,
Пардақ таслап жығылды.

Жығылды бул мама, бир путаға асылып, бийхуш болып, естен айырылып. Бир майданнан сол йерде ҳуўшына келди.

Белине мәдет енди,
Дизине қуўат кирди.
Отирапына қараса,
Аралапты қыя-даш,
Ағызыпты көзинен яш.
«Мезгилхана бар ма?» деп,
Көз жиберип қараса,
Думан киби алдында,
Көринеди қара ағаш.
Әйледи ҳаққа минәжат,
*Шәриярдың бағына*
Жуўырып-жортып,
Маман келди,
Шунда сағыў-саламат.

Шәриярдың бағына келди. Бағының сыртынан қырқ гез ғарғалық диййуал өтирипти. Қанатлы қуш болмаса, төрт аяқлы ҳайўанат, еки аяқлы адамзат өтетуғын, киретуғын жолы жоқ. Бу бағқа баратуғын ҳеш илаж жоқ.

Енди бағны айналып,
Белгенеси бүкирейип,
Қулақлары тикирейип,
Мама жүре береди.

Сөйтип бир жерлерге келсе, Сарыдәрьядан бағ-қалаға ағып келип турған бир тартпа суўды көрди. Кирген жерине қурылыпты атанақлы тоғыртқа. Мама турып ойлады: «Үстимде липасымды шешсем, енеден туўғандай жалаңаш болсам, суўдың өрине барсам, суўға өзимди урсам, суўдың пәти менен кирип кетпеспен бе?».

Кийимин шешип, диййуалдан қорғанның ишине таслады. Енеден туўғандай жалаңаш болды, суўдың өрине барды.

«Я дәскери пана»,-деп,
«Қысқа аяқлы бендемен,
Мен нашарды қолла,-деп,—
Сүриңер босаң бириўбар,
Таянар босаң ҳақ яббар,
Ҳалымнан болғай хабардар».
Ғәрип кеўлин хошлады,
Өзин суўға таслады,
Суўдың ағыны менен
Маманың аш бели

4—151



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоғыртқаға келеди.
Атанақлы тоғыртқаның
Айналып кетти нурбенти,
Бахты қара маманың
Майданда қалды сырт бети.
Оннан келди он ғарға;
Шептен келди он ғарға,
Қәтқудасы зоң ғарга —
Булар тайын болады.
Керилип «кетмен» урады,
Ҳәр «кетменди» урғанда,
Өнсери гөш алады.
Бул «кетменге» шыдамай,
Мамаң «ўай-ўай» салады.
Ҳәкке деген енеғар,
Қан шыққан жерге өш екен
Шықылықлап келеди.
Ғарғалардың арасы менен
Бул ҳәм «кетмен» урады,
Ҳәр «кетменди» урғанда,
Өнсери гөш алады.
Бул «кетменге» шыдамай,
Мамаң «ўай-ўай» салады.
Атанақлы тоғыртқанын,
Айналып кетти нурбенти,
Суўдың өри басқан соң
Жөнлеп ағын ағады,
Саў-саламат бул мама,
Шәриярдың бағына
Аман-есен келеди.

Кийимин таўып алады, үстине кийеди. Кеңелсгең қояндай бүгежеңлеп мамаң бағқа нәзер етип қарады. Қараса—үйли бар екен бу. Әнжир, алмасы писксн, торсылдап жерге түскен, қумырылар дем шегип, тотылар сөз айтып, бүлбүллер сайрап, пәттеклер нала шегип турған Шәриярдың уллы бағын көрди. «Ет ашыўын сорпадан алайын»,—деп қолына сырықты алды. Жегенин жеди, жемеген мийўелерин сырық пенен қағып, Шәриярдың бағын көп ўайран қылды.

Мамаң ақшам бағдың ишинде болды. Шул күн жатты, таң атты, таң шолпаны бирге атты.

Шәриярдың бағ ортасында бир шардәреси бар еди. Шардәреге барып, жоқарысына шығып, бағдың төр тәрепине көз жиберип ол күнде қарайтуғын еди. Күндеги үрдиси бойынша жайынан турды. Шардәреге барды. Бағдың төрт тәрепине көз жиберип қарады: көзи мәштей, мәммеси таштай, белгенеси букирейген, қулақлары тикирейген, топпысы тозған, кесели қозған, еки дизеси қулағынан қарыс озған, бағдың ортасында турған бир жандарды көрди. Шәриярдың бағына, төрт аяқлы ҳайўанат, еки аяқлы адамзаттың келетуғын илажы жоқ еди. Шәрияр муны көрди. «Бул пери ме екен, я жинбекен, ол болмаса адамзатпекен? Муннан барайын, көрейин; егер адамзат болса сәлем берер, пери болса—индемес», деди, Шәрияр көшкиден түсти. Мамаға жақынлап келди. Мама мәккарлық етип, «Ассалаўма әлейкум»,—деп тәңир сәлемин берди. Шәрияр сәлемин әлик алды да:

—Сен перимисең я жинбисең, хабарыңды бер?—деди.

—Балам, мен адамзатпан,—деди мама.

—Сен адамзат болсаң, нетип жүрсең?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақтында маман қолын қаўсырып, Шәриярға қарап, бир-еки аўыз гәплей берди:

Мен мамақман, мамаңман,
Тахты-рәўан үстинде,
Дәўран сүрген мамаңман.
Жақсы билен жаманды,
Билетуғын мамаңман.
Бағыңның хабары барды,
Тахты-Зәрил қалаға,
Тағый-Зәрил қалаға,
Және Зәрил қалаға,
Әйнеки жәҳан бағына,
Ша Сулайман тағына,
Соның ушын мен келдим!

—Онда, мама, бизиң бағды көрдиң бе?—деди Шәрияр.

—Балам, көргеним жоқ.

—Онда, мама, кейниме ер, бағды көрсетейин саған.

Мама айтты:

—Балам, маманда мәдет жоқ, дизимде қуўат жоқ. Маманның жүретуғын ҳалы жоқ.

—Енди не қыласаң, мама?

—Балам,—деди мама,—я алақаныңның үстине қоясаң, яки мойныңа мингизесең. Сонда бағыңды көремен, болмаса аяғымды ҳәм қозғалтып баспайман.

Шәрияр маманы алақаны үстине алды. Бағдың күн шығыс тәрепи, арқа тәрепи, күн батар тәрепи, қубла тәрепи—төрт тәрепинин көрсетти. Сөйтип, әкелип маманы баяғы турған жерине қойып:

—Қәне, мама, бизиң бағды көрдиң бе?—деди.

—Балам, көрдим,—деди.

—Қалай екен, бизиң бағ, мама?—деди.

—Балам, сениң бағың ҳәм тәўир бағ екен. Сондай да болса бизиң жақтағы бағ жанында түйе шеңгел ҳәреми шелли йоқ екен,—деди.

—Ий, мама, мен қәйткенде тең келемен?—деди.

Мама айтты:

—Гәптиң туби, сом алтыннан шақа, тилладан жапырақ,ҳинжиден түйнек көгертсең ғана тең келесең.

Шәрияр мамаға иззет етип, бағдан шығарып қоя берди.

Өзиниң бағын дүньядағы бағлардың қудайы, деп ойлап жүрген Шәриярға маманың айтқанлары аўыр тийди. Шәрияр биймар болды. Ақыл-ҳуўшы Сулайманның тилсиминдеги сол бағды барып көриў еди. «Ата разы болса қуда разы» деген—Сасуўардың рухсат бермеслигин билип жипсиз байланды, қатты қыйланды. Қәсте болып, төсек тартып жатып қалды.

Баласы наўқасланған соң атасы Сасуўардың табы—ў—тақаты болмады. Тәўипти де, қоррандозды да жыйнады. Тәўиплер тамыр услады, қушнышлар суў бүркти, қоррандозлар қорра



www.ziyouz.com kutubxonasi

таслады. Ҳешқайсысы да дәртине даўа таба алмады, тек «Балақ бир нәрсеге ашық болған»,—дести.
Атасы Сасуўар Шәриярды шақырып алды:
—Қәне, Шәрияр, қәне балам! Атқа ашықпысаң?
—Жақ ата.
—Ал онда, балам, қызға ашықпысаң?
—Жақ ата.
Сасуўардың ашыўы келди. Шәрияр индемеди, кесел болып жата берди.
Қарындасы Әнжимниң табы-ў- тақаты болмады; ол атасы Сасуўардың алдына келди. Келип Әнжим атасына сәлем берди. Сәлемин әлик алды.
—Ата сеннен бир сорайтуғын гәпим бар.
—Балам, не сорайсаң?
—Ата, дүздеги өлген өлини қаяққа қояды?
—Оны балам, әўлийеге қояды.
—Үйдеги өлген өлини қаяққа қояды?
—Балам, мунам әўлийеге қояды.
—Ата. «Дүздеги өлген өлини әўлийеге қойып, үйдеги өлини жүкке сүйеп қоямекен», деп жүр едим. Адам өлсе—әўлийеге, жаны болатуғын болса, ата, ағам Шәриярға егленбей жуўап бер. Өйтип қәсте болып жатпасын.
. . .Шәрияр қара қасқа тулпардың белине минди, Тахты-Зәрил қалаға, Тағый-Зәрил қалаға, Және Зәрил қалаға, Әйнеки жаҳан, бағына, ша Сулайман тағына кетмекши болды. Атасы Сасуўар менен хошласты, одағласты.
Енеси Ақдәўлет пенен ҳәм хошласты.
Заманласы, басқасы менен ҳәм хошласты.
*Әнжим Шәриярдың алдына келмеди, кететуғын дәрўазасына* барып, ағасыны күтип тура берди. Шәрияр бәршеси менен хошласып, көшелерди аралап, дәрўазаға келди. Алдына қараса-қарындасы Әнжимди көрди. Әнжим де көрип, ағасының алдына келип, сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Ағасы Шәриярға қарап, қол қаўсырып Әнжим гәплей берди:

—Сени көрип мен йығлайман зар-зар,
Нашарлықтан ғәрип кеўлим биййқарар,
Сал қулағың, еситт мениң сөзимди,
Әнжиминиң сорар сеннен гәпи бар:

Тоғай толған қойыңды,
Муны кимге тапсырдың?
Өрис толған малыңды,
Муны кимге тапсырдың?

Атаў толған жылқыңды,
Муны кимге тапсырдың?
Игри мойын түйеңди,
Муны кимге тапсырдың?


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәзийнеде пулыңды,
Муны кимге тапсырдың?
Алла, алла, алла айтқан,
Алла атын көп айтқан,
Айры сақал атаңды,
Муны кимге тапсырдың?
Аялы қолдан май берген,
Тар қурсақтан жай берген,
Қан айырып сүт берген,
Түн уйқысынан оянған,
Музлы бесик таянған,
Қублагайы апаңды,
Муны кимге тапсырдың?
Таласып емшек емискен,
Тай қулындай тебискен,
Тар қурсақта жатысқан,
Қаналасың Әнжимиңди
Муны кимге тапсырдың?

Анда Шәрияр Әнжимге:

Узақта болса сорарым,
Жақында болса барарым,
Барсам, келсем базарым,
Жоқты сеннен азарым,
Сал қулағың, гәп тыңла,
Әнжимим, қарындасым.
Тоғай толған қойымды,
Аш бөриге тапсырдым.
Өрис толган малымды,
Аш жолбарысқа тапсырдым.
Атаў толган жылқымды,
Жылқыманға тапсырдым.
Игри мойын түйемди,
Сәрўапыма тапсырдым.
Ғәзийнеде пулымды,
Дәўлетиме тапсырдым.
Алла, алла, алла айтқан,
Алла ядын көп айтқан,
Айры сақал атамды,
Бир қудаға тапсырдым.
Аялы қолдан май берген,
Тар қурсақтан жай берген,
Қан айырып сүт берген,
Түн уйқыдан оянған,
Музлы бесик таянған,
Қублагаҳым енемди,
Ол Пәтмаға тапсырдым.
Таласып емшек емискен,
Тай қулындай тебискен,
Тар қурсақта жатысқан,
Қарындасым Әнжимжан,
Әўел қуда, қалды пир,
Ыразы ҳаққа тапсырдым, —

деп одағласып, хошласты. Әнжимге қарап, «Жетти айдан келсем-келгеним, жетти айдан келмесем—пайманамның толғаны, Сулайманның журтында сүйегимниң қалғаны. Жетти айда келмесем, дүнья-малды тәрк етип, қара шашыңды бөрик етип, темирден ҳаса қолға алып, темирден геўиш кийип, қәлендер сыпатта болып, сүйегимди излеп бар»,—деп сөзин ада қылды Шәрияр Әнжим қаласына қайтты.

Шәрияр Сулайманның тилсимине тәўекел етти. Атының белине минди, садағын алды. Исми-ағзам дуўаны көкирегине яд етип, күни-түнин бир етип, уйқыға көзин үйретип, кеште жатпай, күндиз тынбай, жолға раўана болды.

Түлки жүрмес түнейден,
Түнде кетип барады.
Қарсақ жүрмес қалыңнан,
Муннан да өтип кетеди.
Терең жылға, терең сай,
Сыпсың питкен қарағай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуйгелекли көп тоғайды,
Аралап жөней береди,
Ғазлар менен қағысып,
Бултлар менен жарысып.
Еки сәккиз он алты,
Және сәккиз, және алты,
Отыз күн анық жол алды,
Отыз бир күн болғанда,
Аттан жерге қонады,
Қоржыннан китап алады.
Сәнесине қараса,
Мусылман менен перипиң,
Шегарасына Шәрияр —
Келгенлигин биледи.
Және атқа минеди,
Тәңирге тәўекел етип,
Жолға раўан болады.
Күниниң көзин думан алды,
Жериниң жүзин ғубар алды.
Шәрияр муны көреди,
Исми-ағзам дуўасын,
Тынбай оқый береди.
Және алдына қарады,
Және алдына қараса,
Өзи жаман гөрбетли,
Қайнатқан темир сыпатлы,
Аяқлары маладай,
Қоллары бар жабадай,
Қулақлары қалқандай,
Мурынлары заңғардың,
Қамтып алған талқандай,
Еки көзине қарасаң
Сапар айының онбесинде
Дуўры келген бәлөдей,
Бир апаты,
Бир бәлени көрди.
Шәрияр муны көрип,
Ағзындағы алласын,
Тилиндеги сәнесин,
Бәржай етип,
Қолға қылышын алады.
Қылыш алған ўақтында,
«Қаша-қаш,
қаш-ҳа-қаш», — деп
Шәриярдың көзинен
Тилсим ғайып болады.
Думан енди арылды,
Күн қәддине келеди.
Күн қәддине келген соң,
Көз жиберип қараса,
Бир пақшасы қоладан,
Бир пақшасы гүмистен,
Бир пақшасы алтыннан,
Бир пақшасы зербарақ,
Түрли-түмен, көп иштен
Және қырқ гез ғарғалық,
Бир қаланы көреди.

Қалаға жақын келеди. Ҳәр тахтасы он алты, отыз еки батпан дәрўазаның алдында парлап жанып турған бир отты көреди. Отты көрип Шәрияр, бунын қулпынын бары-жоғын билмеди. Қаланың гилти-қулпын от Шәриярға көрсетпеди. Шәрияр өткенлерин яд етип қылыштың балдағына қол салды. Қынаптан суўырып алды. Жанған отқа қылышты тартып жиберип еди, турған жеринде сөнип қалды.

Шәрияр дәрўазаға қарап еди, «Гилти-қулпы жоқ,» деп жазылған бир сананы көрди. Атынан жерге қонды, жерден бир қысым топырақ алды. Исми-ағзам дуўасын тәкирар етип, дәрўазаға бир урды. Дәрўаза ашылып, Шәриярға жол берди. Шәрияр қалаға кирди. Инсиз-жинсиз мақлуқлар Шәриярды көргенде, «Адамзат қалаға келди», деп бәршеси алдында гүўлеп қаша берди. Бәлент көше, пәс көше, беглер жүрген тар көше,



www.ziyouz.com kutubxonasi

айналыш көше, кең көше—көшелерди аралап, Шәрияр келе берди. Алдына қарады: айлар менен қағылысқан, күнлер менен шағылысқан, аспаннан танапы йоқ, жерден тиреги йоқ күдирет турған бир алтын тахтны көрди.

Бул Жулдызшаның қаласы еди. Жулдызшаның Күндызхан пери деген қызын атасының орнына халық патша етип қойған. Шәрияр тахтқа қараса—жуп жығасы басында, қырқ кәнизи қасында, пашшалық дәўран сүрип отырған қыз пашшаны көрди. Шәрияр қыял етти: «Мунын тусынан томпайып өте бергеним өзиме миясар болмас. Дөңсе беш, дөңмесе он беш, буған бир дақылласып, бир-еки аўыз айтып өтейин». Шәрияр қыз пашшаға қарап:

—«Бисмилла», деп гәп айтсам,
Билерсең бе, қызгене?
«Әлик» десе сести жоқ,
Әхди ялған яргене?
Тақыяң бир дәлгене,
Ақ жүзиңде қалгене,
Сендей қызды көргенде,
Сап-саў басым сәлгене,
Созайым ба қызгене?
Дәл мойнына, қызгене,
Салайым ба қолымды,
Әхди ялған яргене?
Шашбаўың бар шоқгене,
Бир Қудадан басқадан,
Ҳеш мүтажың жоқгене,
Барайым ба, қызгене?
Дәл мойнына қолымды,
Салайын ба азгене?
Алма берсем жермисең?
Шунда ярым дермисең?
Жеп болған соң алмамды,
«Қайда көрдим бийгәна,
Қайда көрдим дийўана,
Дийўана ярым», дермисең? —

деп үстинен тасыйып өте берди. Қыз пашша ҳәмир етти: «Бу зангардың «барайынбасы», «салайынбасы» не екен?! Услап алып келиңлер мупы!».

Еки кәнизек кетти. Шәриярдың алдынан шықты. Шәриярдың минген атын услап алды; жетелеп, қыз пашшаның алдына алып келди. Қыз пашша тахтта отыр, Шәрияр еденде турды. Қыз пашша айтты:

—Қәне, сен жигит, молламысаң?

Шәрияр айтты:

—Көп емес, азырақ.

Қыз пашша айтты:

—Ал, егер, мен қулып болсам, сен гилт болып ашармысаң?

Айтпақ—қыз пашшадан, шешпек—Шәриярдан. Қыз пашша Шәриярға қарап, неше йерлерден тымсал келтире баслады:

—Ол немерсе* көктен жерге доланған?
Ол немерсе қолын жайып тиленген?

---

* Не нәрсе.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол немерсе қызыл қанға боянған?
Инсан, молла болсаң буған бер мәни?

Шәрияр айтады:

— Булт болур көктен жерге доланған,
Дәрўиш болур қолың жайып тиленген,
Шейит болур қызыл қанға боянған,
Қыз пашша, саўал сорасаң мәниси шул.

Қыз айтады:

— Ол немерсе сүўрети бар, жаны жоқ?
Ол немерсе ақ жүзиниң қаны жоқ?
Ол немерсе қанатының пәри жоқ?
Инсан, молла болсаң буған мәни бер?

Шәрияр айтады:

— Қара жердиң сүўрети бар жаны жоқ,
Ант урған адамның жүзде қаны жоқ,
Жәбирсйилде қанатының пәри жоқ,
Қыз пашша, саўал берсең мәниси шул.

Қыз айтады:

— Ол немерсе ишпей-жемей тойдырған?
Ол немерсе тилениўди қойдырған?
Ол немерсе табанынан сойылған?
Инсан, молла болсаң буған бер мәни?

Шәрияр айтады:

—Ийман болур ишпей-жемей тойдырған,
Ҳадал мийнет тилениўди қойдырған,
Сутқор болур табанынан сойылған,
Қыз пашша, саўал сорасаң мәниси шул.

Қыз айтады:

— Қайсы журттан мунда көктен сес келмуш?
Ол немерсе жатар, қары еримес?
Бир жылында нешше ай, нешше күн келмиш?
Инсан, молла болсаң буған бер мәни?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шәрияр айтады:

—Дәрғанның журтынан көктен сес келмиш,
Ғаўықаның жатар, қары еримес.
Бир жылында он еки ай, үш жүз алпыс күн келмиш,
Қыз пашша, саўал сорасаң мәниси шул.

Шәрияр гәпти ада етти, қыз пашша жеңилди.

Атасы Жулдызшадан қалған арша бар еди. Қыз пашша жайынан турды, аршаның қасына келди. Аршаны ашты. Ишине қараса — «Жулдызшаның қызыны Шәрияр алар», деген сапапы көрди. Сол ўақта қыз пашша оның Шәрияр екенлигин билди, тахттан жерге өзин таслады. Қыз пашшаны жерге тийдирмей, Шәрияр алмадай қақшып алды. Әсте-әсте жерге қойды. Жерге қойған соң қыз пашша жайынан турып, Шәриярға қарап, неше йерлерден тымсал келтирип:

— Шәриярмысаң сен?—деди;
— Көрисейик кел, —деди,
— Танысайық кел, —деди;
— «Бермес ханның елини,
Шәрияр алар», —деп еди;
Шәриярмысаң сен? —деди;
— Көрисейик кел, —деди,
— «Қараханның журтыны,
Шәрияр алар», деп еди,
Шәриярмысаң сен?—деди:
— Көрисейик кел, —деди;
— «Жулдызшаның халқыны,
Жулдызшаның қызыны,
Қундызхандай перийди,
Шәрияр алар», деп еди,
Шәриярмысаң сен? —деди;
— Көрисейик кел, —деди;
— «Қарумшаның халқыны,
Еменшаның журтыны,
Шәрияр алар», деп еди,
Шәриярмысаң сен? —деди;
—Танысайық кел, —деди;
— «Тахты-Зәрил қаланы,
Тағый-Зәрил қаланы,
Әйнеки Жаҳан бағыны,
Ша Сулайман тағыны,
Шәрияр алар», деп еди,
Шәриярмысаң сен —деди;
— Көрисейик кел, —деди;
— «Жети журтқа Шәрияр,
Патша болур», деп еди.
Шәриярмысаң сен, —деди;
— Ырасыңнан кел, —деди.

Шәрияр ырасынан келди. Некесин қыйдырып, қыз пашша Шәриярға ықтыярын берди. Алтын тахттың үстинде тилла сарай ишинде қыз пашша менен Шәрияр дәўран сүрди.

Арадан қырқ күн өтти. Бүйерде алтыннан шақа жоқ, тилладан жапырақ жоқ, ҳинжиден түйнек жоқ. Шәрияр атланып кететуғын болды. Қарақасқа тулпардың белине минди. Тәңирге тәўекел етип, Булбулгоя мулақупқа Шәрияр кетермен болды. Қыз пашша Шәриярдың алдына келди. Қыялының бузылғанлығын билди. Әлипләм қолын қаўсырып, қыз пашша сөйлей берди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сени көрип мен йығлайман зар-зар,
Нашарлықтан ғәрип кеўлим бийқарар,
Сал қулағың, есит мениң арзымды,
Алғанымның айтар саған арзы бар.

Бул басыңда тилла жыға тәрзиң бар,
Яратқаннан бес ўақ намаз қарзың бар,
Сал қулағың, есит мениң сөзимди,
Алғанымның айтар саған арзы бар.

Шаппай-желмей бул майданда майырар,
Ушпай-желмей қанатыннан қайырар,
Ол қалаға барған аман келмейди,
Ағар барсаң сени меннен айырар.

Дәўперисн көрсе дәрриў тутады,
Айдарҳасы көрсе дәрриў жутады,
Ол қалаға барған аман келмейди,
Қала қурысын, қәдем қойма, Шәрияр.

Ушып бүлбүл, зағлар қонар лашына,
Алла рәҳим әйлегей көзде яшыма,
Ол қалаға барған аман келмейди,
Қала қурысын қәдем қойма, Шәрияр.

Шәрияр Қундызхан перинниң сөзин еситти. Сонда да қарақасқа тулпарының үстине минип, садағын алып, Шәрияр кетермен болды.

Атасы Жулдызшаның бир қәсийетли жүзиги бар еди. Қыз пашша жүзикти қолына алды. Шәрияздың қасына келди:

— Әй, Шәрияр, атам Жулдызшадан қәсийетли бир жүзик бар еди, оң қолыңа сал. Сен қаладан шығарсаң, түрли-түрли тилсим бар, олар ҳәр сөзлерди айтар. «Атам еди Жулдызша» десең, жүзикти қаратсаң, бәрше айырылып саған жол берер. Муннан аман қутылсаң, жол үстинде урысып турған еки дәўди көрерсең. «Атам еди Жулдызша», деп, сен жүзикти қаратсаң, дәўлер айырылып жол берер. Муннан аман өтерсең. Сулайман қаласына барарсаң. Бүлбүлгоя мулақуш, үсти толған көп нақыш, тамағының астында 90 дуўа бәнти, қанатының астында 62 нақыш. ҳәр дуўаның бәнтинде 1000 әлиптиң шәрти бар—дарақты көремен, деп қушдан сен дуўадан жеңилип, сүўретинде суў болып, жетти кеше таўланып қаларсаң. Гәҳи баргыл, гәҳи барма ендигисин өзиң билерсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шәрияр қыз пашшаға қарап: «Жетти айдан келсем келгеним, жетти айдан келмесем, пайманамның толғаны, Сулайманның журтында сүйегимниң қалғаны»,—деди.

Қыз пашша менен Шәрияр одағласып хошласты.

Қыз пашша бәргасына қайытты. Шәрияр Сулайманның тилсимине қарап тәўекел етти.

Ат белине минеди,
Өткенлерди яд етип,
Жолға раўан болады.
Астындағы әреби ат,
Орнаң жерде ойнады,
Борбаслаў жерде қарғыди.
Аққан суўдай жылысып,
Табанын жерге тийдирмей,
Жүз тоқсанлық жорғадай,
Шапты бедеў толықсып.
Гә аспанға ушады,
Гәҳи жерге түседи,
Табаны тасқа шақылдап,
Қайтқан ғаздай ғаңқылдап.
Қуйысқаны бөктериўге
Үсти-үстине шарпылдап,
Аттан аққан терлери,
Абылайсаң жаўындай,
Қара жерге сиркиреп,
Шабандоз ылғал әйледи,
Күни-түнин бир етип,
Уйқыға көзин үйретип.
Қуўдай мойнын созады,
«Даҳ» дегенде әреби ат,
Ушқан қустан озады.
Ол алдына қарады,
Төменги ерни жер тиреп,
Жоқарғы ерни көк тиреп,
Жол үстин алып атқан,
Айдарҳаны көреди.
«Атам еди Жулдызша», —деп,
Ол жүзикти қаратты,
Жүзикти көрген ўақытта,
Мына енди айдарҳа,
Турған жерден күл болды,

Оннан да арман барады. Еки бирдей дәўдиң жол үстинде қошқардай қағысып турғанын көрди. Шәрияр муны көрип, Жулдызшаның жүзигин қолына салды:

«Атам еди Жулдызша», —деп
Бу жүзикти қаратты,
Дәўлер айырылып жол берди.
Әйледи ҳаққа минәжат,
Болды пирден шарапат,
Бул тилсимнен де Шәрияр,
Аман-есен қутылды.
Ақшам жатпай, күндиз тынбай,
Сулайманның тилсимине,
Шәрияр жетип келеди.
Және алдына қарады,
Бир пақшасы қоладан,
Бир пақшасы—гүмистен,
Бир пақшасы—алтыннан,
Бир пақшасы—яқуттан,
Бир пақшасы—зербарақ,
Дәрўазасы—шаңырақ,
Және қырқ гез ғарғалық,
Көрди Сулайманның
Қаласын Шәрияр.
Қалаға жақын келеди,
Дәрўазаға барады,
Нәзер етип қараса,
Бу қаланың урылған,
Сирә қулпы жоқ,
Ашатуғын гилти жоқ,
Шәрияр муны көрип,
Ҳайран болып турады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәрўазаға және нәзер етип қарады. «Адам уғлы—инсан келсе дәрўаза оған жол берер», деген бир жазыўды оқыды. Қарақасқа тулпарды қаланың сыртында, «Әй жәниўар, маған ыразы бол», — деп дараққа тартып байлап, бир-еки аўыз сөйлей берди Шәрияр:

— Тақтым мойныңа қоштумар,
Сеннен басқа кимим бар?
Бул тилсимде өлеғойсам,
Мен ғәрипке,
Ыразы болғыл жәниўар,

Әйледим ҳаққа минәжәт,
Ете алмадым мен мурат,
Әўел қуда, қалды пирге,
Тапсырдым сени әреби ат.

Өзин өлимге сайлап қарақасқа тулпары менен хошласып Шәрияр дәрўазаға келди. Жерден бир қысым топырақ алды. Топырақты дәрўазаға ылақтырды. Дәрўаза ашылып жол берди.

Ыразы болды қазаға,
Сабыр етти 100 мың бәлеге.

Инсиз-жинсиз мақлуқлар Шәриярды көргенде, «Адамзат қалаға келди»,—деп бәршеси гүўлеп қаша берди. Бу Тахты-Зәрил қалаға, Тағый-Зәрил қала, Және Зәрил қала, Сулайман ның өзи арыз сорайтуғын жери еди. Алдына қарады. Қараса—шийше киби суў болған, киндигинен байланған, адам сүўреттеги бир қара тасты көрди. Шул тасқа тил питти. Шәриярға қарап ол сөйлей берди:

— Қайғы әсерин басқа салған бүне дәрт,
Бул мийнеттен азат еткей қудирет,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Қала қурысын, қәдем қойма, адамзат.

Ашылғай ма он гүлиңнен бир гүлиң,
Саған қарсы душпанға келгей сум өлим,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Қала қурысын, қәдем қойма, адамзат.

Буўған беллериңде тилла қамарың,
Тилегиңди душ қылғайма қудайым,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Қала қурысын, қәдем қойма, адамзат.

Шаппай-желмей бул майданда майырар,
Ушпай-желмей қанатыңнан қайырар,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Егер барсаң ата-анаңнан айырар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ушып бүлбүл ғарға қонар лашыңа,
Алла рәҳим әйлегей көзде яшыңа,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Егер барсаң қонар қузғын башыңа.

Шәрияр қарамады, тыңламады. Дәрўазадан ишке кирди.

Батыр Сулайманның бәргасына келди.

Бир қабаты-ҳилладан,
Бир қабаты пилладан,
Бир қабаты ханшийе,
Бир қабаты-қусшийе,
Түрли-тумен көп иштен*.
Бина болған,
Сулайманның,
Төсегин көрди.

Оннан ҳәм ары барды,
Ол алдына қарады:
Ишин мәйге толтырған,
Алтын менен қаплатқан,
Гүмистен пуў бердирген,
Зумийраты, лалы-маржаннан,
Пайруўзадан қаш қойдырған,
Сарҳаўызын көрди.

Шәрияр сарҳаўыздың бойына келди.

Уллы бир дарақты көрди,
Ҳәм жоқары қарады:
Алтын қәпес ишинде,
Тилла қәпес сыртында,
Усти толған көп нақыш,
Тамағының астында,
Тоқсан дуўа бәнти бар,
Ҳәр дуўаның бәнтинде,

Мың ҳәриптиң шәрти бар,
Бүлбүлгөя мулақушты
Сонда көрди Шәрияр,
Және қарады:
Алтыннан шақа,
Тилладан жапырақ,
Ҳинжиден түйнек,
Дарақты көрди.

Маманың айтқан дарағы усы екен. Шәрияр дарақтың басындағы Бүлбүлгөя мулақушқа қарап гәплей берди:

«Бүлбүлгөя сен», —деди,
«Тәўекелши мен», —деди.
«Узақтан келген талабанман,
Оқысаман, айтысаман,
Шық қәпестен сен», —деди.

Бүлбүлгөя сонда:

— Қудай урған адамзат,
Жәлил урған адамзат,
Қорықпадың ба жаныңнан,
Қайтсаң бойма сен, —деди.

---

* Нәрселерден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шәрияр сонда:

— Тәўекелши ол алла,
Тәўекелши мен,— деди.

— Айтысаман,
Оқысаман кел» —деди.

Бүлбүлгөя:

— Қудай урған адамзат,
Жәлил урған адамзат,

Меннен көрме қудадан көр,—

деп қәпестен шығады.

Алдырағына барады,
Шақасына қонады,
Оның қонған шақасы,
Ийилип жерге деңеди.
Исми ағзам дуўадан,
Жаңылмады Шәрияр,
Тынбай оқый береди.
Қустың қәҳәри келеди,
Оң ийнине қонады,
Шеп ийнине қонады,
Шақалақлап күледи,
Айдарҳалар дем шекти,
Жолбарыслар ақырып,
Айбат етип келеди,
Қустың қәҳәри келеди,
Жаңылмасын биледи.
Тас төбеге қонады,
Түрли-түрли намаға,
Салып неше дуўаға,
Шақалақлап күледи.
Шәрияр сонда қарады,
Асты— топырақ усти—от,
Екеўиниң ортасында
Бүлбүлгөя қусыңның
Жаўлап урып жүргенлигин,
Шәрияр енди көреди.
Тилиндеги санасын,
Исми-ағзам дуўасын,
Тынбай оқый береди.
Қустың қәҳәри келеди,
Жаңылмасын биледи.

Ол шалыға барады.
Бир пәринен байланый,
Бир тырнақтан айналып,
Үш жүз алпыс таўланып,
Түрли-түрли намаға,
Салып неше дуўаға,
Шақалақлап күледи.
Қус күлген ўақытында,
Жерде күле береди,
Көк те күле береди,
Өлип атқан өликлер,
Бәри жайынан турады.
Булар да күле береди.
«Өликлер неге күледи?» деп,
Шәрияр ҳәм күле береди.
Тилиндеги сананын,
Не екенин билмеди.
Бүлбүлгөя сөйледи:
— Қудай урған, адамзат,
Жәлил урған, адамзат.
Жулдызша жүзигиниң,
Ал—әлибин оқымай,
Әрманлы кеттиң, адамзат.

Дуўадан Шәрияр жеңилди,
Турқы қара тас болды,
Сүўретинде суў болды,
Киндигинен байланып,
Етти ирет таўланып,
Сулайманның шәҳринде
Шәрияр мәңги қалады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шәриярдың минген қарақасқа тулпары ийесинен тәме қылып, қаланың сыртында 7 күн турды. Шәриярдан наму-нышан болмады.

Арадан 10 күн өтти. Шәриярдан хабар болмады.

15 күн ҳәм өтти, Шәриярдан хабар болмады.

Шәриярдың дуўадан жеңилгенлигин билип, Ҳәзирети Қыдыр атты дарақтан шешти, танапын ериниң басына қыстырды. Кеште жатпай, күндиз тынбай оны жетелеп Емен журтына алып келди. Со баяғы Шәриярдың отырған жерине ат келди, дәрўазаның алдында қалды. Қарақасқа тулпары:

Кеўли бузылып,
Бағры езилип,
Көзинен аққан жаслары,
Ноқтаға суў боп жабысып,
Аўнап—аўнап жылады.

Таң атты. Әнжим жайынан турып, күнде бир ирет майданға нәзер етип қарайтуғын еди. Бул сапар дәрўазаны ашып, далаға қараса, аўнап жылап атырған бир ҳайўанатты көрди.

Аттың қасына келди. Аңласа: ағасы Шәриярдың минген қарақасқа тулпары екен. Аттың танапын қолына алды; жетелеп, өзиниң бәргасына алып келди. Ат мойнынан қушақлап, көзиниң жасын моншақлап, Әнжим сорай берди:

— Тақтым мойнынa қоштумар,
Сеннен басқа кимим бар?!
Өзиң келдиң ийен, қайда?
Тилиң болса сөйлесеңә,
жәниўар!
Әйледим ҳаққа минәжат,
Ете алмадым ҳеш мурат,
Өзиң келдиң, ағам қайда?
Хабарын бер бизлерге,
Көзгепеннен, әреби ат.

Өзиң ҳайўан демесең,
Ақыллы адамнан зыят —
Көкке шапшып ойнады,
Суўлығын ғарш-ғарш
шайнады.
Әнжим атлы нашардың,
Тилладан кәти бар еди,
Сол кәтке жақын келеди,
Туяғы билен тебеди,
Мыйығын барып тиследи.
«Ағаң Шәрияр,
Сулайманның қаласында,
Турқы қара тас болды,» деп
Ат мысалын келтирди.
Әнжим муны көрди,
Ағасы Шәриярдың
Бәнт болғанлығын билди.
Атты жетекке алып,
Бурынғы дәблесине
Алып келди.

Бурынғы хызметкерин шақырып алып, атты оның қолына берди. Ат—абзалларын сыйырып алып, қасып-қарман мақпалдан сайлап дорба илди, кишмиштен сайлап жем берди. Атасы Сасуўардың алдына келди. Сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Атасына қарап, Әнжим:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен жылайман зар-зар,
Перзентиңни тыңласаң,
Айтар саған арзы бар.
Шаппай-желмей майрылдың,
Жез қанаттан қайрылдың,
Сен балаңнан айрылдың,
Мен ағамнан айрылдым.
Жалғыз ағам Шәриярдың,
Аты келди өзи жоқ,
Жуўап берсеңиз маған,
Жалғыз ағам Шәриярдың
Мен сүйегин излеймен,
Ата қалай көресең?
Я таланды дүнья-мал,
Болғай тасаддық шийриң жан,
Жалғыз ағам Шәриярдың,
Жуўап берсең атажан,
Мен сүйегин излеймен,—

Деп арзын айтып қол қаўсырып,
Куллық етти шул заман.

«Жортқанда жолың болсын, жолдасың Қыдыр болсын, Қырқ Шилтен Ғайып Еренлер жылаўында жүрсин Душпанларың пәс болсын, ўақтың шадап хош болсын, ғайыбын ағаң табылсын. Жолың болсын перзентим»,—деп:

Қол көтерип Әнжимге,
Дуўа қылды атасы.

Әнжим жайына келип, дүнья-малны тәрк етип, қара шашын бөрик етип, темирден ҳаса алды, темирден кеўшти кийди. Жайынан шығып, «Ағамның дийдарын көрсетегөр», деп Шәриярдың сүйегин излеп:

Күни-түнин бир етти,
Уйқыға көзин көзин үйретти,
Таўды, қумды аралап,
Жолға раўана болады.
Түлки жүрмес түнейден,
Түнде кетип барады,
Қарсақ жүрмес қалыңнан,
Буннаң да өтип келеди,
Көгершинли көп тоғайды,
Аралап жөней береди.
Беш күн жүзи болады,
Он күн жүзи толады,
Қайлардан қайда барарын
Әнжим билмей келеди.
Он бес күн жүзи болады,
Ат кекилин тарады,
Он бес күн жүзи толған соң,
«Мезгилхана бар ма» деп,
Ол алдына қарады.
Бир ақ минар,
Бир қара минар,
Думан киби Әнжимниң
Олар көзине көринди,
Әнжим турып ойлады:
«Буннан енди барайын,
Минарларды көрейин,
Ел бармекен өйерде?
Жалғыз ағам Шәрияр,
Өттимекен бүйерден?
Сораў салып өтейин».

Әнжим бул минарларға жүрис етти. Бир күн жол жүрди; таўларды, қумды аралап, еки таўдың бәндиргисине келди. Аңлап қараса — минарлар деп турғаны:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақмары деген ақ жылан,
Қара мары деген қара жылан.
Жыланларға қараса,
Жуп жығасы басында,
Пашшалық липас үстинде —
Екеўи ҳәм пашша екен.

Буларның урысып атырғанын Әнжим билди. Қарамары алдында Ақмары әззилеп, өлер ҳалға келипти. Әнжим муны көрди. Турып ойлады: «Қәдимнен қалған сөз еди, «Өзиң жолаўшы болсаң, жол үстинде еки адам урыса қойса, әззи келгенине көмек бер», деген нақыл бар еди. «Еки адам бир адамның тәңириси», дегени де бар. Қолыма қанжар алайын, Ақмарыны айналып, Қарамарыға қанжар урайын. Ақмарыға көмек берейин».

Келип Қарамарыға Әнжим қанжар урды. Өлтирди. Қарамары кәпир перисиниң Ақмары мусылман перисиниң пашшасы еди. Ақмары Қарамарының дәстинен қутылды: еси аўып, көзи тынып, жығылып қалды. Көп ўақтан соң ҳуўышына келди. *Ҳуўышына келген соң Әнжимге «Мениң кейниме ер»,* — деп ишарат қылды. Жыланның тилине Әнжим түспеди, не дегенин ҳәм билмеди. Әнжим онда барды, мунда барды, жылан кейнинен қалмады. Бир ўақытта Әнжим ойлады: «Бу-ғо кейнимнен қалмады, усы жыланның айтқанын-ақ етейин, мен кейнине ерейин». Турды, жылан қасына келди. Жылан бир тәрепке қарап жүрди. Әнжим жыланның изине ерди. Дағыстанды аралап, бир уллы таўға келди. Таўдың төменинде турды. Бул таўдың бәлентлиги сондай, қанатлы қус болмаса, төрт аяқлы ҳайўанат, еки аяқлы адамзат шығыўға ҳеш мүмкиншилиги жоқ. Әнжим қарады: жыланның нәзериндеги қапыдай бир қара тасты көрди. Буны көтерди. Ишкериге нәзер етип қараса, инсиз-жинсиз мақлуқлардың жер астында жаўлан урып жүргенлигин көрди. Ақмары ишкери кирип кетти. Әнжим далада қала берди. Ақмары перилердиң қасына келди. Ақмары қараса: Әнжим жоқ, далада қалыпты.

Және далаға шықты, Әнжимди алдына салды. Ақмары кейнине ерди. Тилсимге алып келди. Әнжимди көргенде аждарҳалар дем шөгип, жолбарыслар ақырып, қуслап қуныш тартып, түрли-түрли тилсим Әнжимниң алдында тайын болды. Әнжимди жүргизбеди. Ақмарыны көрип еди, — ҳәммеси түйедей шөгип қалды.

Әйледи ҳаққа минәжат,
Болды пирден шарапат,
Мына енди тилсимнен,
Әнжим аман қутылды,
Шунда сағыў-саламат.

Ақмары Әнжимди ертип, бир жақтылы жерге алып келди. Бўйерде дем алып турды. Әнжим әтирапына қарады. Байдақ-байдақ, сәнжақ-сәнжақ, ләк-ләк, бийесап бир көп елатты көрди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әнжим алдына қарады. Шаңарағы дән-даннан*, уўығы бар гүмистен, босағасын борлатқан, керегесин сырлатқан, ағанжим менен тақтырған, ушыға менен жаптырған, мақпалдан туўырлық туттырған, үйине тутқан шийлерин «Жарасықлы болсын», деп алтын менен гүмистен, рәңбәрең хәрқыйлы қылып айқастырып байлатқан, ақ орданың аўзыны дәл қублаға қаратқан, пәшшалықтан қуралған 9 отаўды көрди.

Ақмары жүрис етти, Әнжим кейнине ерди. Отаўдан:

Қарағай бармақ,
Жез тырнақ,
Дәлли қоңлы,
Ап-аппақ,
Юпқа додақ,
Ақ қуўдайын мойынлы,
Тоты қустай таранған,
Аптаптай бир кәнизек,
Ақмарының қасына келди.
Ақмарының мойнынан
қушақлап,
Көзиниң жасы моншақлап,
Боталы түйедей бозласты,
Қозылы қойдай маңырасты,

Отаўға Әнжим хәм кейнинен барды. Келип үйге қараса — төрде қурыўлы турған алтын тахтты көрди. Ақ жылан тахттың үстине минди. Қыз бир ақ май, бир қара майды алып келди. Ақ май менен сыйпап еди, жылан липасы төгилип, жерге түсти. Жуп жығасы басында, пашша болып отырды. Ақмарының атыны Еменша дер еди.

Әнжимди шақырып алды: «Балам, мында кел». Әнжим жанына барды. «Балам, — деди, — кәпир патшасының қолында әззи келип турғанда, сен келип шықпас жанға себепкер болдың. Душпанымды өлтирдиң. Бир умытылмас маған жақсылық еттиң сен. Саған мен хәм жақсылық етемен. Улдай көрген қызым бар, сол қызымды аласан». Әнжим айтты: «Ата, ала алмайман мен».

— Ала ғой, балам, сен?

— Ала алмайман мен.

Пашша айтты:

— Балам, «Дос — бергенниң жүзине қарамайды», деген нақыл бар еди, ала ғой балам, алағой, балам, сен.

Сонда Әнжим ойлады: «Және айтсам, мениң нашар екенлигим билинер. Сыр бермейин». Әнжим жайынан турды. Қыздың отаўына келди. Әнжим қол узатпады. Қыз хайранлық пенен үш күн өтирди. Үш күннен соң Әнжим қыял етти:

«Дөңсе беш,
Дөңбесе он беш,
Мұның бир ҳалын көрейин».

---

* Тислерден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызға қол узатты. Қыздың ашыўы келди. Әнжимниң қолын қағып жиберди. Қолын қаққан соң Әнжимниң ашыўы келди. Пашшаның қызын шашынан таўлап услап алды, қағып арқасына салды. Қызды арқалап, атасы Еменшаның алдына алып келди. Жерге қойды, «Ата, — деди, — сен қабыл етсең ҳәм перзентиң мени қабыл етмеди-ғо?». Сол ўақытта пашшаның қызы жайынан турып, әлиплам қолын қаўсырып, атасына қарап, арзы етип, бир-еки аўыз гәплей берди:

— Бул башында тилла жыға тажың бар,
Бир қудадан бес ўақ намаз парзың бар,
Сал қулағың ешит мениң сөзимди,
Перзентиңниң айтар саған арзы бар.

Сени көрип мен йығлайман зар-зар,
Нашарлықтан ғәрип кеўлим бийқарар,
Сал қулағың ешит мениң сөзимди,
Мен нашардың айтар саған сөзи бар.

Бедеў минген дағыстанда желер ме,
Ҳақ ҳәмирине бенде қайыл болур ма,
Ол да нашар, мен де нашар, хан ата,
Бир нашарды бир нашарға берер ме?

Ўаланды баста дүнья-мал,
Болғай тасаддық шийрин жан,
Бир нашарды бир нашарға бергенин,
Қай китаптан көрдиң енди, ата, сен?!

Атасы қызына қарап:

— Қараңғыда, қарағым,
Қармар қолым, шырағым,
Асқар таўым айбатым,
Белгинемниң мәдети,
Дизгинемниң қуўаты,
Алдымда жүрсе айбатым,
Кейнимде жүрсе қуўатым,
Узақта болса сорарым,
Жақында болса барарым,
Барсам-келсем базарым,
Тилладан питкен сазым,
Сал қулағың гәп тыңла,
Қапа болма гәўҳарым.

Қарамары қолында,
Әззи келип турғанда,
Қолына қанжар алғанда,
Сеннен бурын перзентим,
Нашарлығын билгенмен.
Көре-биле перзентим,
Бул нашарға бергенмен.
Тахты-Зәрил қалада,
Тағый-Зәрил қалада,
Және Зәрил қалада,
Әйнеки жаҳан бағында,
Ша Сулайман тағында,
Үсти толған көп нағыш,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тамақының астында,
Тоқсан дуўа бәнти бар,
Қанатының үстинде,
Алпыс еки нақышы бар,
Ҳәр дуўаның бәнтинде,
Мың әлиптиң шәрти бар,
Бүлбүлгөя қушыңнан,
Ол дуўадан жеңилди.
Қапа болма, перзентим,
Сениң ярың Шәрияр, —

деди. Бу сөзди ада қылып, пашша қызына бир мәртебе дем урды. Пашшаның қызы жуп-жумалақ топ болды. Әнжимге, «Муны, адам қәддине келтир», — деп ишарат қылды. Әнжим дуўасын тәкирар етип, бир мәртебе дем урды — адам қәддине келди. Және Әнжим бир мәртебе дем урды — жуп-жумалақ тас болды. *Әнжим* үш *мәртебе тас етип,* үш *мәртебе адам қәддине келтирди.* Пашша айтты:

— Балам, өз ҳалыңа яқшы екенсең. Әгер сен надурыс болсаң, сени оқытып, қамалға келтирип жиберейин, деп едим. Саған бир сөз айтайын, балам. Сулайман пашшаның дийўан молласы дәў *болған. Аспижаҳангир* — аты, Бүлбүлгөя қусы екен. Сулайман өлгеннен соң жүзик дәўдиң аўзында қалған. Аспижаҳангирге шөли-баян, Бүлбүлгөяға қала мураз* болған. Болды күш со үшеўинде! Аспижаҳангир менен дәў жыл он еки айында қырқ күн уйықлайды. *Екеўи бир күнде* жатады, бир күнде турады. Қайсы бурын түргелсе, уйықлап атырғанын өлтиреди. Биреўине-биреўи жаў, балам. Бүгин *екеўиниң жатқанына* 7 күн болды. Астына дәўпери беремен, қырық қулаш арқан ал. Қызға дем урып, тас етип кисеңе сал. *Сөйтип* дәўперige минип, жолға раўана бол. Сен қаладан шығарсаң, түрли-түрли тилсим бар, ҳәр сөзди айтар — сөзлерине қулақ қойма, балам. Дуўаны оқып бара бер. Оннан арман барған соң, бир ағып турған тартпа суўды* көрерсең. Тартпа суўға барған соң, *бұннан аман қутылсаң, бир* бөлек дағның сәңгириндей уйықлап атырған Аспижаҳангирди көресең. Дәўпери аяғын баспас. Дәўперige жуўап берип, сол жерден қайтар. Қырық қулаш арқанды қолыңа ал. Сөйтип Аспижаҳангирдиң қасына бар. Мына тасқа дем урып, адам қәддине келтир. Арқанды *қолына бер,* өзиң Аспижаҳангирге мин. Өзиңди Аспижаҳангирге тырыштырып, меккем таң. Сөйтип мына қызға және дем урып, тас етип кисеңе сал. Соңсоң Аспижаҳангирге танзири-қамшы ур. Со қамшының пәти менен Аспижаҳангир аспанға ушар, жерге түсер, «Үстимнен түс», — деп айтар. Түспегейсең, балам. *«Олла-билланы»* айтар, «Сениң айтқаның менен боларман», дер. Түспегейсең, *балам. «Сен* не себептен түспейсең, ким жи-

---

* Мийрас қалған нәрсе.

* Адамды ғарқ қылатуғын ийиримли суў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

берди?» дер. «Өзим келдим», дегейсең. «Душпан еди Еменша, айтқан шығар сизге?» дер. «Өзим келдим. Сулайманнан қәсем етсең түсемен», деп айтқайсаң. «Душпаным еди Еменша, айтқан шығар сизге?» деп және сорар. «Өзим келдим» дегейсең. Онсоң, «Сулайманның жүзигинин зулпы урсын, етиме басылсын!» — деп қәсем етер. Сонда ғана түсеғой. Агар Аспижаҳангирди минсең, Сулайманның жүзигин дәўден Аспижаҳангирге алдыртсаң, Сулайманның тилсимине барарсаң, ағаң Шәриярды көрерсең. Аспижаҳангирге мине алмасаң, жүзикти алдыртпасаң, Шәрияр саған жоқ, сен ҳәм Шәриярға жоқсаң. Ексүиң еки журтта қаларсаң, балам.

Муны Әнжим еситип, пашшаның қызына дем урып, тас етип кисесине салды. Қырқ қулаш арқанды ердиң басына қыстырды. Сөйтип өзи дәўпериге минди. Еменшаның өзи қол көтерип, ҳақына дуўа қылып қала берди. Әнжим атқа қамшы урды, бәлент көше, пәс көше, беглер жүрген тар көшени аралап келе берди.

Дәрўазадан өтеди,
Және бир жерге жетеди,
Ол алдына қарады,
Қырман-қырман қызылды,
Әнжим сонда көреди.
Қасында бир адам бар,
Саққалының бәри алтын.
Әнжимге қарап сөйлейди,
«Қудай урған адамзат,
Жәлил урған адамзат,
Сен *атыңнан түс»*, — *дейди*,
«Мына енди дуньяға
Сен ийелик ет», — дейди.
Қарамады йүзине,
*Бул тилсимнен* қутылды
Әнжим сағыў-саламат.

Енди бир шөли-баябанды көрди. Әнжим дөгерегине қарады. Бир бөлек дағның сәңгириндей уйқылап атырған Аспижаҳангирди көрди.

Дәўпери Аспижаҳангирди көрип еди, тәнде жаны қалмады, жер баўырлап жатты. Урса да ҳәргиз жүрмеди. Әнжим жерге түсти. Дәўпериге жуўап берди. Дәўпери кейнине қайтып кетти. Қырқ қулаш арқанды алып, Әнжим Аспижаҳангирдиң қасына келди. Пашшаның қызына дем урды: адам қәддине келди. Мунып қолына арқанды берди, өзи Аспижаҳангирдиң үстине минди. Пашшаның қызына (ол тырыштырып меккем байлаған соң) және дем урып, тас етип, кисесине салды. Әнжим Аспижахангирге бир танзири-қамшы урды. Аспанға ушты, жерге түсти! «Сеники болдым, түс!» — деди.

«Жақ, түспеймен, — деди Әнжим, — Сулайманнан қәсем етсең түсемен».

«Душпаным еди Еменша, айтқан шығар сизге», — деди.

«Яқ, өзим келдим», — деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Өзиңниң келгенлигиң ырас болса, онда Сулайман жүзигиниң зуллы урсын, етиме басылсын, сеники болдым, түс», — деди. Сөйерде Әнжим пашшаның қызына дем урып, адам қәддине келтирди. Жерге түсти. Арқанды шешти. Аспижаҳангир сол ўақтында Еменшаның қызын көрди. Әнжимге, «Әй қудай урған адамзат, жәлил урған адамзат! Бағана айтқанында өзиме, Еменшаның отырған орнын өзине зиндан ететуғын едим. Мени сен алдадың», — деди.

Аспижаҳангир және сөйледи:

— Атаң сениң Дарапша,
Енең сениң Гүлшара,
Ағаң сениң Шәрияр,
Өзиңниң атың Әнжим.

Анда Әнжим сөйледи:

— Атам емес Дарапша ,
Енем емес Гүлшара,
Атам мениң — Сасуўар,
Енем мениң — Ақдәўлет,
Ағам мениң — Шәрияр.
Өзимниң атым Әнжим.

Аспижаҳангир сөйледи:

— Жалған атаң Сасуўар,
Жалған енең Ақдәўлет.
Ырас атаң — Дарапша,
Ырас енең — Гүлшара,
Сен билмейсең бийшара.

Әнжим айтады:

— Аспижаҳангир, көп ўарсақы сөзди қояйық. Мен бул айтқанларыңның бирде-биреўине де исенип турғаным жоқ. Дәўдиң аўзындағы жүзикти алып келесең бе, я жоқ па?

Сол ўақтында Аспижаҳангир өзине бир дем урды. Қырғыйға айланып, Әнжимниң көзинен ғайып болып ушып кете берди.

Ярым ақшам аўғанда Сулайман жүзигиниң шуғласы бир танап жерге түсип атыр екен. Сол ўақтында Аспижаҳангир өзине яне бир дем урды — сона болды. Барып дәўдиң ләбине қонды. Дәўдиң аўзындағы жүзикти алды. Және өзине дем урды — қырғый болды. Дәў жүзиктиң кеткенин билип, өзине бир дем урды — қаршыға болды. Қырғыйды қаршыға болып қуўды. Бу қырғыйды қаршыға қоймайтуғын болды. Аспижаҳангир өзине бир дем урды — қаршыға болды. Екеўи ҳәм қаршыға болып ушып еди, дәў жете алмады. Дәў өзине бир дем урып, лашын болды. Лашын болып Аспижаҳангирди қуўды.

Күн шыққан ўақтында Аспижаҳангир Әнжимниң алдына



www.ziyouz.com kutubxonasi

келди. Аспижаҳангир келип, Әнжимниң алдына аяғын бүкти, «Үстиме мин!» деп ҳәмир етти. Әнжим Аспижаҳангирге минди. Аспижаҳангир жүзикти Әнжимниң қолына берди. Сол ўақтында дәў найза салым жерге келди. Аспижаҳангир Әнжимге, «Жүзиктиң бәнтин бас, болмаса өлесең!» — деди. Сол ўақтында Әнжим жүзиктиң бәнтин басты, дәў турған жеринде өлип қалды.

Әнжим Сүлайманның жүзигин қолына салды. Аспижаҳангир Әнжимди Сүлайманның қаласына алып келди.

Әнжим алдына қараса сақалы жоқ, мурты жоқ, буўдай ирең, қой көзли, ырақнай дилли, бал сөзли, өзи хоширей нур, жүзли, жуп жығасы басында, бир қыз пашшаны көрди. Ләк-ләк, байдақ-байдақ, сәнжақ-сәнжақ, ушы да жоқ, қыйры да жоқ, бийесап әскерди пашшаның ертип киятырғанын көрди. Әнжим пашшаға сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Пашша Әнжимге қарап, жол болсын сорай берди:

— Ҳаўа жаўсын айдын көлиң ҳөл болсын,
Жылдан-жылға кем дәўлетиң мол болсын.
Сүлайман атына тәкирар минипсең,
Адам уғлы, инсан, сөйле, жол болсын.

Бедеў минип бул майданда желесең,
Ҳақтың санасыны ядқа билесең,
Сүлайман атына тәкирар минипсең,
Адам углы, инсан, қайдан келесең?

Он төртинде шалқып туўған айынды,
Көрип қуўанаман қәдди бойынды,
Сүлайман атына тәкирар минипсең,
Адам уғлы, инсан, айтқыл жөнинди.

Лалы-маржан бул майданда сәдепти,
Хызмет ушын тәнде бағрым кәбапты,
Жол сорамақ бурынғыдан қалғанды,
Сораспақлық периштеден себепти.

Бедеў минип бул майданда желесең,
Ҳақтың санасыны ядқа билесен,
Сүлайман атына тәкирар минипсең,
Қайсы елден қайсы журтқа барасаң?

Бағ ишинде ларзан урған қызыл гүл,
Қүдирет пенен сөйлеп турған қызыл тил,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сулайман атына тәкирар минипсең,
Жолың болсын, инсан уғлы, адамзат.

Қайғы-ҳәсирет басқа салған буне дәрт,
Бул мийнеттен азат еткей қүдирет
Гаҳы айтқыл, гаҳы айтпа жөнинди,
Адам уғлы, инсан, енди өзиң бил.

Әнжим, қыял етти: «Буйерлер нийерлер, перининң халқы дийерлер, буған ырасымды айтсам, көзимди тындырса, есимди аўдырса, Аспижаҳангирди алып қойса, не келеди қолымнан?!».

Қарамады жүзине,
Жуўап бермеди сөзине,
Сырт орай берип,
Әнжимжаң,
Кете берди жөнине.

Ол алдына қарады. Бир пақшасы — қоладан, бир пақшасы — гүмистен, бир пақшасы — алтыннан, бир пақшасы — яқуттан, бир пақшасы—зербарақ, гүңгирасы шамшырақ, қырқ гезғарғалық Сулайманның қаласын көрди. Ҳәр пақшасы он алты, 36 батпан дәрўаза. Әнжим жақын келди. Аттан жерге түсти. Ат қазығын жерге басып; дәрўазаға барды. Урылған қулпы жоқ, ашатуғын гилти жоқ. Әнжим жерден бир қысым топырақ алды, сөйтип Жаҳангирге минди. Дуўасын тәкирар етип оқып, топыраққа дем урды. Топырақты дәрўазаға атты. Дәрўаза ашылып, Әнжимге жол берди. Инсиз-жинсиз мақлуқлар Әнжимди көрген ўақтында «Адамзат қалаға келди», — деп, бәршеси гүўлеп қаша берди.

Ол алдына қарады,
Шийше киби суў болған,
Киндигинен байланған,
Адам сүўрети бар
Қара тасты көреди.
Шул сүўретке тил енди.
Әнжимге қарай гәпледи:

Ашылмайма он гүлиңнен бир гүлиң?
Саған қарсы душпанға келгей сум өлим,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Қала қурысын, қәдем урма, қулыным.

Буўған беллериңе тилла камарың,
Тилегинди душ қылғайма қудайым,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Қала қурысын, қәдем қойма, шырағым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ушып бүлбүл, зағлар қонар басына,
Алла рәҳим әйлегей көзде яшыңа,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Егер барсаң қонар қарға лашыңа,

Кийген липасларың жетпей дизиңе,
Жалғызлықтан сепкил түсер жүзиңе,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Ким қәўендер болур сениң өзиңе.

Шаппай-желмей бул майданда майырар,
Ушпай-желмей қанатыңнан қайырар,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Егер барсаң ата-енеңнен айырар.

Қайғы әсериң басқа салған бәне дәрт,
Бул миййеттен азат еткей қудирет,
Бул қалаға барған аман қайтпайды,
Қала қурысын, қайтсаң бойма, адамзат?!

Қарамады йүзине,
Инанбады сөзине,
Тилиндеги санасын,
Бәржай етип оқып,
Кете берди жөнине.

Әнжим Сулайманның дәрўазасына жетти. Баргасына барды

Бир қабааты ҳилладан,
Бир қабаты тилладан,
Бир қабаты қаншийе,
Бир қабаты қусшийе,
Түрли-түмен көп иштен,
Бинә болған Сулайманның,
Ол төсегин көреди.
Оннан ҳәм арман барады,
Алтын менен қаплатқан,
Гүмистен пуў бердирген,
Зумуррады-лалы-маржаннан,
Пийруўзалап қаш қойдырған,
Ишин мәйге толтырған,
Сарҳаўызын көреди.
Сарҳаўыздың бойында,
Шақалары алтыннан,
Жапырағы бар гүмистен,
Түйнеги бар ҳинжиден,
Түрли-түмен көп иштен,
Бир дарақты көреди.
Ол дарақтың басында,
Алтын қәпес ишинде,
Тилла қәпес сыртында,
Үсти толған көп нақыш,
Тамағының астында,
Тоқсан дуўа бәнти бар,
Қанатының үстинде
Алпыс еки нақыны бар,
Ҳәр дуўаның бәнтинде,
Мың әлиптиң шәрти бар,
Бүлбүлгөя мулақушты.
Әнжим мунда көреди.
Әтирапына қарады,
Әтирапына қараса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүўретинде суў болған,
Турқы қара тас болған,
Киндигинен байланған,
Бийҳәсеп бәнт болған
Көп адамды көреди.

Әнжим турып ойлады:
«Аттан жерге қонайын,
Өликлерге барайын,
Жалғыз ағам Шәриярды,
Мен қыдырып көрейин,
Өлигин оның табайын».

Арманырақ барады. Сулайманнан қалған жуўанлығы 12 гез бир шынар бар еди. Шынардың қасына Аспижаҳангирди қойды. Өзи исми-ағзам дуўаны көкирегине бәнт етип, өликлерге келди. Өликлерди бирим-бирим аралады. Ағасының қай сүўрет екенин билмеди, ҳайран болды. Сөйтип қустың қасына келди. Әнжим еденде турып, қусқа қарап, бир-еки аўыз гәплей берди:

— Булбулгөя сен, — деди;
— Тәўекелши мен, — деди;

— Айтысаман,
Оқысаман,
Шық қәпестен сен, — деди.

Булбулгөя сонда:

— Құда урған адамзат,
Жәлил урған адамзат,
Әтирапыңа бир қара,
Сүўретинде суў болған

Бәри сендей адамзат,
Қорықпадың ба жаныңнан
Қайтсаң бойма сен, — деди.

Әнжим сонда:

— Тәўекелши ол алла,
Тәўекелши мен, — деди;
— Узақтан келген
Талабанман,

Айтысаман,
Оқысаман,
Қандарым қуссаң сен, — деди;
— Шық қәпестен сен, — деди.

Булбулгөя сонда:

— Құда урған адамзат!
Жәлил урған адамзат!

Меннен көрме,
Құдадан көр, —

Деп қәпестен шығады,
Алдыныраққа барады,
Шақасына қонады.
Оның қонған шақасы,
Ийилип жерге төнеди.

Тилиндеги санасын,
Исми-ағзам дуўасын,
Жаңылмастан Әнжимжан,
Тынбай оқый береди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қустың қәҳәри келеди,
Оң ийнине қонады —
Шақалақлап күледи!
Қусың күлген ўақтында,
Жолбарыслары ақырып,
Айдарҳалар дем шегип,
Айбат етип келеди.
Тилиндеги санасын,
Исми-ағзам дуўасын,
Жаңылмастан Әнжимжан,
Тынбай оқый береди.
Қустың қәҳәри келеди,
Жаңылмасын биледи.
Тас төбеге қонады,
Ол қанатын жаяды,
Түрли-түрли намаға,
Салып нешше дуўаға,
Шақалақлап күледи!
Әнжим сонда қарады —
Асты — топырақ, үсти — от,
Екеўиниң ортасында,
Бүлбүлгөя қусыңның
Жүргенлигин көреди.
Тилиндеги санадан,
Жаңылмады бул нашар,
Тынбай оқый береди.
Қустың қәҳәри келеди.
Ол шалыға береди,
Бир пәринен байланып,
Үш жүз алпыс таўланып,
Түрли-түрли намаға,
Салып нешше дуўаға,
Шақалақлап күледи!
Қусың күлген ўақтында,
Жер де күле береди,
Көк те күле береди,
Өлип атқан өликтиң
Бәршеси жайдан турады,
Булар ҳәм күле береди.
Тилиндеги санадан,
Жаңылмады Әнжимжан —
Тынбай оқый береди.
Қустың қәҳәри келеди,
Жаңылмасын биледи.
Ол аспанға ушады.
Сүлайманның қәбири,
Гүмбезине қонады,
Шақалақлап күледи!
Қусың күлген ўақтында,
Аспан жерге түскендей,
Жер аспанға шыққандай,
Бир әламат болады.
Тилиндеги санасын,
Исми-ағзам дуўасын,
Жаңылмастан Әнжимжан,
Тынбай оқый береди,
Қустың ҳалы сол еди,
Қус дуўадан жеңилди...

Не қыларын билмеди, ойланды: «Мен босам қанатлы қуспан, со ушып-ақ кете берейин». Әнжим қус қыялының бузылғанлығын билди, көрсетпестен Сүлайманның жүзигин қолына салды. Бүлбүлгөяға қарап:

— Әй, Бүлбүлгөя, мунда тыңла, ҳаққа шерменде болмасаң, сен кейниңе қара! — деп ҳәмир қылды.

Бүлбүлгөя кейнине қараса, Сүлайманның жүзигин Әнжимниң қолында көрди. «Ўа дарийға, мен қатаға кеткен екенмен», — деп Бүлбүлгөя мулақуш ҳәкке киби жорғалап, Әнжимниң алдына келди. Әнжим қусты услап алды. Қанатын қайырды, аяғына басты. Гезликти* қолға алып, қусты шалатуғын болды. Пышақты көрген соң қустың жаны қалмады: «Сен не қы-

* Үш қырлы пышақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лайын, деп атырсаң?». «Мен шалайын деп атырман», — деди Әнжим. «А, оның себеби не?». Әнжим айтты:

— Мениң ата-енем биймар болды. Тәўип тамыр услады, қушнуш суў бүркти, қоррандоз қорра ташлады. «Ата-енеңе Бүлгүлгөяның қаны ем», — деди. «Ата ҳаққы — қуда ҳаққы, ене ҳаққы — пайғамбар ҳаққы, ата ыразы болмаса қуда ыразы емес, қуда ыразы болмаса ата ыразы емес, ене ыразы болмаса— Кәбаға жүз мың тәўбе қылағой — тәўбең қабыл емес», деген бир нақыл бар. Қуданың қәҳәринен қорықтым, атам менен енемниң өмирин туттым, машақат шегип, сениң қалаңа —келдим. «Қаша ма, паша ма», деп күнде қәўипте жүремен бе, заңғар, сени қарқыратып шалып, қаныңды шийшеге салып, алып кетемен.

Бүлбүлгөяның жаны қалмады. Әнжимге қарап:

— Күлмес ханның журтыны,
Қараханның шәҳрини,
Жулдызшаның халқыны,
Дәўпериге көтертип,
Ағаң салған бағлардың,
Оң жағына қондырсам,
Шалмаспысаң, жан? — деди.

— Яқ, шалурман мен, — деди.

— Қарумшаның халқыны,
Бадахшанның шәҳрини,
Дәўпериге көтертип,
Ағаң салған бағлардың,
Арқасына қондырсам,
Шалмаспысаң, жан? — деди.

— Яқ, шалурман мен, — деди.

— Тахты-Зәрил қаланы,
Тағый-Зәрил қаланы,
Және Зәрил қаланы,
Әйнеки жаҳан бағыны,
Ша Сүлайман тағыны,
Дәўпериге көтертип,
Ағаң салған бағларның,
Қубласына қондырсам,
Шалмаспысаң сен? — деди.

— Яқ, шалурман мен, — деди.

— Маған рухсат берсең,
Тамашамды сен көрсең,
Өлип атқан өликлердиң,
Бәршесине жан берсем,
Жалғыз ағаң Шәриярдың,
Дийдарыны көрсетсем,
Шалмаспысаң, жан?—деди.

— Жалғыз ағам Шәриярдың,
Қумарыман мен, — деди.
— Әгар дийдарыны көрсетсең,
Мениң ағамды тирилтсең,
Ҳәмме жандарға жан берсең,
Яқ, шалмайман мен, — деди.

Қусқа Әнжим рухсат берди. Аспанға ушты, жерге түсти. Бир шақалақлап күлди — өликлер сүўретинде қыймылдаса берди. Еки мәртебе күлди — ҳәмме өрре-өрре жайынан турды. Үш мәртебе күлди—адамлар өз ҳуўшына келип, «Сең ашық болсаң — мен гириптарман, сен гириптар болсаң — мен өлерменмен», — деп ҳәммеси қусқа ашық болып, кейниннен



www.ziyouz.com kutubxonasi

жуўырыса берди. Қус дарақтың басындағы қәпеске қонды. Ҳәмме буған жерде турып талабан болды. Сол ўақытта ҳәзирети Қыдыр ғайыптан келди. Адамларға қарап, неше йерлерден тымсал келтирип, гәплей берди:

— Сизлерни көрип мен йығлайман зар-зар,
Жалғызлықтан ғәрип кеўлим бийқарар,
Кимиңе он жылдур, кимиңе бес жыл,
Сүўретиңде суў болғанын, жандарлар.

Ашылғайма он гүлиңнен бир гүлиң,
Сизлерге қарсы душпанға келгей шум өлим,
Кимиңе он жылдур, кимиңе қырқ жыл.
Сүўретиңде суў болғаның, адамзат.

Жаз болса, мәўжиреген таўда булағым,
Ҳәр бириңиз гәўҳарымсыз қарағым,
Кимиңе елиў жыл, кимиңе жүз жыл,
Турқың қара тас болғаның адамзат.

Қайғы әсерин басқа салған бүне дәрт,
Бул мийнеттен азат еткей қүдирет,
Кимиңе мың жылдур, кимиңе жүз жыл,
Турқың қара тас болғаның, адамзат.

Бедеў минип, дағыстанда желесизлер,
Мениң бул сөзимди мақул көресизлер,
Ыразы болып қушты маған бересизлер.

Мен ушырып көремен,
Қонса кимниң басына,
Қусты соған беремен,
Айтқан бул сөзимди,
Қалай көресең, адамзат?

Бу сөз жандарлардың ҳәммесиңе мақул болды. Сөзди айтып болған соң қус келип, қәлендердиң қолына қонды. Қәлендер қусты қолына алып, жаўырнын сыйпады. «Әй жәниўар, — деди — ықтыяр өзинде». Қәлендер қусты қолы менен ушырды. Булбүлгөя ушты. Қалаларды айналып келип, Шәриярдың басына қонды. Қәлендер «Бул есап емес. Кимниң басына қонсаң, оның басына қон. Қәне, тағы бир уш!», — деп қусты алып және ушырды. Және келип Шәриярдың басына қонды.

Ҳәмме халық муны көрди. Қәлендер және қусты қолына алды, «Әй, халайық, сизлер ыразы болың», — деп және ушыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды. Қус пәрўаз әйлеп ушып кетти, айналып және Шәриярдың басына қонды.

Халық өз көзи менен көрди. «Ас қайда болса, кәде сонда; шер қайда болса пәнже мунда; аға қайда болса хызметкер сонда» дегендей, төрт аяқлы ҳайўанат, еки аяқлы адамзат — бәршеси, «Не хызметиң бар, аға?» — деп Шәриярдың алдында қол қаўсырып, қуллық етип турды.

Қыймылдаған жандарға Шәрияр патша болды.

Ақшам жатты, таң атты, Әнжим ерте турды. Темирден ҳаса қолға алды, темирден геўишти кийди. Етек-жеңин кесип, қәлендер сыпатта болып, Шәриярдың нәзерине келди. «Ассалаўма әлейкум», — деп тәңир сәлемин берди. Сәлемин әлик алды. Әнжим Шәриярға қол қаўсырып, арзы етип гәплей берди:

— Сени көрип мен йығлайман зар-зар,
Ялғызлықтан ғәрип кеўлим бийқарар,
Сал қулағың, есит мениң сөзимди,
Қәлендердиң айтар саған гәпи бар.

Бул басыңда тилла жыға тәрзиң бар,
Бир қудадан бес ўақ намаз қарызың бар,
Сал қулағың, есит мениң сөзимди,
Қәлендердиң айтар саған арзы бар.

Бийганаман бийгана,
Бахты қара дийўана,
Излеп келген кейниңнен,
Биймарыңман, жан аға,
Көрисейик, кел, аға.

Шәрияр сонда сөйледи:

— Бийганасаң, бийгана,
Сен бир жүрген дийўана,
— Дийўанасаң, сен, — деди,
— Танымайман мен, — деди.

Әнжим сонда сөйледи:

— Бир саўлықта жуп қозы,
Бири сен де, бири мен.
— Табысайық кел, — деди,
— Маңырасалы кел, — деди.

Шәрияр сонда турып ойлады: «Бүйерлер, нийерлер, перииң халқы дийерлер; буған қолымды берсем, көзимди тыңдырса, есимди аўдырса, алтын тахтымды алса, не келеди қолымнан». Қарамады йүзине,инанбады сөзине, сырт орай берип, Шәрияр отыра берди жөнине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әнжим сонда сөйледи:

— Бир түйеде еки өркеш,
Алдынғы өркеш сен едиң,
Кейинги өркеш мен едим,
Бири сен де, бири мен,
— Таныдың ба сен, — деди.
— Бозлашалы кел, — деди.

Шәрияр сонда сөйледи:

— Бийганасаң бийгана,
Бахты қара дийўана,
— Танымайман мен — деди.
— Намаҳремсең сен, — деди.

Әнжим сонда сөйледи:

— Айналайын, жан аға,
Жаным сеннен садаға,
Қайсы бирин айтайын,
Айтпай саған қәйтейин?
Ол қаладан кеткенде,
Не деп едиң бизлерге?
*Айтқан енди сөзлеринди*
Умыттың ба, жан аға?
«Йетти айдан келсем келгеним,
Йетти айдан келмесем,
Пайманамның толғаны,
Сүлайманның журтында,
Сүйегимниң қалғаны.
Йетти айдан келмесем,
Дүнья-малды тәрк етип,
Қара шашынды бөрик етип,
Темирден ҳаса қолға алып,
Темирден геўишти кийип,
Қәлендер сыпатта болып,
Сүйегимди излеп бар» деп
Айтып едиң жан аға.
Сен қаладан кеткели,
Он төрт ай анық өткени,
Излеп келген биймарынды,
Танымадың жан аға?

— Биймарыңман мен, — деди.
— Көрисейик кел, — деди.
— Ғаласып емшек емискен,
Тай қулындай тебискен,
Тар қурсақта жатысқан,
Қаналасың Әнжим муңлы
Қарындасыңман мен, — деди.
— Көрисейик,
Танысайық,
Кел, — деди.

«Әнжим», деген ўақтында,
Ҳуўшы кетти басынан,
Жайдай бели бүгилди,
Көзинен жасы төгилди,
Еси аўып,
Көзи тынып,
Пардақ таслап жығылды.

Бир майдан жатып, Шәрияр ҳуўшына келди, есин жыйып алды. Шәрияр қарындасы Әнжимди көрди. Әнжим — ағасы Шәриярды көрди. Екеўи боталы түйедей бозласты. Қозылы қойдай маңырасты, Жаралы қуўдай сыңсысты.

Әнжим Еменшаның қызын кисесинен тас етип шығарып



www.ziyouz.com kutubxonasi

алды. Исми-ағзам дуўаны тәкирар етип, бир мәртебе дем урып еди — пери қәддине келди. Шәриярға берди. Ҳәзирети Сулайманның Аспижаҳангир аты — муны ҳәм ағасына берди. Сулайманның жүзигин ҳәм берди. Шәрияр жүзикти алып, оң қолына салды. Сөйтип Сулайманның тахтына минди.

Жүзикти қолына салған соң, тахтқа минген соң енди Шәрияры-алам* болды. Шәрияры-алам, ол султаны-бакерем алтын тахтқа минип, бәршелерди бир көзде көрди. Инсиз-жинсиз мақлуқлар, «Аға маған не хызметиң бар?» — деп алдында қол қаўсырып, қуллық етип турды. Оларға буйырып Жулдызша ханның қызы — Қундызхан перини алдырды. Әне сөйтип Шәрияр дәўранлар сүрди.

Бир күнлери атасы, енеси, толы журты Шәриярдың ядына түсти. Бир перини шақырып алды. Ол тайын болды, «Аға, не хызметиң бар?» — деди.

— Хызмет, 7 пашшаның журтын, бир хатре* топырағын түсирместен, бағымның оң жағына неше күнде қондырасаң? — деди.

— Аға, жуўап берсең 9 күнде қондыраман, — деди пери.

— Онда саған жуўап жоқ, — деди. Екинши перини шақырып алды.

— Сулайман қаласының бир хатре топырағын да түсирместен, бағымның оң жағына неше күнде қондырасаң? — деди.

— Жуўап берсең, көзди ашып-жумғанша қондыраман, — деди екиншиси. Шәрияр «Көтер қаланы!» — деп ҳүким етти.

Қосшылар шуў-шуў дегенше,
Көкшилер по-пуў дегенше,
Айтып аўзын жумғанша,
Ескен самал тынғанша,
Бермес ханның халқыны,
Қара ханның шәҳрини,
Жулдызшаның халқыны,
Еменшаның журтыны,
Бадахшанның шәҳрини,
Тахты-Зәрил қаланы,
Тағый-Зәрил қаланы,
Және Зәрил қаланы,
Әйнеки жаҳан бағыны,
Ша Сулайман тағыны,
Бир хатре топырағыны,
Жерге түсирместен,
Шәриярдың бағының
Қубласына қондырды.

Шәрияр өз журтына келди. «Атамды қуўантайын», деп Шәрияр сүйинши сораўға еки адам буйырды.

Атасы кешейи-күндиз, «Балам Шәрияр келсе, дийдарын көрсем, онысын дүньядан қайтсам, қудаға мың ыразыман», — деп тилек етер еди. Енеси Ақдәўлет, «Қызым Әнжим келсе,

---

* Дүньяға даңқы жайылған Шәрияр патша.
* Түйир.



www.ziyouz.com kutubxonasi

мен Әнжимди көрсем 4 ақшам бирге болсам, онысын дүньядан қайтсам, қудаға мың ыразыман» — дер еди.

Еки адам Сасуўардың бәргасына келди, майданда турып, сүйинши сорап, бир-еки аўыз гәплей берди:

— Араларсаң қыядаш,
Ағыза; берме көзден яш,
Шығып майданға хабарлас!
Дағлар барды бәлент-пәс,
Батыр бар ерде болур саўаш,
Ғайыбың келди қалаңа,
Байбаба үйде бар болсаң,
Шығып майданға сен тиллеш!
Тоғай толған қойыңның,
Шопаны келди, байбаба,
Өрис толған малыңа,
Падашы келди байбаба,
Атаў толған жылқыңа,
Жылқыман енди келип тур,
Игри мойын түйеңниң,
Сәрўаны келди, байбаба,
Ғәзийне толған пулыңның,
Дәўлети келди, байбаба,
Төрт жүз тоқсан қулыңның,
Ығбалы келди, байбаба.
Он төрт айғы ғайыбың —
Шәрияр балаң келди,
Қалаң келди,
Сүйинши бер, бай аға!

Әне сонда Сасуўар
«Шәрияр» деген ўақтында
Не болғанын билмеди.
Телпеги жоқ —
Тақыяшаң,
Геўиши жоқ —
Мәсишең,
Жағасы алтын,
Ҳасыл тонның
Етегинен жамылып,
Көкиреги оттай қамылып,
«Жалғыз улым Шәриярды
Көрейин», деп жуўырып,
Далаға шықты...

* * *

Аспижаҳангир Шәриярдың нәзерине келди, «Әй, Шәриярыалам, о султаны-бакерем, атанды үстиңе шақыртып, атаңнан уллымедиң?! — деди. Шәрияр жүзикке қарады: атасының киятырғанлығыны көрди. Тахтан түсти далаға шықты. Көшени аралап бул ҳәм келе берди.

Атасы қарады — Шәриярды көрди:

Жайдай бели бүгилди,
Көзинен жасы төгилди,
Баласын көзи көрген соң,
Еси аўып, көзи тынып,
Пардақ таслап жығылды.
Атасының қасына
Баласы дәрҳал келеди.
Сасуўардай атасы,
Бир майдан жатып сол жерде
Өз ҳуўшына келеди.
Жалғыз улы Шәриярды
Көрген соң енди Сасуўар,
Дал мойнынан қушақлап,
Көзиниң жасын моншақлап,
Баўырына басады.
Қайта-қайта сүйеди,
Мийири қанбай барады.
«Алдымда жүрсе айбатым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кейнимде журсе қуўатым,
Тири бенде көрисер,
Қарағым аман бармедиң?» деп
Қайта-қайта сүйеди.
«Ашылған бағымда гүлим,
Сайрар шәменде булбулим,
Аман-есен бармедиң
Көзгенеңнен, қулыным?» деп,
Қайта-қайта сүйеди.
«Балаң келди», деген соң,
Ақдәўлеттей енеси
Жуўырып бул ҳәм келеди.
Анасына Сасуўар
Ҳешбир гезек бермеди,
Қуўанышы сыймай қойнына
Қайта-қайта сүйеди,

Ақдәўлет сонда сөйледи:

— Ҳа, сый қисим, сый кисим,
Тәңири қосқан бир кисим,
Сеннен гезек өткенди.
*Маған гезек жеткенди,*
Гезегимди бер,
Мен улымды сүйейин,
Сабыр еткил сен

Сасуўар сонда:

— Ул меники, қыз сеники.
Сен қызды сүйебер,
Мен улымды сүйемен.
Шәриярдай перзентимди,
Жекке өзим сүйемен, — деп,
Қайта-қайта сүйеди.

Ақдәўлеттиң Әнжими,
Бул ҳәм тайын болады.
Оны анасы көреди,
Дал мойнынан құшақлап,
Көзиниң жасын моншақлап,
Баўырына басады,
«Дизгенемниң қуўаты,
Тири бенде көрисер,
Қарағым аман бармедиң,
Әнжимим, аман жүрмедиң», —
деп,
Қайта-қайта сүйеди.

Енеси қызы Әнжимди ертип жайына келди. Атасы Сасуўар баласын ертип, бул ҳәм жайына келди. Баласы Шәрияр менен Сасуўар 4 ақшам бирге болды.

Сасуўар дүньядан қайтты. Шәрияр атасын ақ жаўып, арыў кепинлеп мазарға қойды.

Енеси Ақдәўлет ҳәм дүньядан қайтты. Муны ҳәм ақ жаўып, арыў кепинлеп апарып мазарға қойды.

Шәрияр атасын, енесин жайластырып, тахтына минип отыра берди.

* * *

Аспижаҳангир бир күни Шәриярдың алдына келди «Әй Шәрияры-алам, о султаны-бакерем! Атаң емес Сасуўар, енең емес Ақдәўлет! Атаң *сениң — Дарапша*, енең *сениң — Гүлшара*. Енеңниң быйыл зинданға түскенлигине 17 жыл болды. Енеңнен хабар асаң бойма бийшара» — деди.

— Аспижаҳангир, муне сөз? — деди Шәрияр.

Аспижаҳангир өткен-кеткенди бастан-аяқ баян әйледи:

— Атаң сениң Дарапша 9 ҳаял алған. Со 9 ынан ҳәм я



www.ziyouz.com kutubxonasi

ул, я қыз болмаған. Соннан соңғы йерде Дарапша, «Келҳа, дүньясы қурысын, кетейин, буны талақ етейин, темирден ҳаса алып, темирден геўиш кийип, ҳәзирети *Кәбаға ҳәжире болып* кетейин», деп қыял еткен. Сөйтип қаладан шығып киятырғанда 3 қызды көрген. Биреўи бийҳаўа сөзди айтып отыр екен: «Әгар Шаҳидарап мени алса, сәўгилик яры қылса, ҳақ миясар көрсе, қуда қабыл әйлесе Бийби ,Патма, Бийби Айша, Бийби Зәўре, Бийби Мәриям қолласа, бир кекили алтыннан, бир кекили гүмистен, басы алтын, қолы мыс, бир қыз бенен бир ул туўып берер едим». Бу сөзни эшитип, тахтына минип, со қызды айттырып алған. Аты Гүлшара екен. Мунын менен дәўран сүрип, ханның ықласынан нашардың бойына алты айлық ҳәмиле пайда болған. Соннан соңғы жерде пашша ойлаған: «Жасым 45 ке келди. 9 ҳаял алдым, усы ўақытқа шейин, «ингалаған» баланың даўысы түўе, маңыраған ылақтың даўысын еситпеген хан едим. Алғаным Гүлшара туўса, бийшара мен я қуўанып кетемен бе, я бийтақат боламан ба, болмаса жүрегим жарылып өлип қаламан ба?

> Дүньясы қурысын, нетейин,
> Бу журтны талақ етейин,
> Туғырдан тарлан қус алып,
> Аўлар салып шикарлап кетейин.

«Уллы я қызлы болдың», деп сүйинши сорап бара ғойса, алтын тахтымды, малы-мүлкимди—бәршесин со сүйинши сораған адамға инам етейин». Сөйтип Шаҳидарап қыял етип, қус салып шикарға шығып кеткен. Сениң анаң Гүлшара 9 ай-ў-9 күн, 9 сааты питип, бир ул, бир қыз туўған. Мәстан маманы 9 ханым шақырып алып, сениң енеңниң астына ийт пенен пышықтың баласын таслатқан, «Ханның жақсы көрген ҳаялы ийт пенен пышықты туўды», деп халыққа жария еткен. Ул менен қызды мәстан мама ханның Занжирли сарҳаўызына апарып таслаған. Пашша қалаға келсе, «Пашшаның ҳаялы ийт пенен пышықты туўды», деп ҳәрким айта берген. Пашша, «Көзим менен көрейин», деп Гүлшараның үстине келген. Ийт пенен пышық баласының жүргенлигин көрип, пашшаның қәҳәри келген, 9 ханымды шақырып алып, «Гүлшараның үстиндеги липасын шешкенин шешип алып шешпегенин кесип алың!», деди. «Бир уртлам суў берсе, бир тислем нан берсе кимде-ким Гүлшараға, со адамның өзи өлимдар, малы талаўда болсын», деп жар урдырады қалаға. Гүлшараны қаладан қуўып жиберген.

Әне соның менен Гүлшара қаладан шығып кеткен: ҳешким нан бермеген, ҳешким суў бермеген. Болдырып бир шәҳәрге



www.ziyouz.com kutubxonasi

барған. Бул Томан ўәзирдиң қаласы екен. Гүлшара усы қалаға қәлендер болып, көшени аралап, гәззел айтып, «ҳүў» деп шейдилла тартып келе берген. Қәлендердиң бу шийрин сөзи, хош ҳаўазы, ширели гәпи Томан ўәзирдиң қулағына барған. Томан ўәзир қарындасы өлип, аза тутып, қаласында жатқанлықтан, бу саўдалардан хабары жоқ еди. Томан ўәзир «Бу қәлендерге сөз айттырып, кеўлимди көтерип қайтайын», деп көшеге шықса қәлендери —баяғы Гүлшара қарындасы екен. Қарындасын Томан ўәзир таныды. Гүлшара Томан ўәзирди танымады. Мунын есиниң кеткенлигин билип, қолынан жетелеп, Томан ўәзир жайына алып келген. Сөйтип «Муны тойындырайын», деп алдына нан, «Шөллесе ишсин», деп суў, «Кийе қоя ма», деп алдына тон қойған. Берген нанын жемеген, берген суўын ишпеген, «Әнжим менен Шәрияр, еки бирдей перзентим»,—деп Гүлшара жылай берген. Соннан соң Томан ўәзир ойлаған: «Әгар хан жаманлық еткенде тек басгенемди алады; әгар мен Гүлшараға жаманлық ете қойсам, қыяметте оның ҳақ қаны мениң мойныма болады. Адамзатқа билдирмей, ҳайўанатқа сездирмей, со қарындасымның орнына қарындас етип сақлай берейин».

Әне сениң енең Гүлшара Томан ўәзирдиң тәрбиясында 17 жыл болғанда, «Сениң өлимдәр еткен адамыңды Томан ўәзир сақлап атыр», деген хабар жансызлардан Шаҳидарап пашшаға барған. Пашша бу хабарды еситип, сениң енең Гүлшараны апарып зиңданға салған, ал Томан ўәзирди... ақ үйли етип, өзиниң нәзерине апарған. Гүлшара 7 жылдан бери зиңданда.

Сизлерди суўдан шығарып алып, 9 ханым биреўге «өлтирип кел!» деп жиберген. Бу өлтире алмай, 9 жолдың дәрбентине таслап кеткен екен. Сасуўардың Қараман деген саўдагери Испиҳан журтына баратырғанда сизлерди 9 жолдың дәрбентинен таўып алып, Сасуўарға берген. Сизлер кәмалға келип, атаңды, енеңди жайластырдың. Булар—сени таўып алған ата-анаң. Қудадан тилеп алған анаң сениң —Гүлшара, атаң сениң—Шаҳидарап. Енди өзиң билесең, Шәрияр. 24 жасына келдиң, «Ке, ата-енемди табайын», десең таўып беремен.

Шәрияр ойланып турды бир майдан отырды. «Усы сөз ҳақ па?»—деди.

—Ҳақ, —деди.

—Ырас па?—деди.

—Ырас,—деди Аспижаҳангир.

—Атам пашша ма?—деди.

—Атаң пашша, —деди.

—Енем зиңданда ма?—деди.

—Енең зиңданда,—деди.

—Онда Аспижаҳангир, мениң енемди таўып бер,—деди Шәрияр «Әжеп,—деди Аспижаҳангир. —Онда үстиме мин». Шәрияр



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аспижаҳангирдиң үстине минди. Аспижаҳангир кеше жатпай, күндиз тынбай, бир шөли-баябанға алып келди. Шәрияр түсип баратыр еди:

«Перзентим,
Пушты панайым,
Жигербентим,
Шам-шырағым,

дәрегинди енди кимнен сорайман, көрмей қалған ғайыбым», деген бир ҳаўаз қулағына келди. Шәрияр иркилип тыңлап турды:

Қаршыға қустың баласы,
Қайыңда болур уясы,
Қайың басын жел соқса,
Қайғыда болур енеси,
Ғаҳы көлде өлди ме,
Гаҳы шөлде қалды ма,
Мен сорлының баласы?,
Ийтелги қустың баласы,
Жылғада болур уясы,
*Жылға түбин суў алса,*
Жылап кетер енеси.
Ғаҳы шөлде өлди ме,
Гаҳы көлде қалды ма,
Мен сорлының баласы?
Жапалақ қустың баласы,
Жантақта болур уясы,
Жантақтың ушын от шалса,
Жылап кетер енеси.
Гаҳы шөлде өлди ме,
Гаҳы көлде қалды ма,
Мен сорлының баласы?
Қара қустың баласы,
Еменде болур уясы,
Емен түбин қурт алғанда,
Жылап кетер енеси.
Аспанға ушса анасы,
Жерге тамар көз жасы,
Гаҳы шөлде өлди ме,
Ғаҳы көлде қалды ма,
Мен сорлының баласы?
Қара шашым жаяман,
Сарғаяман, соламан,
Әдира қалған емшегим,
Үш күннен бери
Ақ булақ болып ийеди,
Ийген сайын телмирип,
«Перзентим келип турма?» деп
Мен жолыңа қарайман.
Ядратқан қәдир-алла.
Көрмей қалған ғайыбымның
Дәрегин кимнен сорайман?

Шәрияр ҳаўаз шыққан жерге келди. Қырқ гез қуйы шыңыраўды көрди. Ишинде бир жандар бар екен. Шәрияр, «Әй, инсан, жаның барму, яқму»,—деп хабарласты. Сол ўақтында Гүлшара Шәриярға қарай йығлап:

—Алла, алла, алла айтқан,
Алла, ядын көп айтқан,
Айры сақал атамбысаң сен?—
деди.
—Хабарыңды бер—деди.
*— Ол емеспен мен, — деди.*
—Әгар олар болмасаң,
Аялы қолдан май берген,
Тар қурсақтан жай берген,
Қан айырып сүт берген,
Түн уйқыдан оянған,
Музлы бесик таянған,
Қублағаҳы сәрўаргенем
Енембисең сен?—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*—Енең емеспен мен,—деди*
Әгар ол болмасаң,
Ағымбай-у-Назымбай яки
Атамбысаң сен?—деди.
*—Олар емеспен мен,—деди.*
Әгар олар болмасаң,
Заманласым, басласым,
Бирге жүрпен теңлесим,
Гүландам, Гүлсуўымбысаң сен? — деди.
*—Олар емеспен мен,—деди.*
—Әғар олар болмасаң,
Ханға жаныи жаққан,
Туўры сөзди таслаған,
Игри сөзди баслаған.
9 ханым биримисең? —деди.
*—Олар емеспен мен,—деди.*
—Әгар олардан болмасаң,
Аямаған, майырған,
Жез қанаттан қайырған,
Перзентимнен айырған,
Мамамысаң сен?—деди.
*— Ол емеспен мен, — деди.*
—Әгар ол болмасаң,
Душпанның тилине инанған,
Шаппай-желмей майрылған,
Перзентинен айрылған,
Бахты қара бийнаўа,
Дарапшамысаң сен?—деди.
*— Ол емеспен мен, — деди.*
—Әгар ол болмасаң,
Түшүмде пирлери келген,
Бийби Патма мен деген,
Бийби Зәўре мен деген,
Атын Әнжимжан қойған,
Әнжимбисең сен?—деди.
*— Ол емеспен мен, — деди.*
—Әгар ол болмасаң,
Түшимде пирлери келген,
Қызыр Ильяс мен, деген,
Атын Шәрияр қойған,
Йигирма төрт жылғы ғайыбым,
Перзентим
Шәриярмысаң сен?—деди.
Бул жанған жанымды,
Отқа жақпа,
Әгар ғайыбым болсаң
Бизге хабарыңды бер,—деди.

Әне Аспижаҳангирдиң сөзи, мунық сөзи—бәршеси жуп болды. Шәрияр енеси екенлигин усы сөзден билди. Кейнине қайтып, Аспижаҳангирдиң қасына келди:

—Әй Аспижаҳангир, мениң туўысқаным, туўғаным, ғамқорым ҳәм сен. Мениң енем бул екен. Буны зинданнан нетип шығарып аламан?

—Шәрияр, оның ушын ғам жеме, ҳасла қапа болма. Мен зинданның бойына бараман, қуйрығымды зинданның ишине саламан, сеннен шарапат болсын, исми-ағзам дуўаны тәкирар етип, бир мәртебе дем ур, — деди.

— Әжеп, — деди.

Аспижаҳангир зинданның бойына келди. Қуйрығын зинданның ишине салды. Шәрияр исми-ағзам дуўаны тәкирар етип, Аспижаҳангирдиң қуйрығына бир мәртебе дем урды. Қуйрығы 40 гез созылды. Келип Гүлшараның жүзине доланып турды. Шәрияр майданда «Сен мынаған асыл»,—деп әмир қылып қыйғырды. Гүлшара Аспижаҳангирдиң қуйрығынан меккем ушлап алды. Аспижаҳангир Шәриярдың енесини саў-саламат сыртқа шығарды. Шәрияр енесиниң қасына келди, «Қәне ене, атаңды



www.ziyouz.com kutubxonasi

айттың, мəстан маманы айттың, 9 ханымды айттың, Шаҳидарап пашшаны ҳəм айттың, кейнинде бир айтқан сөзиңде:

Йигирма төрт жылғы ғайыбым,
Шəрияр медиң? деп едиң.

Түсиндеги сол баланды, өңинде көргенде таныр медиң сен?», — деди. «Əгар көз берсе, таныр едим мен»,—деди ене.

Енеси зинданның басында қалды. Шəрияр бир сайға келип, əсманы-пəлек самаға бағып, анасына дүлдүлдиң гердин тилеп, *бир-еки аўыз гəплей берди:*

Мен йығлайман бүйерлерде зар-зар,
Жалғызлықтан ғəрип кеўлим бийқарар,
Сорлы анамның көрерине көзи жоқ,
**Ол** дүлдүлдиң гердин еткер анама.
Ураныңнан айналайын бириўбар.
Арылғай басымнан күн-күннен думан,
Жаны қаларынан қалмасы гуман,
Сорлы анамның көрерине көзи жоқ,
Ол дүлдүлдиң гердин еткер анама.

Дүлдүлниң гердин енесиниң қолына берди. Енеси оң көзине сүртти — рəўшан пайда болды. Шеп көзине сүртти — рəўшан болды. Анасы *ғəрип бийшара түсинде көрген баласын өңинде* көрди. Гə баўырына басады, гə «қарағым аман бармедиң, шырағым аман бермедиң көрмей қалған ғайыбым, перзентим аман бармедиң»,—деп қайта-қайта сүйеди. Ықласының кеткенлиги соншелли, қатып қалған мəммелери парлап ийе береди. Сол ўақтында баласына қарап анасы гəплей береди:

—Алладан келгени пəрман,
Өлер бенде бийгуман.
Əдира қалған емшегим,
Ақбулақ болып ийип тур,
Сорлы анаңды келип емши,
Көзғанаңнан жан балам?

Сенсең қозым, сен қозым,
Еки ортада тел қозым,
Мен анаң болурман,
Анаңның кеўли жай болсын,
Сорлы енеңди келип емши,
Көзғанаңнан қулыным?

Ш ə р и я р сонда сөйледи:

—Алладан болур пəрман,
Өлер бенде бийгуман,
Сағыйра емес мен,

Қəбийраман, анажан
Қыйнай берме, ене сен.

Енеси және сөйледи:

—Қәдимнен қалған сөз еди,
Бурынғының нақылы:
«Өзиннен туўмай ул болмас,
Сатып алмай қул болмас,
Емшек сүтин ембесе,
Ерик сүтин емгенниң,
Анаға паяны болмас», деген.
Ананның кеўли жай болсын,
Сорлы ананды келип емши,
Көзғананнан жан балам?

Ақ түймесин босатып
Сол емшегин көрсетип
Мойнын бурып,
Қуўдай сыңсып,
Тәўелле етти, енеси.
Шәрияр сөзди еситип,
«Енемниң сөзи өлмесин,
Гәпи жерде қалмасын,
Әмири тәрк болмасын», деп
Келип енесин емди.
Белине кирди мәдети,
Дизине кирди қуўаты.
Боталы түйедей бозласып,
Қозылы қойдай маңырасып,
Жаралы қуўдай сыңсысып,
Баласы менен енеси
Қыя-майдан шөллерде
Сорасып, табысып, көристи.

Шәрияр енесин атқа мингизди, өзи Аспижаҳангирди жетелеп қаласына қайтты. Шәриярдың кеўли тасып кеткен екен енесин көрген соң: бир жерлерге келгенде кейнине қараса, аттың үстинде енеси жоқ! Енесиниң ысырылып түскенин сол ўақытта билди.

Шәрияр Аспижаҳангирге минип, зинданға қарап кете берди. Бир жерлерге келип, алдына қараса, өз рабайына отырған енесин көрди. «Ене, не себеп аттан түстиң?—деди. —Мен бийғапыл екенмен, соң билдим Енеси айтты: «Балам, мен буннан жети жыл бурын азанда зинданға түстим. Сәскеде бир шопан пайда болды маған. Сол шопанға, «Қызым Әнжимди саған беремен,»— деп ўәде қылдым. Қарындасың Әнжимди шопанға берсең қалаңа бараман, әгар бермесең, баяғы көрген күним—зинданға бараман. Бунда халыққа, таңла ҳаққа шерменде болмайман, балам». Шәрияр енесиниң сөзин жықпай, зинданға қарап жүрис етти.

* * *

Күнделикли сәскелик мезгил екен. Шопан зинданның күн бойына қараса бир ҳайўанаттың изин көрди. Келип зинданға күндегидей сөз айтып хабарласса —сес болмады. Шопан муңы көрип:

Ақша жүзи солады,
Ғамға кеўли толады,
«Етти йылғы мийнетим,
Күйген екен», деп зинданды,
Айналып жылай береди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Шопан қарады—алыста қиятырған атлы адамды көрди.*

Атлы жақын келеди,
Шопан турып ойлады:
«Шаҳидараптай ханыңнан,
Келген екен жасаўыл,
Алған екен шығарып,
«Сени ким *бақты?*» дегенде,
«Мени бир шопан бақты», деп,
Айтқан екен ырасын,
Өлим маған лазым екен».
Пешин белине шалды,
Таяғын қолына алады,
Өрме қумды өрмелеп,
Еспе қумды еспелеп,
«Қайдасаң қалың тоғай», деп,
Шопан жөней береди.

Бәрибир қашып қутылмасын билди. Шәрияр шопанның қасына жетип келди. Бүркиттей пәнже салды. Көтерип алып, бөктергиге миндирди. *Оны енесиниң алдына алып келди*, әсте-ақырын жерге қойды. Өзи ҳәм атынан түсти. Ат қазығын жерге басып, нәзер етип қараса аяғында шарығы, басында жумырысы, адам көретуғын көрки жоқ бир жандар!

Шәрияр муны көрди. «Енемниң сөзин қайырсам, қыяметте шерменде болсам; енемниң сөзин қайырмасам, қарындасым Әнжим қапа болса... Бу қалай болур екен?» деп ойланып турды. «Жаманның жары көрки—кийим» деген, муны кийиндирейин», деп Шәрияр қыял етти. Аспижаҳангирдиң қасына келди. Аспижаҳангирге, «Қундыз сопбас, еңсе постын, тилла қамар, бәршесин тайын етесең!» деп буйырды. Аспижаҳангир ғайып болды.

Айтып аўзын жумғанша,
Ескен шамал тынғанша,

пашшалық липасын тайын етти. Шәрияр бу кийимлерди алып, шопанның қасына келди. Жумырыны көтерип қарап еди, кекили төкилип турған басты көрди. Шәрияр муннан сорады: «Бала, сен нийердиң перзенти болдың?».

—Аға, мен айтайын,
Сен сорама, —деди шопан,
—Жоқ, бала, айта бер, — деди.

—Аға, мен Балхы-Бадахшан пашшасының улы едим. Түсимде пир маған келип аян берди: Атасы—Дарапша, енеси Гүлшара, улы—Шәрияр, қызы—Әнжим. Сен султан басыңды қойшы қыласаң, байдың қойын бағасаң! Баярың бир нан берсе — жартысын зиндандағы Гүлшараға бересең; жарты нан берсе — шерегин Гүлшараға бересең! 7 жыл машақат шегип Гүлшараны бағасаң! Шәрияр келип, зинданнан шығарып алады, қарындасы



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әнжимди саған береди. Бармасаң өлесең!». Султан басымды қойшы қылып, усы қалаға келдим. Байдың қойын бақтым, Баярым бир нан берсе—жартысын сениң енеңе бердим; жарты берсе—шерегин енеңе бердим. Жетти йыл машақат шегип бақтым, аға, мен оннан басқа ҳеш нәрсе билмеймен,—деди.

Бу сөзлерди ада еткеннен кейин Шәрияр оған бир қатар пашшалық липас кийгизди. Пашшалық липас кийген соң бәлки Шәриярдан ҳәм зыятырақ болды. Енесин атқа мингизип, екеў атты жетелеп, қалаға қайта берди.

Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан,
Муннан ҳәм өтип келеди,
Қыйыр менен шыйырдан.
Муннан ҳәм өтип барады,
Тереӊ жылға тереӊ сай,
Сыпсың питкен қарағай.
Көгершинли көп тоғайды,
Аралап жөней береди,

Күни-түнин бир етип,
Уйқыға көзин үйретип,
Ананы ертип екеўи,
Жолға раўан болады,
Өрме қумды өрмелеп,
Еспе қумды еспелеп,
Енесин атқа мингизип.
Сәске ўақта қаласына,
Шәрияр жетип келди.

* * *

Әнжим жайынан турды. Пешин белине шалды. «Ағам Шәрияр енесин излеп кетип еди. Енемди әпкиятырған шығар», деп қыял етти.

Бәлент көше, пәс көше,
Беглер жүрген тар көше,
Көшелерди аралап,

Әнжим жөней береди,
Бир айналма көшеге,
Келип алдына қараса—

ағасы Шәрияр алдында, оның кейнинде бир адам бар—Шәрияр менен барабар. Муны көрди Әнжимжан. Ат үстине қараса, буўдай ирен, қой көзли, ырақнайжаңлы, бал сөзли, өзи хошүрей нур жүзли бир нашар адамды көрди. Муны көрген ўақтында Әнжим мумдай ериди. Қорғасындай балқып, ҳуўшы басынан кетип, бир майдан бийҳуш болып турды. Келип Әнжим сәлем қылып, қолынан алды. Әнжим енесиниң кейнине ерди. «Сыр алдырмайық», деп төртеўи Шәриярдың мийманханасына келди. Қалаға киргенде инсиз-жинсиз мақлуқлардың барлығы жылаўдар болып, буларды алып келе берди. Жайына келген соң енесин Шәрияр аттан түсирди. Әнжим билен Гүлшара екеўин бир жайға алып барды. «Шопанға» ерекше отаў қурды. Шәриярдың өзи таҳқа минип, пашша болып отыра берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Бир күни Шәрияр ойлады: «Енемниң сөзи өлмесин, гәпи жерде қалмасын. Балхы-Бадахшанның баласына Әнжимди берип той—тамаша етип, мақсутын қабыл етейин». Узағына хат жоллап, жақынына ат жоллап, сораған халқын жыйдырды. «Шәриярдың тойы бар, Агар тойға еки адам болып барсаң бири мыс ләген, бири жез ләген, бири тилла ләген—үш ләген пайың бар. Яне ләгениң хәм өзиңдики болады»,—деп жаршылар өте берди. Алтын шайнек, мыс шайнек, екеў-араның пайына берди. Алтын кесе, мыс кесе, екеў араға бес кесе тийди. Ат шаптырып, палўан туттырды, алтын қабақ аттырды:

Нағара сырнай тарттырды,
Дуўтар, ситар, тамбур, гиржек
Отыз еки сазларды,
Бир қулақтан дүзетип,
Пашшалықтан шерттирди.
Қой семизин сойдырды,
Екеўи араға пайлы,
Ләгенлерин қойдырды.

* * *

Шәрияр тойды берип бола берсин, сөзди Шаҳидарап пашшадан еситиң. Баяғы Гүлшараны зинданға салғаннан Томанды ақ үйли етип қойған еди. Шаҳидарап пашша ўәзирди шақырып алып, «Алты айлық ағыр журттың салығың, закатын 18 күнде алып келесең, болмаса өлимдар боласаң»,—деди. Томан ўәзир ойлады, ат басындай жүреги қанаға сыймай туўлады: «Пашша өлимдар еткен адамына иргежейлиден жасаўыл қояды», деген бир нақыл бар еди. Бу пашша мени өлимдар еткен. Тәўекелди. Буған «яқшы» деп өте берейин».

—Қуллық тақсыр,—деди Томан ўәзир. Атын сазлап, өзин оңтайлап, пашшаның нәзеринен жуўап алып, көшеге шықты. Көшени аралап, қаладан хәм шықты. «Пашша-ғо мени өлимдар етти. Қәдимнен қалған сөз еди, бурынғының нақылы, «Жақсы ийт өлигин аўлаққа таслайды», деген. Салық, закатты қояйын», деген қыял пайда болды. Томан ўәзир атына минди.

Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан,
Муннан хәм өтип келеди.
Астындағы атыны,
Ойлаў жерден ырғытты,
Борбослаў жерден ғарғытты.
Аттың басын бурады,
Айдап жолға салады.
Гә бәлентте, гә пәсте,
Жолға раўан болады.
Терең жылға, терең сай,
Сыпсың питкен қарағай,
Көгершинли көк тоғайды,
Аралап жөней береди.
Таўдың арқарын қуўыпты,
Бунындайын жүйрикти,
Қайсындай бийе туўыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жуптан дизгинди үзеди,
Полаттан дойнақ қызады,
Жерге урған дойнағы,
От орнындай қазылды.
Дойнақтан шыққан гәртлери,
Жылдырым киби атылды.
Табаны тасқа тақылдап,
Қайтқан ғаздай ғанқылдап,
Қуйысқаны бөктериўге
Үсти-үстине шарпылдап,
Аттан аққан терлери,
Қара жерге сиркиреп,
Аты ылғал әйледи,
Минген аты жуўырды,
Жер танабы қуўырылды,

Дойнақтан шаңын суўырды,
Азғана емес мол жүрди.
Еки сәккиз—он алты,
Және сәккиз, және алты,
Отыз күн анық толды.
«Мезгилхана бар ма?» деп,
Көз жиберип қараса,
Бир пақшасы қоладан,
Бир пақшасы гүмистен,
Бир пақшасы алтыннан,
Бир пақшасы яқуттан,
Бир пақшасы зербарақ,
Гүнгирасы шам-шырақ,
Және қырқ гез ғарғалық,
Шәрияр салған қаланы,
Томан ўәзир көреди.

Қаланы айналып дәрўазаға келди. Алдына қараса, көзде жасы көл болып, жағалары сел болып, кеўли бузылып, бағры езилип, көзинен аққан жаслары хатре-хатре яқасына дизилип, өксип-өксип жылап отырған бир адамды көрди. Томан ўәзир буған қарап гәплей берди:

Ҳазан урмай* қызыл гүлиң солды ма,
Әжел жетпей шул пайманаң толды ма,
Себеп недур өксип-өксип жылайсаң,
Жетер-жетпеслерден зәлел келди ме?

Бедеў минип бул майданда желесең,
Айтқан бул сөзимди қабыл көресең,
Жетер-жетпеслерден зәлел келди ме,
Хабарыңды тезирек маған бересең.

Ашылғайма оң гүлиңнен бир гүлиң,
Саған келген маған келгей шум өлим,
Себеп недур, өксип-өксип жылайсаң,
Хабарың бер жылдай берме, жан иним?.

Анда ол. Томан ўәзирге қарап ўаз етти:

—Аға, Шәрияр деген пашшам бар. Шәриярдың тойы басланды. Әгар екеў-ара болып бара ғойса:, бири жез ләген, бири мыс ләген, бири тиллә ләген, үш ләген пайы бар. Ләген де өзиңдики. Жаршылар ҳәм бар, «Алтын шәйнек, мыс шәйнек, екеў-араға бес шәйнек: алтын кесе, мыс кесе, екеў-араға бес кесе» деген. Алдымда ағам жоқ еди, кейнимде—иним. Бир уядан жек-

* Гүз (октябрь) келмей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ке ушқан сор едим. Сол тойға баралмай, қатардан орын алалмай аға, өзимниң жеккелигиме жылап отырман.

Томан ўәзир айтты: «Бала мен ҳәм жеккемен. Екеўимиз қосылып бара ғойсақ қәйтер екен?». Бу сөз оған мақул болды.

Томан ўәзир мунын менен қосылып қатарда отырды. Екеўи жуп болды. Үш ләген пай, алтын шайнек, мыс шайнек, екеўине бес шайнек келди. Алтын кесе, мыс кесе —екеўине бес кесе. Буларда қатардан пайын алды.

Жеген адам жеп, аўысқанын пешине бастырып отырады. Шәйнек ҳәм кесени де солай етеди екен. Адамлардың бул көкирегин дәўперилер биледи. Бүлбүлгөя мулақуш қәпестен шығып, бир шақалақлап күледи. Бу адамлардың бәршеси бийҳуш болып жығылып қала береди. Дәўперилер ләгенди, шәйнекти, кесени апарып орнына қояды. Және Бүлбүлгөя бир шақалақлап күледи. Адам улы—инсанның бәршеси орнынан турады.

«Бугин болмаса ертең-ақ аламыздағы, ертең болмаса бир күн аламыздағы», деп Шәриярдың тойында бу адамлар 40 күнге дейин жүре берди.

Шәриярдың 40 күн тойы питти. Перилер жар урды: «Адам улы бул қалада турмайсаң. Бул—перинин қаласы».

Адам улы—инсан кетип болды. Томан ўәзир кетпеди. Перилер урды, сабады — кетпеди. Томан ўәзирди қуўалап, Шәриярдың алдына алып келди.

—Аға ҳәмме жанлы-жәмендер кетип болды, адам улы—инсан кетип болды, тап усы бир адам кетпейди.

Шәрияр сорады:—

—Сен неге кетпедиң?

—Аға, мен сениң қалаңнан шықпайман,—деди.

—Не себеп шықпайсаң? Не мәниси бар?—деди пашша.

— Аға, мәниси—бизиң Шаҳидарап деген пашшамыз бар. Мениң сорамағымда Гүлшара деген бир қыз болды. Патша бийперзент еди, мен араға түсип, сол Гүлшараны пашшаға алып бердим. Ол кәмбағал жүкли болды. Соған 9 ханым жаманлық етип, тийине ийт пенен пышықтың баласын таслаған. Пашша оны өлимдар етип қаладан қуўып-шығарып жиберген екен. Елиме барған соң өлген қарындасымның орнына қарындас етип сақладым муны. «Мениң қарғағанымды не ушын жарылқайсаң?», деп пашша маған дарғазап қылды. Сол Гүлшараны шөли-жәзийрадағы зинданға салды. Мени ақ үйли етип, алдына әпкелди. Жақында шақырып алды «Алты айлық ағыр журттың салығын, закатын 18 күнде алып келесең»,—деди. Жан үстинде «қабыл»— пашшадан жуўап алдым. Сөйтип кеште жатпай, күндиз тынбай, «Өлимтигимди аўлаққа таслайын», деп киятыр едим, сениң бул тойыңның үстине келдим. Енди баратуғын жерим жоқ, батату-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын келим жоқ, оннан басқа ҳеш илаж жоқ,—деп оның алдында турды.

—Онда сен Гүлшараны таныймысаң?—деди Шәрияр.

—Көрсем таныр едим,—деди.

Шәрияр енесин дәрриў тайын етти. Гүлшара Томан ўәзир ағасын көрди, бурынғы жылаў-жылаў ма—еккиси көп жыласып табысты. Томан ўәзирдиң сөзи ырас болды.

Томан ўәзирге Шәрияр ўаз етти:

—Қәне Томан ўәзир, мен қайтадан той беремен. Шаҳидарап пашшаны тойға шақырып келесең бе? Астына дәўпери беремен. Дәўперини көрсе сени өлтире алмайды.

—Әжеп,—деди Томан ўәзир.

Томан ўәзир өзин оңлап дәўпериниң үстине минди, көтерилип бир ушты және сарықты, Шаҳидарап пашшаның қаласына жетти. Дәўперини қаланың дәрўазасының алдына қойды, өзи қалаға пиядалап келди.

Бәлент көше,
Пәс көше,
Беглер жүрген,
Тар көше,

Көшелерди аралап хан есиги датқа жай, тар қапылы кең сарай, сәлем берип Шаҳидарап пашшаның алдында қол қаўсырып турды.

Пашша Томан ўәзирден:

Тойдан қайтқан жигиттиң,
Той белгиси болады,
Жаўдан қайтқан жигиттиң,
Жаў нышаны болады,

Жаў нышаннан хабар бер, — деп сорады. Томан ўәзир пашшаға қарап былай деди:

—Сени көрип қаўсыраман қолымды,
Раўа көрмейсең маған өлимди,
Сал қулақың, ешит мениң сөзимди,
Айтайын сизлерге келген жөнимди.

Муннан енди мен кеттим,
Бул қаладан шықтым,
Бир ай тамам жол жүрдим,
Шәрияр деген пашшаның
Елатына бардым.
Ат белине минесең,
Сөзимди мақул көресең,
Шәрияр тойға шақырды,
Пашшайым қалай көресең?

—«Пашша жек көрген адамына иргежейлиден жасаўыл қоярды», деген. Сениң өлимдар екениңди ол ҳәм билген екен. Жәллат—деп пашша бақырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Тақсыр, мениң нышаным бар-ғо,—деди.

—Не нышаның бар? Шақыр қәне нышаның болса,—деди. Дәўперини Томан ўәзир шақырып еди, дәрўазаны қулатып, көшелерди жығып, ол Шаҳидараптың алдына келди. Шаҳидараптың жаны қалмады, *«Мына бәленди қайтарагөр»,* —деп өтинди. Томан ўәзир ханның нәзеринде дәўпериниң үстине минди. Айтып аўзын жумғанша ( және Шәриярдың хызметине келди. Шаҳидарап туғырдан тарлан қуш алып, хызметкер алып, 62 әмелдар 32 мөҳирдар ертип, Шәриярдың тойына қарай жол тартты.

Аспижаҳангир Шәриярдың алдына келди, «Әй Шәриярыалам, о султаны бакерем, атаңды үстиңе шақыртып, атаңнан уллы *болдың ба! Гүнакар болдың!»*—деди. «Мениң гүнам қәйткенде өтеледи?»—деди. Шәрияр. «Атаңның алдына тоғыз күнлик жолға паяндоз төсе»,— деди, Аспижаҳангир. Пашша буйырып еди, «Әжеп»,—деп дәўперилер тоғыз күнлик жолға паяндоз төсеп таслады. 9 күнлик жолда атасына иззет етип, Шәрияр пиядалап кетти.

Шаҳидарап пашшаның қаласы менен Шәриярдың қаласы 36 *күнлик жол еди,* 9 *күнлик жолда* Шәрияр турды. Шаҳидарап пашша келе берди. Қарады: Шәрияр пашшаны көрди. Шәрияр жасы кишилик етип, Шаҳидарап пашшаға сәлем берди.

Ш а ҳ и д а р а п пашша Шәриярға қарап гәплей берди:

Балам, *Муне иш,*
Муне саўда, Хабарыңды бер?

Ш ә р и я р айтады:

Сени көрип қаўсырaман қолымды,
*Сал қулағың, ешит мениң сөзимди,*
Мен айтайын саған енди гәпимди:
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
Мына паяндоз үстинен
Ата, атлы жүресең.

Ш а ҳ и д а р а п сонда сөйледи:

— Буўған белиме қамарым,
Мәдет бергей бир қудайым,
Мына паяндоз үстинен жүрмеклик,
*Орынлы емес бизлерге,*
Қыйнай берме балам-ай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ата, «Хызмет етсең, миллет етпе», деген бир нақыл бар. Миллетим жоқ, жүребер ата сен,—деди Шәрияр. Шаҳидарап пашша, «Балам, сөзиң өлмесин,ململ сениң гәпиң жерде қалмасын, әмириң тәрк болмасын»,— деп паяндозға ат тартты. Шәрияр атасының атын жылаўынан алды. Жетелеп тахтына алып келди Дәўлер паяндозды жыйнап, булар ҳәм келди. Мийманларды таза жерге алып барып, айшы-әширет, сазы-сәўбет, 9 түрли тағам тартты.

Атасына 15 күн хызмет етти. 15 күнниң ишинде атасы Шәриярдың әйнеки жаҳан бағын, Бүлбүлгөя қусын, инсиз-жинсиз мақлуқларын, Аспижаҳангир атын—ҳәммесин көрди. «Әй, балам, сениң қалаң бир ғайры нақыш екен бизиң журтқа ҳәм қаланды апарағойсаң қалай болар екен», —деди Шаҳидарап. «Әжеп!» — деди. Шәрияры алам. Дәўперилерге «Қаланы көтер» деп әмир етти. Дәўперилер бир хатре топырағын жерге түсирместен, Шаҳидарап пашша қаласының қубласына әкеп қондырды.

Шаҳидарап өз қаласына кетти, «Мен ҳәм той берип, Шәриярды шақырайын» деп қыял етти.

Узағына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Төрткүллеп ошақ қаздырды,
Шаҳидарап пашша,
Елатына той берди.

Аспижаҳангир айтты: Ертең сени Шаҳидарап пашша тойға шақырады. Атаңа таныттырайын ба сени?». «Таныттыр». — деди.

— Онда—деди Аспижаҳангир,—ертең тойға барамыз. Адамларға нан, гөш берер—жер, атларына жем берер—жер. Маған от берсе де жемеймен, жем берсе де жемеймен. Алдыма келсе—тислеймен, артыма барса—тебемен, бәлки өлтирип, қырғын етемен. Онысын сеннен сорар: «Минген атың Жаҳангир от берсекте жемейди, жем берсекте жемейди, не жейди өзи?», «Минген атым он сери маржан, он сери ҳинжи, он сери гаўҳар, ҳәр мезгилине сийсери тас жейди, ата»,—деп айтқайсаң. Сеннен, «Ол заманға бул заман, өзи ҳайўаң бийзибан, тас жеймекен?»—деп сорар. Сен:

—Тас жемесе ҳайўанат,
Адамзат әўлады,
Муҳаммедтиң үммети,
Ийт пенен пышық туўғанын,
Қай китаптан көрдиң?—

деп сол ўақытта айтқайсаң.

Шаҳидарап пашша сораған халқын тойға шақырды. Шәрияр да тойға келди, той ишинде болды. Ат шаптырды; палўан туттырды; алтын қабақ аттырды; нағыра, сырнай тарттырып дуў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тар, ситар, тамбур, гиржек, отыз еки сазларын бир қулақтап дүзетти.. Шәриярдың адамларына нану-гәш берди—жеди, атларына от берди, жем берди— жеди. Аспижаҳангирге от берсе де—жемеди, жем берсе де—жемеди; алдына барса— тиследи, артына барса—тепти. Биразды өлтирип, ойран етти. «Шәриярдың атына от бер, жем бер » десе ҳешким бармады. Қорықты, датқашы болды. Шаҳидарап Шәриярдың алдына келди:

— Минген атың Жаҳангир,
От берсе де жемеди,
Жем берсе де жемеди,
Алдына барса—тиследи,
Артына барса—тебинди,
Биразды өлтирип, ўайран етти.
Не жейди хабарын бер?

Шәрияр турып арыз етти: «Тахт үстинде хан ата, сөзимди мақул тыңла. Минген атым Жаҳангир он сери маржан, он сери қинжи, онсери гәўҳары шам-шырақ, ҳәр мезгилине сийсери тас

Анда п а ш ш а сөйледи:

— Ол заманға бул заман,
Өзи ҳайўан бийзибан,
Тас жеймекен, балам-ай!

Анда Ш ә р и я р сөйледи:

— Ата, сөзиңде жоқты қата,
Биз мажазый уллы пашша!
Өзи ҳайўан бийзибан,
Тас жемесе ҳайўанат —
Адамзат әўлады,
Муҳаммедтиң үммети,
Ийт пенен пышық баласын
Туўғанлығын хан ата,
Қай китапта сен көрдиң??!!

Айтып аўзын жумғанша,
Ескен самал тынғанша,
Қуўышы кетип басынан,
Белден кетип қуўаты,
Дизден кетип мәдаты,
Қайдай бели бүгилди,
Көзден жасы төгилди,
Жигирма төрт жылғы ғайыбым,
Перзентим,
Шәриярмедиң сен?» —деди.
Шардақ таслап жығылды.
Ол бир майдан жатады,
Өз ҳуўшына келеди.
Белине кирди мәдаты,
Дизине кирди қуўаты,
Шәриярдай баласын,
Дал мойнынан қушақлап,
Көзиниң жасын моншақлап,
Баўырына басады.
«Белғанамның мәдаты,
Дизғанамның қуўаты,
Алдымда жүрсе айбатым,
Кейнимде жүрсе қуўатым,
Тириде бенде көрисер
Аман-есен бармедиң,
Шәрийрдай перзентим,»—
Деп қайта-қайта сүйеди.

151



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Кемем қырға тийгенде,
Қырлатып ескен жалғызым,
Салым суўға тийгенде,
Сарлатып ескен, перзентим,
Тири бенде көрисер,
Аман-есен бармединң?
Көзғанаңнан перзентим»,—деп
Қайта-қайта сүйеди.

Шаҳидарап пашша 62 әмелдарды турған жеринде шаптырды. 40 арба отын төктирди. 9 ханымды үстине миндирди. Отынға от берип, 9 ханымды отқа өртеп жиберди. Мәстан маманы шақырып алып, «Қырық қысырақ* керек пе, я қырық пышақ керек пе?» —деди. «Балам пышағы қурсын, маған еншиге қырық қысырақ бер», —деди өзинше түсинген мама. «Яқшы, мама» —деп дүрре тиймегеннен 40 қысырақты Шаҳидарап пашша тайын етти. Арқанды цомайдан тапты, жигитлерди жыйнап алды. Арқан менен мама қырық қысырақтың қуйрығына бәнт етилди. Ҳәр қысыраққа бир-бир тәнзири-қамшы урды пашша. Маманың шаппаттай гөши ҳәр қысырақтың қуйрығында кетти.

Шаҳидарап жаманларын өлтирип, жақсыларынан ўәзирлер қойды. Шаҳидарап алтын тахтын, малы мүлкин Шәриярға инам етти. Шәрияр Томан ўәзирди енесин пашшаның нәзерине алып келди.

Шәрияр атасы менен енесин табыстырып, мурады-мақсетине жетти.

---

* Жас, күшли атлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi



# Қаншайым

www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЫРАУДАН

*Қаншайым деген бул қыздың,*
*Питкерилди дәстаны,*
*Қосқаным жоқ бул жырға,*
*Болып өткен бир ўақта,*
*Ўақыядан басқаны.*
*Айтып жүрди Қурбанбай...*
*Яд еткен буны Халмурат...*
*Халмураттан қалған соң,*
*Бул дәстанды айтқанлар,*
*Бухараның елинде,*
*Жасап өткен Айтуўар...*
*Айтуўардан қалған соң,*
*Шаңгөт деген бақсы айтқан...*
*Түн бойына жыр жырлап,*
*Дәстанды ол жақсы айтқан.*
*Яд еткен оннан Қазақбай...*
*Қазақбайдан қалған соң,*
*Көкирекке мол тоқып.*
*Есте тутқан Қурбанбай.*
*Неше жыллар жырлады,*
*Қаншайымның дәстанын!*
*Сексен жасқа толғанда,*
*Келди тағы күш-қуўат—*
*Қурбанбай айтты дәстанды,*
*Берип күтә ықтыхат,*
*Қағазға жазып алынды,*
*Бәҳәр шығар алдында.*
*Кемшилиги бар болса*
*Биз кеширим сораймыз,*
*Оқыған я еситкен,*
*Халқымыздың алдында*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәрдақлының елинде,
Сарыша көлдиң бойында,
Темирхан патша журтында
Қарақалпақ халқының,
Қазаяқлы руўынан
Аты Сулайман деген,
Дәўран сүрди бир адам,
Дәўлети өзине жеткендей
Қарыўы көптен өткендей,
Өзи жетпис жасында.

Жалғыз улы бар еди —
Халыққа азап бермеген,
Жаман сөзге ермеген,
Өзи ушын мал жыймаған,
Халық ғамын ойлаған,
Жақсының сөзин бақлаған,
Сардақлы деген бул елди,
Басқыншы жаўдан сақлаған.
Аты еди Абдулла,
Ақылдан ҳеш мини жоқ,
Шийрин сөзли ер еди,
«Сулайман деген кисиниң,
Жалғыз улы» дер еди.

Сулаймандай кисиниң,
Жалғыз қызы бар еди,
Алма ишинде нар еди,
Көрген жигит ашық боп,
Изинде интизар еди.
Өзи он сегиз жасында,
Зердар қалпақ басында,

Бой жеткен бул ботакөз,
Омыраўда мойны гез,
Лебине шекер, пал қойған,
Зия-зулпын тараған,
Шырайына ҳәр адам,
Күнде-күнде қараған
Сулыў перийзат еди.
Өзи еди саўатқан*
Сардақлының елинде,
Аты шыққан бир жанан.

Сулайман деген кисиниң
Бир ҳаялы бар еди
Еки ҳаял алыўды
Ол миясар көрмеди,
Аты еди Ҳәлимша,
Еки бети гүл-ғумша,

Сулайман деген кисиниң
Үлкен ҳәўлиси бар еди.
Пақсалары он еки,
Гүңгирасы он жети,
Ол пақсаның ишине,
Бир аршыннан бәнт болған,
Дәрўазасы қараман,
Ишинен қуйы қалалған,
Ошекейлеп неше жай,
Мийман ушын қойылған,
Қараз, тағы бир жуўаз,
Терис ҳайўан—кең пәрўаз...
Узақтан ҳәўлиге қарасаң
Зият еди қорғаннан.

---

* Оқыўды билетуғын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ендиги сөзди еситиң,
Сулайманның исинен.
Ҳаялы және Сулайман,
Терис ҳайўанның алдында,
Жатыр еди уйқыда.
Әжептәўир түс көрип,
Апыр-топыр оянып,
Сулайман деген бул киси,
Қағып кийип шекпенин,
Шығып келди майданға
Шыра жағып ҳаялы,
Суў қуяды қолына.
Қапа болып Сулайман,
Қарамас оңлы-солына.

Бул аўҳалды көрген соң,
Сәўдиги оның Ҳәлимша,
Жуўырып барды ентелеп,
Абдулланың қасына:
— Балам орныңнан тур,—деди
— Атаң сениң бийтәҳәт,
Әстелеп өзиң бар, —деди.
Әсте барды Абдулла,
Әкесиниң қасына,
Тоқтата алмады жас жигит,
Әкесиниң көз жасын,
Бойын тиклеп Абдулла,
Әкесиниң аўҳалын,
Бир сөз айтып сорады:

— Арзымды есит қулақ салып, әкежан,
Сен «аҳ» урдың мениң болды баўрым қан,
Көзлериң мөлдиреп жасты төгесең,
Қандай кемлик көрдиң, әке, дүньядан?

Жигирмада болдым өзим пирқаман,
Ҳасылзада боп туўылдым анадан,
Жетерликтей дүньяңыз бар өзиңде,
Не себептен кеўлиң болды сизиң ғам?

Жан әке, есит мениң зарымды,
Анам барды ҳаўлықтырып жанымды,
«Әкеңизге қатты қайғы келди», деп,
Бузды мениң ақыл-ҳуўшы, аңымды.

Туўылдым мен ғам-қайғысыз анадан,
Кемлик көрмей рийза болдым дүньядан,
Маған айтың кеўлиңдеги гирбиңди,
Питкерейин орманыңды, әкежан?

Суўық демин алады,
Еситип буны Сулайман.
Ақыл-есин жыйнады,
Жан-жағына қаранып,

Өткен исти ойлады.
Түсинде көргенин,
Жасырмастан баянлап,
Абдуллаға айтады:

— Абдуллажан, саған айтар арзым бар,
Уйқыда жатырып көрдим бир аўҳал,
Сол нәрсени көрип турдым орынымнан,
Мендей байға жоқ көринди дүнья-мал,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бағларым бар—гүл ашылған лалалар,
Меннен себил қалмақ* болды дүнья-мал,
Түстим енди ахыреттиң** жолына,
Ҳәрем-шарбақ болды маған күтә тар.

Келгениңде барды, улым, шарапат,
Ҳалды сорап ғам кеўилди еттиң шад,
Өмириң узақ болсын, балам, дүньяда,
Жақсылардан сен көргейсең шарапат

Қартайғанлық —бендесине қыйын дәрт,
Жетписке келгенше өмирим болды шад,
Мусылманның Бейтил деген жери бар,
Молламүшкил айтты: «Ет,—деп,—зиярат».

Мен таппадым балам сеннен қыйлықал,
Кеўлиме салмадың ҳасла қайғы-зар,
Бул дүньяда мениң сеннен тилегим,
Перзент болсаң Бейтилге бир алып бар?

Сәҳәр ўақта ишим оттай жанады,
Мен сизлерди көрсем мийрим қанады,
Алып барсаң тилек еткен жериме,
Абдуллажан, сеннен кеўлим толады.

Сонда турып Абдулла,
Әкесине қарады,
Бир-еки сөз сөйледи,
Сөйлей берип не деди:
— Бизлер кетсек бас алып,
Анам қалай қалады?
Бағда сайрар мурғызар . . .
Және айтар арзым бар:
Бир емшекти емискен,
Тай, қулындай тебискен,
Қаншайымдай қарындас,
Ол сонда қайда барады?
Оған емес зиярат,
Ҳеш ўақытта миясар.

Алтын еттиң гүлләнин,
Мынаў турған ҳәремди —
Ол енди кимге қалады?
Бағымның бар шийеси,
Жаманның тийер кийеси,
Ҳәрем менен шарбақтың,
Ким болады ийеси?

Ҳәлимшадай сәўдиги,
Еңиреп келип жылады,
«Сулайман қайда кетсе де,
Соның менен бир жерде
Өлемен», деп қулады...
«Қәйтсек болар еди?» деп,

---

* Ийесиз
* О дүньяның



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыздан кеңес соралды.
Қаншайымдай перийзат,
Сыйпап турып бурымын,
Қуўсырып турып қолларын,
Әкеси менен анаға,
Абдулладай ағаға,
Айтып турды мынаны:

— Жаманның сөзине әке ермесең?
Анажан сен не нәсийҳат бересең?
Бейтилдиң жолы бар, билсем, алты ай,
Он еки айда аман болсаң келерсең.

Сәҳәр ўақта жатып шектиң қайғы-зар,
Жигитликте болдың ба сен гүнакәр?
Жоқ па әке жақын менен жуўығың?
Енди маған ким болады қәўендер?

Сөзимди тыңласаң сизлер кетпеңлер,
Қуры нийет етип, мәзи төкпең тер,
Еситемен «Барған жолда қалды», деп,
Узақ болса керек Бейтил деген жер.

Ортаға қылыш, нан қойып,
Сулайманға серт еткен,
Қызды жети жасынан,
Он жыл даўамы оқытқан,
Жақын досты бар едиң
Молламүшкил дер еди...
«Тапсырып кетсек қызды», деп,
«Молламүшкил досқа», деп
Сулайман менен Ҳәлимша,
Батыр жигит Абдулла —
Үшеўи кеңес қурады,
«Болады, —деп— қәўендер,
Молламүшкил дос молла».

Сонда турып Қаншайым,
Айтты жылап мынаны:

— Әкежан, сизге айтар арзым бар,
Кеўлиңизге алып жүрсең қайғы-ғам,
Еситемен Бейтил деген бир мола,
Барғанлардан шықпапты ҳеш сес, хабар.

Не сөйлесем әке кеўилиң қалады...
Бийпайдаға қуры шашып дүньяны,
Барып әзэзилден пәтия алғаннан,
Бул сапардан қандай пайда шығады?!

Сардақлыда жетим бала, тул қатын,
Неше гедей арқалаған қул атын!
Жетим менен жесирге бер дүньяны,
Болмас па сонда абад ахырың!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзим жаспан, жалғыз қызбан анадан,
Қайыр етиў қалған бизге бурыннан,
Таслап кетсең «достым» деген моллаңа...
Қәсийет шықпас халықты алдаған молладан!

Сардақлы дегениң, билсең, уллы ел,
Сөйлей берсең қыза берер қызыл тил,
Қара шашлы қызбан, батыр жүрекли,
Айтып болдым ендигисин өзиң бил.

Еситип буны Сулайман,
Жолбарыстай ақырды,
Қызына қарап бақырды:
— Жаратпайсаң сен неге,
Баратуғын Бейтилди?
Абдуллаға буйырды:
— Тезден шақыр бунда,—деп,
Достым Молламушкилди!
Әке тилин алады,
Жуўырып-жортып Абдулла,
Сол моллаға барады,
—Шақырды сени әкем,—деп,
Абдулла шаўқым салады.

Мешитиниң алдында,
Китабын жаўып иймансыз,
Геўишин кийип аяққа,
Сәллеси селтийип,
Сулайманның қасына,
— Аманлық па тақсыр?—деп,
Молла жетип барады.
Жүйрик еди бул молла —
Сөздиң алдын алады,
Сақалын әсте бир сыйпап,
Сулаймандай кисиден,
Жол болсын сорап турады:

— Есит, достым, арзың мендей молланың,
Жүк салынған нар көринди көзиме,
Шақырттың мендей жақсы достыңды,
Сен ересең қандай кәрўан изине?

Ашылдырдың заманында гүлинди,
Шадлы еттиң Сардақлыдай елинди,
Қияметлик достым едиң, Сулайман,
Маған айтшы баратуғын жеринди?

*Хазан урмасын бенделердиң гүлине,*
Жүк салыпсаң қара нардың белине,
Жолың болсын достым болған, Сулайман,
Сапар шектиң қайсы ханның елине?

Сен кеткенде көзден ағар тамшы жас,
Өзиң едиң тек те маған кеўил-хош,
Шықсаң енди Сардақлыдан суўрылып,
Кимлерди етесең қасыңа жолдас?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Арзымды есит, моллажан,
Жатып едим таң сәҳәр,
Түсиме енди бир мәҳәл,
«Бейтил деген бир жерге,
Барып кел», деген сөзлериң
Жолдаслыққа ҳаялым,
Жолбасшыға бар улым,
Бейтил деген бир жерге,
Тәўекел етип үшеўмиз,
Шегемиз бизлер бир сапар.
Ҳәрем-шарбақ ушын да,
Болды менде уўайым.
Қызым жалғыз қалады...
Сизден басқа адамға,
Енди кимлер нанады?!
Оқыттың, өз перзентиң
Сарайда өзи болады.
Нашарлықтан жылады,
«Жалғызбан», деп зар-зар.
Қияметлик достымсаң,
Бол қызыма қәўендер?
Он еки айда келемен,
Бейтилге етип, тәўекел,
Бир жола сапар шегемен.
Бағларым бар лалазар,
Жаманға болар дүнья тар.
Бизлер кетсек Бейтилге,
Қызымнан бол хабардар.
Әжел барды алдымда,
Та көргенше аллаяр! —

Тамам етти сөзлерин,
Усының менен Сулайман.
Молламүшкил сол ўақта,
Турып қолын кереди,
Қуўанғаннан бул наймыт.
Терис пәтия береди.
Оннан кейин Сулайман,
Ырғып турып орнынан,
Сарпай берип моллаға,
Артады жүгин ақ нарға.
Ҳәлимшаны миндирип,
Азықты молдан арттырып,
Айылын беккем тарттырып,
Молла менен Сулайман,
Ҳәлимша менен Абдулла,
Минип бедеўлерине,
Шықты әсте майданға,
Отырған уллы сарайдан.
Қаншайымдай перийзат,
Аясын неге ол сөзин,
«Ақылы бар,—деп—ағамның»,
Қыз айтты көўилиндегисин:

— Аға, қулақ салың айтқан арзыма,
Ҳәр ким айтпас келген сөзди аўзына...
Аман келсең қаналасым,жан аға,
Ҳеш инанба шуғыллардың сөзине.

Қарсы болдым Бейтил деген сол жерге,
Қайсар әкем қулақ аспас сөзлерге,
«Аман барың», деп тилеймен сизлерге,
Сөз келмесин, ағажаным, жүзлерге.

Ақылдың басына сияды дәўлет,
Мендей қызға жараспайды қиянет,
Мен шықпаспан сарайымнан салланып,
Бирақта жоқ моллакенде қәсийет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сапарға шықтыңлар журтқа бийгана,
Молла—шуғыл, әкем өзи—бийгүна,
Молла салмаса еди бизге бир мәлел,
Қыйқашлап қарар еди оқығанымда.

Аман болсам шаң салмаспан жүзиңе,
Әкем билмес, уқ усыны өзиңе,
Аман барып, саў келсеңиз Бейтилден,
Исенбеңлер шуғыл шайтан сөзине.

Усыны айтып Қаншайым,
Дәрўазаны илдирип,
Абдуллаға билдирип,
Кеўилиндеги бар исин,
Жалғыз қалды гүлжанаң
Хәрем шарбақ ишинде.
Жол бойында Абдулла,
Бир сөз айтты моллаға:

— Арзымды есит, қул тыңлайгөр, моллажан,
Нәзер салың сизге көп сөз айтпайман...
Инанбаңыз әзәзилдиң сөзине,
Ақылыңды алмасын бир шуғыл шайтан.

Бағларымда сайрап турған мурғызар,
Бизлер кетсек душпанларым қуўанар,
Қапалықты салма бизге хәрдайым,
Қаншайымға берме хеш бир қайғы-зар.

Мен тапсырдым саған қарындасымды,
Мәртлигимнен хеш ким таппас минимди,
Жалған сөзлер узақ өмир сүрмейди,
Раўа көрме, тақсыр, бизге өлимди.

Дослықтан болар адам кеўли шад...
Қарындасым, жайым саған аманат,
Мен бараман әке сөзин қайтармай,
Ол қалады хәўлиге болып азамат.

Нешше жыллар болдық бирге қәдирдан,
Кеўилге әкемиз салды бир әрман.
Бағы-шарбақ мен тапсырдым сарайды,
Көрискенше қалың, тақсыр, хош-аман.

Сөзин туўарып Абдулла,
Молла менен хошласты.
Бейтилге қарап жол ашты.
Қыздың жалғыз қалғаны,
Молланы әбден қуўантты.
Көкирегине түкирди,
Айтты мың-мың шүкирди,
Сабалап ала байтады,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәремге қарап жол тартты,
Келсе молла ҳәремге,
Сыпырылған дөгерек,
Ишинен қулып урылған,
Ҳәрем беккем бәнт болған.
Жылаўын тартып байталдың,
Жан-жағына қарады,
Диййуанадай сарнады,
Сыртта турып моллеке,
«Хабарлас» деп өтинип,
Айтты сонда мынаны:

— Нашарлықтан етпе өзиң уўайым,
Мен келмей-ақ бекитипсең сарайың,
Әкеңизден айтатуғын арзым бар,
Шығып кетши, ўа перзентим, Қаншайым?

Әкеңизден бир сөз айтсам аманат,
Сәлемин еситип болар кеўилиң шад,
Ырқым болмай аўыл бетке кетпеге,
Айтайын мен әкеңизден нәсият.

Сол мәҳәлде Қаншайым,
Тал шыбықтай таўланып,
Қызыл гүлдей буралып,
Мойнына моншақ тағып,
Қолына алды мылтығын.
Аяқларын ғаз-ғаз басып,
Дәрўазадан қараса,
Үстинде бар меллеси,
Басында бар сәллеси,
Жылаўын тартып байталдың,
Тур екен Молламушкилиң—
Әкесиниң «жан досы»,
Қос ернини бир жалап,
«Қаншайым шығар қашан» деп.
Қылўасын көрип молланың,
Жийиркенди Қаншайым.
Әке менен ананың,
Зарын шегип Қаншайым,
Айтты сонда мынаны:

— Есит сөзди қулақ салып, атажан,
Шарбақ аўлақ, ел ишинде көп душпан,
Өзим нашар, ҳақтан басқа жоқ жолдас,
Қәўип етемен реҳимсиз душпаннан.

Жасларға толтырып қанлы көзимди,
Қапалықтан жасым жуўды жүзимди,
Душпан изин билмек ушын сыпырдым,
Қорғамақшы болып оннан өзимди.

Үш адамым кетти, баўырым қанды,
Ядқа алдым ақ сүт берген анамды,
Жолға шықты сизиң менен жан әкем,
Узаттың ба Абдулладай ағамды?

Әкем айтты маған қандай нәсият?
Душпанлар салмасын басқа мәлемат,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳақ сөйлей бер—ертең жердиң асты бар,
Анам айтты сизге қандай аманат?

Сапар тартып раўан болды көп кәрўан,
Изинде бозладым, болды баўырым қан,
Ағам маған берди қандай нәсият,
Расыңды айта бериң, атажан?

Байталда турып моллеке,
Сақалын сыйпап, бас қасып,
Муртын әсте таўлады.
Қаншайымға бир қарап,
Әңгимени қурады.

«Жағынайын», деп қызға ол,
Жумсады тилге бар күшин.
Ширенип турып зәңгиде,
Көтерип қойып ийинин,
Қызға айтты мынаны:

— Қаншайымжан, саған айтар сөзим бар,—
Әкеңнен аманат, ағаңнан хабар,
Өтирик болса айтқан сөзим, перзентим,
Бүгин жердиң үсти, ертең асты бар.

Ағаңның сөзи бар айтқан мынадай:
«Ол келгенде кеўлиңди аш хошминай,
Устазыңнан хеш аянба, ет хызмет,
Келеғойса кеўлиңди аш уялмай».

Әкең кетти, мениң болды баўырым қан,
Тамағымнан өтпеди хеш ўақ нан,
Кеўил ашып сөйлесейин сен менен,
Таярлап қой ең мазалы тамақтан.

— Арзы айтайын, молла ата,
Сөйлесең кеўилим толады,
Тамағың қандай болады?
Мен отырман, молла ата,
Сарайымда зар жылап.
Сеннен басқа достым жоқ,
Жүр, атажан, қараўлап.
Сиз келгенше жан ата,
Қояйын мен не ғамлап?

Сонда турып бул молла.
Мыйығын тартып күледи,
Қаншайымды сөз бенен,
Ериткенин биледи,
Алдап-арбап жас қыздың,
Көкирегин менен кеўилин,
Өсиргенин биледи.
Қуўаныштан кеўли хош,
Таўып жыллы сөзлерди,
Молла күлип сөйледи,
Сөйлегенде не деди:

— Ҳәр бендеге алла берсин тилекти,
Инсаниятқа бәрҳа саўлық керекти,
Мениң сүйген хош көрерлик тамағым—
Куптан ўақта тайын етсең бөректи?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саған айтқан бул сөзлерим нешикти,
Мен көрдим китапта жети ашықты,
Мен киремен көп сөйленип сарайға,
Бәнт етпеңиз, қызым, мынаў есикти?

Қойнымда қуран барды, тилде—хат,
Жақсы сөз айтайын етип минахат.
Жесем өзим «бөрск» деген тамақты,
Табар кеўилим сонда мениң рәҳәт.

Арзымды есит Қаншайымдай арыўжан,
Кеўилиңе келтирме сөзди ҳеш қашан,
Мен келемен қуптан ўақта сыланып,
Эй, перзентим, кешке шекем хош, аман.

Қаншайым барып сарайға,
Қойдың етин алады,
Тайынлап ҳәўес тамақты,
Бөрекке инта салады.
Әйне қуптан ўақтында,
Сығалады есиктен,
«Молла ҳәзир келер», деп,
«Бир хабарды берер», деп
Арадан өтти аз ўақыт,
Жетип келди бул молла,
Йошып, әбден қуўанып.

Қулпын ашты сарайдың,
Қаншайым қыз гилт пенен.
Молла ишке киреди,
Жан-жаққа қарай береди.
Отырарын билмеди,
Көрип төсек нағышын.
Турып қалды ҳайран боп,
Сыйпап молла ақ шашын.
Қаншайым сонда моллаға,
Айтты бир сөз сулыўлап,
Сөзге қойып ықласын:

— Қулақ салдым, ата, узақ сестиңе,
Алтын моншақ тақтым өзим үстиме,
Неге келип ҳайран болып турасаң?
Шығың, тақсыр, салған төсек үстине.
Адым аттың мешит бетке, бир тынбай,
Тайынладым сизге төсек, жақсы жай,
Дәстүрхан үстинде отыр, асты жең,
Алтын чайнек пенен, ата, ишиң чай.

«Бисмилладан» сөзди баслап моллажан,
Жан-жағына қарап жеди тамақтан,
Жартысын жеп болып молла бөректиң,
Қыздың жүзин көрип болды аң-таң.

Қаншайым

Келе салып болды, тақсыр, ақылың лал,
Әкем таслап кетти бундай дүнья-мал,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төрт тәрепке ықлас пенен қарайсыз,
Қәне айтың, бизге айтты не хабар?

Моллямушкил

Қаншайым, жақынлас отырып бунда,
Бирге тамақ жесек береди маза,
Қол узатың мынаў турған бөрекке,
Сондай шийрин екен, өзи тап-таза.

Қаншайымжан, сөз айтайын өзиңе,
Бурыннан ашықпан айдай жүзиңе,
Бүгин шийрин болды берген бөрегиң,
Назың менен салшы мениң аўзыма?

Түр-түсинен молланың
Нәпсисинен қәўип қылған,
Қаншайым өз шаршысын,
Алдына оның таслады,
Алдайын деп молланы.
Шаршысы еди жипектен,
Ийискелеп төрт мушынан.
Молла кеўилин хошлады.

Көп сөйлесип отырды...
Молланың көзи жайнады,
Күлип сөйлеп бул молла
Ашықлықты ойлады.
Ретин таўып ҳәр ўақта,
Қаншайымға қарайды,
Жүйесин таўып сөзлердиң
Ҳәр нәрсени сорайды.

— Арзымды еситиң мениң, Қаншайым,
Ашықлықтан шектим өзим уўайым,
Ғамлық түсти устазының кеўилине,
«Сүйсем» деген сениң айдай жамалың.

Маған болсаң алла қосқан назлы яр,
Бир сүйсем лебиңнен жерге тамар пал,
Ашық болдым жасырайын мен несин?!
Маған көринеди бойың миясар.

Сарғайып атады енди қызыл таң.
Дүньяда бендеге ашықлық жаман,
Сөзимди есит қулақ салып, Қаншайым,
Ақ жүзиңнен бир сүйдирсең ырзаман.

Айталмады тилим барып сөзимди,
Жете алмадым, көрдим басқан изиңди,
Сорсам лебиңизден мийрим қанып,
Моллаға ылайық көрдим өзиңди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол мәҳәлде Қаншайым,
Көзи оттай жанады.
Ҳәр нәрсени ойлады.
Жүрип еди молланы,
Әкеси менен тең көрип,
Туўған бөлек болса да,
Туўысқандай бир көрип.
«Айтайын,—деп,—бир сөзди».
«Алдайын» деп молланы.
Ақыл-есин жыйнады.
Жаман сөзге зейнин,
Қаншайым сирә салмады.
Алдаў болды молланы,
Кеўилине алғаны.
Нашарлығын билди де,
«Алай-булай ис болса,
Моллаға күшим жетпес,» деп.
Еритер оны сөз тапты,
Жылан инге киргендей.
Ойлап усы сөзлерин,
Келмесе де күлкиси,
Мыйығын тартып бир күлди.
Төрде турған сандықтың,
Қасына әсте барады.
Үстинде турған төсекке,
Қаншайым қолын созады.
Жерге төсек таслады,
Еки адам сыйғандай.
(Сонда Молламүшкилин,
Жымыйып күлип муртынан,
Кеўилин әбден хошлады).
Төсегин жайып төменге,
Моллаға айтты мынаны:

— Молла, қулақ салғыл мениң сөзиме,
Ашықлықты сиз алыпсыз кеўилиңе,
Бағман болып бағ ишинде аралап,
Солдырмадың сен ашылған гүлимди.

Бағларымда жаўдырасқан ақ гүл бар,
Жамалыма сиз болыпсыз интизар,
Рухсат бермей сизге, молла, қәйтейин?
Аржағын өзиң бил, сизде ықтияр.

Терер болдың енди бағда гүлимди,
Рыйза болсаң алдым айтқан тилиңди,
Сен де ашық, мен де ашық дүньяда,
Байладым мен ашықлыққа кеўлимди.

Ашық болған ҳәр бир адамның дүньяда,
Басқалардан кеўли болар зияда,
Достан көпти гейбиреўдиң душпаны,
Шығып келиң Молламүшкил далаға?

Таза гүлмен, шын ашылған лалазар,
Болма ҳәр ўақ душпаныңнан бийхабар,
Ҳәремниң шетине барып тың-тыңлап,
Жүргенлер болмасын, алын бир хабар?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Перийзатпан, салтанатлы төремен,[1]
Тәғдириме не жазылса көремен,
Қәйтейин мен, ҳақтың иси, илаж жоқ,
Молламүшкил, қойыныңа киремен.

Инанып қызға бул молла,
Ырғып турды орпынан.
Қаншайым шығып алдына,
Молла ерди—кейнине,
Қарап қыздың ийинине:
Өзи назлы яр екен!
Бағ ишинде нар[2] екен!
Наймыт молла бул жерде,
Мойныпа қол салады.
Мәрт, дана қыз Қаншайым,
Молладан тез қаймығып,
Сулыў сөз таўып мазалы
Молланы алдап барады.
Дәрўазадан екеўи,
Бирге шықты далаға,
— Мен бул жақтан қарайын,
Сиз арқадан келиң,—деп,
Молладан тез қаймығып,
Есикке қарай айналып,
Қаншайым шықты сорайға.
— Айналып сиз де келиң,—деп,
Молла шықты арқаға.
Ғаз-ғаз басып аягын,
Периден сулыў Қаншайым,
Дәрўазаға барады.
Үлкен қулыпты урады.
Ҳаўлығып және ентигип,
Дәрўазаның алдында,
Оқланып турған мылтықты,
Қаншайым қолға алады.
Аяқ салып зәңгиге,
Там басына шығады.
Аңы қашып албырап,
Дәрўазаның алдында,
Молламүшкил тур еди,
Сол мәҳәлде Қаншайым,
Бир сөз айтты моллаға:

— Молламүшкил, бул дүньяң жалғанды,
Мени алдап салмақ болдың әрманды,
Ҳәр қыялды алып, молла, кеўлиңе,
Кимлер берди саған бундай дарханды?[3]

Гүналылар түсер аттың өңине,[4]
Кулақ салдым молла айтқан сөзиңе,
Мен едим-ғой оқытқан өз перзентиң,
Болмас па еди қоссаң мени теңиме?

Ашық болдың ойнақшыған көзиме...
Олай болса ел түкирер жүзиңе,
Мен аламан сен қозғалсаң жаныңды,
Абырой барда қайтың молла, изиңе!

---

[1] Хасылзадаман.
[2] Хасыл жемис терек.
[3] Ҳуқықты (дархан—салықтан азат етилиў ҳаққында ҳүжжет).
[4] Алдына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайтып келме, молла, мениң жаныма,
Өлерсең, рәҳим ет сен жаныңа,
Қолымда бар реҳимсиз жезқулақ,
Жақынлама, былғанасаң қаныңа.

Сол мәҳәлде бул молла,
Албырақлады, өтинди,
Кәдир айтып сөйледи.
Гүңгир-гүңгир даўысы...
Ашыўланып Қаншайым,
Тыңламай айтқан сөзлерин,
Жезқулақты гөзеди...
Бир мәҳәлде молланың,
Маңлайынан атады.
Тиймесе де атқан оқ,
Жети жерде жығылып,
Қорыққанынан бул молла,
Аўызына қум тығылып,
Үйине қашып қайтады.

* * *

Арадан өтти неше ай!
Не бир таңлар атады.
Хәрем-шарбақ ишинде,
Есиктен қулпын айырмай,
Қаншайым қыз жатады.

Неше күнлер өтеди,
Сулайман деген кисиниң,
Узақтағы Бейтилден,
Аман-саў елге қайтқаны,
Моллекеңе жетеди.

Көкирегине түшкирген,
Молламүшкил қуўанып,
Ала байталды алдырды,
Ер-жүўенин салдырды.
Ўақты әбден хош болып,
Бул хабарға мәс болып.
Қуранын салып қойнына,
Тәсписин асып мойнына.
Жол чайын да мол қылып,
Минди байтал белине.
Жолға шықты бул молла,
Сулайманның алдына.
Иймансыз молла жалтаңлап,
Қарады оң-солына.
Көзи оттай жанады,
Жолға шығып бул молла.
Байталға қамшы урады,
Ала байтал жаныўар,
Қубылып ойнап барады.
— Қайда келди достым?—деп,
Киятырған кәрўаннан,
Я көринген адамнан,
Ҳаўлыға, берип бул молла,
Шетинен тутып сорады.
Жете алмады моллеке...
Ертенине таң атты,
Байталын-ғой бул молла,
Жолға салып ырғалтты.
Байтал шаршап керилди.
Песин ўақты болғанда.
Сулайман менен Абдулла,
Нағыз бедеў белинде,
Ҳәлимша түйе үстинде,
Елес-елес көринди.
Көрингенде молланың,
Көзи оттай жайнады,
Бир сумлықты ойлады.
Байталын және сабалап,
Келип жетти бир мәҳәл.
Сулайман көрип молланы,
Бедеўинен түседи.
Жәдигөй еди бул молла:
Сулайман деген кисини,
Қушақлай берип қулады,
Жөгисиреп зар жылап,
Көзиниң жасын булады.
Гүз самалы еседи,
Абдулла менен Ҳәлимша,
Түйеден, аттан түседи:
«Бир-биреўди дүньяда,
Көрер күнлер бар», десип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ортаға алып молланы,
Қушақласып сүйисти.
Қуўанғаннан жер үсти,
Қозғалғандай көринди.

Молла өңирине түкиринди.
Сол мәҳәлде Сулайман,
Моллаға қарап сөйледи:

— Арзымды есит достым болған, моллажан,
Биз сүрдик дүньяда әрмансыз дәўран,
Биз кеткели Қаншайымжан аман ба?
Ели-халқым отыр ма саў, абадан?

Өзиң әрман еткен Бейтилге бардым.
Сени көрип шыдамады қарарым,
Мени көрип жер қушақлап қуладың,
Аман саў ма үй-ишлериң, балаларың?

Бейтилге жеткенде айттым мен зарым,
Әрман менен сарғайғанды жамалым,
Кеше-күндиз шектим қайғы-уўайым,
Саў отыр ма жалғыз қызым Қаншайым?

Өлсем хазан урар бағда гүлиме,
Сақыйлықтан саўлат енди түриме,
Қалған жалғызымнан ҳәрем-шарбақтан,
Хабар бериң, жалғыз қызым тири ме?

Мәрт Сулайман я әрманлы өтти ме?
Я душпанлар мурадына жетти ме?
Шарбағымның ийеси боп Қаншайым,
Я дүньяда теңин таўып кетти ме?

Не себептен сен жылайсаң зар-зар?
Қайғы басса мениң тилим болар лал,
Шарбағымның ийеси еди Қаншайым,
Дурыс сөйле, жалғызымнан бер хабар?

Сол мәҳәлде бул молла,
Байлап ала байталын,
«Қаншайымдай арыўдың,
Шығарайын», деп ойқанын,
Еки көзине жас алып,

Қуранды әсте қолға алып,
Көп сумлықты ойлады...
Сулайманға қарады,
Қаншайымды шуғыллап,
Айтып турды мынаны:

— Есит сөзди қулақ салып, Сулайман,
Дос болдық, қойдық биз қылыш ҳәм қуран,
Дәстүрхан үстине қатар жайып нан,
Қияметлик садық болып дос-яран.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәрт өлгенде душпан кеўили болар шад,
Саған еттим туўысқандай ихтиҳат,
Қаншайымдай перзентиңди, қызыңды,
Маған таслап кеттиң етип, аманат.

Душпанлардың ғам кеўили болды шад!
Өзим устаз—маған етпеди мирәт,
Бул дүньяда көгермегир, өспегир,
Аманатқа етти қызың қыянет.

Кеседен ишилди шарап ҳәм шәрбет,
Есикке байланды күнде бедеў ат,
Ҳәр бир адам сүйип бети-қолынан,
Сен кеткели болды, достым, кесепат.

Суў орнына симирип иштим қызыл қан,
Не бир күнлер өтти тыңла, молладан,
Нәсиятты-алмай қызың Қаншайым,
Абыройды төкти сүрди көп дәўран.

«Балам» дедим—еситилмеди зарым да,
Мен қарғасам қалар болды қаныма,
«Абыройды төкпе», дедим, жыладым,»
Тыңламады—тийди қызың арыма.

Эй, Сулайман, нардай белим бүгилди,
Оқ тиймей-ақ омыртқам-аў сөгилди,
Мине—қолым, жалған болса, жан достым,
Сардақлыда абыройыңыз төгилди.

Сен кеткели солар болды қызыл гүл,
Жай алдына көп байланды қулакер,*
Лолылардың жайы болды сарайың,
Ендигисин мәрт, Сулайман, өзиң бил?

Жаман сөз айтады мениң жүзиме,
Шыдамадым жаслар толды көзиме,
Мине—қылыш, мине—нан ҳәм дәстурхан,
Инан, достым, ҳәр бир айтқан сөзиме.

Сол ўақтында Сулайман,
Суўық демин алады,
Көз ушынан жас алып,
Әсте ғана жылады,
Жылаған соң Сулайман,
Әбдулладай жас жигит,
Шапанына сыймады,
Әкесине сөйледи,
Сөйлегенде не деди:

---

*Сарғыш-қоңыр ат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әке, есит мениң айтқан арзымды,
Инаным жоқ қыз баланың өзине,
Жалғыз қалып сарайында Қаншайым,
Намыс-ар келтирди бүгин жүзиңе.

Сулайман дейдилер дүньяда атың,
Адамзатқа питпегенди ғайратың,
Барсақ ел ишинде қәйтип жүремиз?
Қаншайымның ким жақтырар бул атын?

Өзим жаспан, мурадыма жетемен,
Сардақлыға барып, әке, нетемен?!
Рухсат бериң өз аўызыңнан, әкежан,
Бул дүньядан басымды алып кетемен!

Аттың жалын қыя шөлде өрермен,
Туўысқан қурысын қәдир билмеген!
Абдуллажан халың қалай дегенде,
Дос- душпанға қәйтип жуўап беремен?!

Өзгергендей болды дүз,
Қаралай өшип қалды жүз,
Бир-бирине қарады,
Әжептәўир басып сус,
Бейтилден қайтқан үшеўи.
— Керек емес пәмсиз қус,
Бузған қонар туғырын,
Биз барганша Абдулла,
Өлтирип кел қызды!—деп,
Әкеси болып дарғазап,
Баласына буйырды:

— Жалғыз улым, қулақ салғыл зарыма,
Ас қылышты қәҳәрленип мойныңа,
Саят яңлы, сен баҳадыр перзентим,
Ур қылышты Қаншайымның мойнына!

Қаншайымның еситпесин аҳ-зарын,
Шөлден асқан тәним менен қулағым,
Разыман, өлтирип кел, перзентим,
Суўдай ағыз жәлеп қыздың қанларын!

Молламүшкил расын сөйледи,
Боялсын қанына кийген көйлеги!
Шөлге тасла Қаншайымның лашыны,
Дүзде қалсын оңбағырдың сүйеги!

Жылап келди Молламүшкил зар-зар,
Өзи молла, бермес өтирик хабар,
Инанаман, оның айтқан сөзине,
Бар, балам, кетпесин намыс-ар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда турып Абдулла
Бедеўине минеди,
Қылышын байлап белине,
Саўытын үстке кийеди.
Қарындасына исинип,
Аўылға қарай жөнеди,
Бедеўге қамшы урады—
Бедеў ушып барады,
Туяғынан от шығып,
Асып түсип беллерден.*
Күни бойы жол жүрип,
Ҳәремине барады.
Қарап еди сарайға.
Шығыпты ақбас ҳәм жантақ.
Дәрўазаның үстине.
Шықса ҳәрем сыртына.
Жыңғыл, жантақ жаснаған,
Шарбақлардың әтирапын,
Адам, ҳайўан баспаған.
Абдулладай жигиттиң,
Иши оттай жанады,
Дәрўазаға қарады,
Ишинен қулып урылған...
Ҳайран болып Абдулла,
«Тири ме,—деп—Қаншайым?»
Даўыслай берип бақырды,
Қаншайымды шақырды.—
Ҳасла саза болмады!
Сол мәҳәлде Абдулла,
«Қаншайым», деп зарлады:

—Ҳеш ўақытта қайтпағанды бул бахтым,
Жақын еттим узақ жолдың жырағын,
Көздиң рәўшаны, жаным Қаншайым,
Тиримисең, бул дүньяда шырағым?

Шектим көп жол жүрип қайғы-ўўайым,
Сардақлыда төгилди ме абыройым,
Тиримисең, жарық дүнья жүзинде,
Айналайын, мәдсткерим Қаншайым?

Абдулламан, жылайман мен зар-зар,
Ағаңман мен, сағынышлы интизар,
Көзимниң қарасы, жаным Қаншайым,
Тири болсаң шық майданға, бер хабар?

Сол мәҳәлде Қаншайым,
Шықты әстен *шарбаққа*,
«Бул ким өзи, байқайын».
Деген мақсет ойында.
Бир мәҳәлде еситти,
Таныс сести қәдирдан.
«Ағам ба?» деп Қаншайым,
Дәрўазаның алдына,
Жақын келип қарады.
Жезқулақты қолға алып,
Ойланып тағы турады,
Қатты аўыр толғанып.
*«Әжел жетип дүньядан*
Пайманам мениң толды ма?
Сынап келген ол мени,
Душпан сести болмасын?
Аңлап сестин ағаның,
Сол даўысқа салмасын?»,
Деген қыял шарық урды,
Қаншайымның кеўилинде.
«Зия-зулпым бурайын,
Өзимниң атым жазылған,

---

*Таўдың онша бийик емес жерлеринен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир тақия бар еди,
Абдулланың басында.
Соны ғана сорайын.
Тақыяны алайын,
Нәзер салып көрейин.
Абдулла болса егерде,
Қараманнан соғылған,
Дәрўазаны, ашайын.
Егерде болса басқа ол,
Қақ маңлайдан атайын»,
Деп ойланып Қаншайым,
Мына сөзди айтады:

— Ағам болсаң сизге айтар сөзим бар,
Сынап келер душпанлар бар биймәҳәл,
Инанбаспан, бир белгини көрмесем,
Кеўилиңе келмесин қайғы ҳәм мәлел.

Ат қуйрығын жипек яңлы өресең,
Ҳаслың адам, не мақсетте келесең?
Ағам болсаң, қаналасым Абдулла,
Мен сораған бир белгини бересең.

Рәҳим етиң көзден аққан жасыма,
Егер ағам болсаң келген қасыма,
Өз атымды жазып қойған кестелеп,
Бир тақыя кийип едиң басыңа.

Өзим жалғыз, жылайман мен зар-зар,
Дос жыласа залым душпан қуўанар,
Егер берсең сол тақыяны қолыма,
Қаншайымдай туўысқаның инанар!

Усы гәпти айтқаннан,
Абдулла түсти атынан,
Жиберди оны жантаққа.
Қарап турып жан-жаққа,
Дәрўазаның мушынан,
Қаншайымға созады,
Өзиниң аты жазылған,
Басындағы тақыяны.
Созғанын қыз услады...
Сөйтти де гилтти қулыпқа,
Шаққанлық пенен салады—
Дәрўазаны ашады.
Қыз кеўили йошады!
Абдулла ишке киреди,
Келмегенин ҳеш кимниң,
Сезгир жигит биледи.
Сол мәҳәлде Қаншайым,
Қушақлап турып ағасын,
Көзден жасын мол төгип,
Талып қалды есинен...
Көп өтпей арадан,
Есиң жыйнап Қаншайым,
Абдулла менен бирге ол,
Аралады шарбақты,
Гезип журди ҳәр жақты.
Келмегенин ҳеш кимниң,
Өз көзи менен көрген соң,
Жигит зейини илген соң,
Алданғанын сезеди.
Иши оттай жанады,
Қаншайымға Абдулла,
Мынаны айтып турады:
— Қарындасым, Қаншайым,
Нағайбыл сөзге инанып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерип Молламушкилге,
Әкем деген сорлы ол,
Маған берди буйрығын:

Қысқа дөнди бәҳәрим,
Енди бир сөз айтайын,
Қайтты мениң қәҳәрим:

Қаналасым, қулақ сал сен сөзиме,
Неғайбылдан жаслар толды көзиме,
Қылыш пенен нанды қойған ортаға,
Молламушкил түскен екен изиңе!

Әкем айтты маған тусти бир хызмет...
Басыңнан кетпесин бахыт-у-дәўлет,
«Кесемен—деп,—Қаншайымның желкесин»,
Ата-анама берип келдим өзим шәрт.*

Жалған сөзге күйип-писип жанаман,
Сен шын ҳақсаң, қәйтип қылыш саламан?!
Боямасам көйлегиңди қаныңа,
Мен әкеме не бет пенен бараман?!

Қыз да болсаң салтанатлы төресең.
Өзиң дана, журттың ақылгерисең,
Кешти ата-анам сеннен, Қаншайым,
Бул сөзиме қандай жуўап бересең?

Питкерсембе перзентликтиң парызын?
Молла екен қыянетши ҳәм залым,
Қандай ақыл бересең сен, Қаншайым,
Айтшы маған тилиң менен сен өзиң?

Ақыллы қыз сол ўақта,
Жер шуқланып ойланды,
Сумлығына молланың,
Оғада қатты қыйланды.
Өзи болса саўатқан,
Ақыллы қыз Қаншайым,
Сөйлемес сөзди ҳеш жалған.

«Ағамды ийи бос, деп
Душпан отлар салады,
Жоқ етпей мени Абдулла,
Әкеме қәйтип барады?»
Деп ойланып Қаншайым,
Шегип көп-көп уўайым,
Абдуллаға сөз айтты:

— Аға, қулақ салың мениң сөзиме,
Хазан урған екен нәўше гүлиме,
Әкемиздиң айтқан сөзи сынбасын,
Апар шөлге қум қуйылсын тилиме,

---

*Ант берип келдим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шөлде қалсам мен қалмайман жалаға,
Өзим нашар тар көринди кең дүнья,
Әкемиздиң айтқан сөзи сынбасын,
Тасла мени адам жүрмес далаға.

Перийзатпан, салтанатлы төремен,
Өлмесликке ақыл ойлап көрермен,
Не қылайын шуғыл түссе арағa?!
Соның ушын шийрин жанды берермен.

Аға, есит мениң айтқан зарымды,
Байлаўынан жаздыр енди атыңды,
Алып кетип мени узақ шөллерге,
Көйлегимди боя, төкпе қанымды.

Алып барып үлкен таўдың алдына,
Жара салың бир мақлуқат жанына.
Бул өлимниң бунан басқа жолы жоқ,
Кийимимди боя бәлки кийик қанына.

Мен жылайман пушайман жеп зар-зар,
Дос жыласа қуўанбай ма душпанлар?!
Мәгер өтер туўысқанның қәдири,
Көйлегимди қанға бояп алып бар.

Усыны айтып Қаншайым,
Сөзин тамам етеди.
Сол ўақытта Абдулла,
Көз жасын сел-сел етеди.
Ҳәр тәрепке қарады,
Көп ойланып турады...
Қаншайым қарындасына,
Кийимлерин кийдирип,
Сарайды сырттан илдирип,
Қаншайымды артына,
Абдулла алды миндирип.
Из тиймеген шөллерге,
Бедеў менен жөнеди.
Наҳақ иске батырдың
Қабырғасы сөгилип,
Көзде жасы төгилип,
Бели жайдай бүгилип,
Қарындасын узаққа,
Шаршатпай алып барады.
Мәнзил таңлап жол жүрди,
Бедеў жолды өндирди,
Түскенге шекем қараңғы,
Шөлге асып кетеди.
Баратырса Абдулла,
Киятырған бир қулан,
Алдынан кесип өтеди,
Ат үстинде Абдулла,
Қуланды гөзеп атады...
Аттан түсип Абдулла,
Қуланды сойып қолынан,
Қаншайымның көйлегин,
Қанына оның бояды.
Бояды да жылады,
Қаншайымдай арыўды,
Шөлге таслап барыўды,
Миясар көрмей өзине,
Түсирди бирақ сол жерге...
Қарады гә аспанға,
Қарады жигит гә жерге,
Сөйтип турып ойланып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Минди аттың белине.
«Туўысқан»—жаман дэрт екен,
Рыйза болған қалыўға,
Қаншайым арыў мэрт екен.

Абдулла турып атында,
Бир сөз айтып сөйледи,
Туўысқан қарындасына:

— Қаншайымжан, айтатуғын арзым бар,
Ғәлет исти душпан көрди миясар,
Әрман менен қалдың шөлдиң ишинде,
Ҳәрўақ алып турар сеннен ким хабар?

Ашылмаған оң гүлиңнен бир гүлиң,
Сөйлегенде шийрин еди ҳәр сөзиң,
Айралықты душпан салды араға,
Әрман менен шөлде қалдың сен өзиң.

Қарындасым, туўысқаным, қарағым,
Көздиң нурын жақты еткен шырағым,
Өзиң нашар, қалдың енди шөллерде,
Саңыраў болар қия шөлде қулағың.

Нанды услап, инандырды биййман,
Жетписинде терис қайтқан дүньядан,
Жалғыз қалдың таў ишинде, шөллерде,
Айтқан сөзге қулақ астың, ырзаман.

Кеўлимниң дым тарқамас енди думаны,
Мен саған қоймайман ҳеш бир гүнаны,
Келип көрсе ҳәрем ишин әкемиз,
Буйрығына ол пушайман қылады.

Ат қуйрығын бестен таллап өремен,
«Өлтирдим», деп алдап жуўап беремен,
Әкем қайтса шайтан салған ырайдан,
Ертең-бир күн тағы қайтып келермен.

Сол ўақытта Қаншайым,
Белин беккем буўады,
Көзлериниң жасына,
Еки бетин жуўады,
—Мен ушын ҳәлек болма,—деп,
Ағасына қарады.

—Өлгенимди айтып бар,
Әкем менен шешеме,
Жыламасын еситип,
Бир илажы болар,—деп,
Айтты оған мынаны:

— Сайлап миндиң аға өзиң әреби ат,
Нашарға жалғызлық болды қыйын дәрт,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрман менен шөлде қалды сүйегим,
Ақ сүт берген жан анама сәлем айт.

Ат мойнына тақтым сайлап бир тумар,
Жан әкем еле болар пәнтқумар,
«Қаншайымжан әрман менен өлди», деп,
Жан әкеме өлгенимди айтып бар.

Сәлем айт Сардақлы елге,
«Сүйеги қалды» де қия шөллерде.
«Қаншайымжан әрман менен өлди!», деп,
Қайғы жеткер қатар-қурбы, ерлерге,

Қылышыңнан саўаш күни ағар қан,
Әке тилин алдың, аға, «ырзаман».
Енди сени маған қайтып көрмек жоқ,

«Қаншайым», деп сен қыларсаң көп әрман.
Туўысқанман, кеўилим оттай жанады,
Таслап кеттиң мендей бахты қараны,
Уах, өлмесек, аға, және көрерсиз,
Бахытымызға нелер несип болады?

Усыны айтып Қаншайым,
Зар-зар жылады,
Абдулланың қолынан
Сүйип-сүйип алады.
Қалтасына қол суғып,
От жағыў ушын шөллерде,
Шахмақ тасты алады,
Буннан кейин Абдулла
Изине қайтып кетеди
Қула дүзде қуланның,
Қасында қыз жалғыз қалады

Жетип келсе үйине
Бедеўин минип Абдулла
Көрди үйиниң алдында,
Кең көсилип жатырған,
Жуп нәрсени қарайған.
Қарайған нәрсе сол екен-
Әкеси менен шешеси
Үйине жетип келипти,
Дәрўазаның алдында,
Қатты уйықлап қалыпты,
Ояталмай екеўин,
Абдулла ботадай бозлады

— Басыңнан өткенди қайғысыз дәўран,
Арамызға араз салды бийийман.
Айтатуғын бир-еки аўыз сөзим бар,
Аш көзиңди, ата-ана, қәдирдан?

Бирнешелер айтқан сөзге ереди,
Ким дос болса жақсы кеңес береди,
Мен айтайын қара түнде үн қатып:
Сениң әке. қәйтип уйқың келеди?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир сөзлерди қәҳәр менен айтасаң,
Күндиз уйқылап, тағы биймаж жатасаң,
Қаншайымның барып жатқан жерине,
Бир күн, әке сен де барып қаласаң!

Турың жатқан орныңыздан әкежан,
Қасыңызға перзент келди шаршаған,
Шөлде өлген қызыңыздан көп «сәлем»,
Питкердим мен хызметиңди буйырған.

Өрре турды Сулайман!
Қыз анасы Ҳәлимша,
Ғарғып турып орнынан,
Жан-жағына қарады—
Қаншайым жоқ қасында!
Көздиң жасын булады,
(Қәйтсеңиз де перзент ғой!)
«Қызымнан бер хабар?» деп,
Бир-еки аўыз сөз айтып,
Анасы толғап сорады:

— Абдуллажан, арысланым, айбатым,
Сен кеткели белде қалмады қуўатым,
Көкирегиң қәйтип барды қылышқа?!
Қайда қалды Қаншайымдай перзентим?

Балам, сен әкеңе еттиң иқтыхат,
Жалғыз қызым ол да өзи бир зүрият,
Қайда қалды Қаншайымның өлиги?
Ақ сүтиме ыразыман, шыныңды айт?

Душпан салар бендесине әрманды,
Адам аяр перзент түўе ҳайўанды,
Ырастан кестиң бе қыздың желкесин,
Қаншайымдай перзент қайда қалғанды?

Еситип буны Абдулла,
Бели жайдай бүгилип,
Көзинен жасы төгилип,
Қаншайымның көйлегин,
Қоржынынан алады,
Әкесиниң алдына,
Қызыл қанға боялған
Көйлекти атып урады!
Ата менен анаға,
Солғын жүз бенен қарады...
Орнынан турып әкеси,
Қәҳәрленип пәтленип,
Мына сөзди айтады:

— Балам, есит мениң аҳыў-зарымды,
Сениң ушын пидә еттим жанымды,
Өз көзиңнен көрдиң бе сен, перзентим,
Қаншайымның усы жайда барыны?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дос сөзине «тәўекел» деп ердиң бе?
Қаншайымға ахырет-азап бердиң бе?
Сол шаянның кесип келмей геллесин,
Қия шөлге тири таслап кеттиң бе?

Абдулла

— Әке, сизге айтар мениң бир зарым,
Наҳақ төктим Қаншайымның ҳақ қанын,
Мен қарасам сарайда бир из де жоқ,
Шығардым сонда да қызыңыздың ойқанын.

Реҳим етпедим көзден аққан жасына,
Таўлап услап Қаншайымның шашынан,
Таўыс яңлы мен шырлатып туўғанды,
Шөл ишинде қылыш урдым басына.

Бул күнлериң, әке, саған әрманды,
Қаншайымның лашы шөлде қалғанды,
Қанға бояп, алып келдим көйлегин,
Айтпайман мен алдыңызда жалғанды.

Душпанның сөзине өзиң ересең,
Наҳақ жанның сен жуўабын бересең!
Шын перзентиң Қаншайымның қарасын
Енди өлсең қияметте көресең!

Еситип буны анасы,
Өксип-өксип жылады,
«Қурысын, —деп,—душпанлар!»
Жалғыз қыздан айрылып,
Нық белинен майрылып,
Көзиниң жасы төгилди.
Душпан кеўили болды шад,
Та өлгенше анаға,
Қаншайымның өлгени,
Болып кетти уллы дәрт.
Урынып, өксип жылады,
Қаншайымның анасы.
Әке менен баласы,
Кеўил айтып бул жерде
Бирин-бири жубатып,
Қулпын ашып сарайдың,
Жай ишине киреди,
Ишине кирсе – бир из жоқ!!!

Қаншайымның ҳақлығын,
Ата-анасы биледи.
Ис өткен соң не илаж?!
Жайдан-жайға киреди.

* * *

Ендиги сөзди еситиң,
Қия шөлде зар жылап,
Көзиниң жасын мың булап,
Қалған шөлде арыўдан.
Кәбабын жеп қуланның,
Жан-жағына қараса
Қыбырлаған бир жан жоқ,
Шығып турған я шөп жоқ,
Жалғызлығын алып есине,
«Не пейлимнен таптым?!», деп
Қамығып турды Қаншайым,
Шөл—жәзийра ишинде:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жас ўақтымнан мен болмадым бийәдеп,
Ас ишпедим «жақсы» яки «жаман» деп,
Сол пейлимнен жолықтым ба бәлеге?
Қия шөллер, маған болды үлкен дәрт,

Мен ермедим шуғыллардың сөзине,
Насақ сөзди ертпедим мен изиме,
«Өзимди сақлайын», дедим ғыйбаттан,
Ақырында жаслар толды көзиме.

Не себептен болды менде қыйын ҳал?
Неге тартпақтаман буншелли әзар?!
Шуғылдың сөзине ерип атамыз,
Басыма раҳимсиз салды қайғы-зар,

Жаманлық та, жақсылық та кешеди,
Жылай берсем бир күн үним өшеди,
Көлеңкеден басқа жоқты жолдасым,
Енди мениң күним қалай кешеди?!

Суў орнына ишер болдым шөлде қан,
Жаман екен туўысқаннан айрылған,
Меннен кимлер келип хабар алады?!
Қия шөлде қалдым өзим сергиздан.

Усыны айтып Қаншайым,
«Шөл ишинде қалмайын,
Жақсылық шығар алдымнан,
Көрейин,—деп — бахтымнан»,
Етинен алып қуланның,
Жолға болды раўан.
Көз ушында булдырап,
Таў жотасы көринди.
«Жетейин соған ертерек...
Яки шопан бар шығар.
Яки сәрўан бар шығар?
Яки кәрўан бар шығар?
Яки булақ бар шығар?
Жетип барсам сол таўға,
Күн кеширер едим», деп,
Қумар көзин жаслады,
Булдыраған сол таўға,
Қаншайым турып орнынан,
Адымын керип таслады.

Жан-жағына қарады,
Қия шөлдиң ишинде,
Қаншайым жалғыз барады,
Ҳүр қызындай перийзат,
Пияда жол жүрмеген,
Терлеп-тепшип көрмеген,
Ыссы менен суўықты,
Жаслайында татпаған,
Ҳеш бийжағдай жатпаған,
Табанынан тас қағып,
Еки көзинен жас ағып,
Үш күн бойы жол жүрди.
Шийрин жанын қыйнады,
Көзлери оттай жайнады.
Шөллегенде шөп шайнап...
Көк тас тесип өкшесин,
Турды базда ол қанап.
Бийикке шықса жортады,
Ойға түссе жуўырып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзи күнге тигилип,
Бели жайдай бүгилип,
Барар жерин билмей-ақ,
Әтирапына қарады,
Қаншайым қыз зар жылап.
Азығы пүтин сап болып,
Жүреги қыздың сазады,
Қыйын дәртке қалады.
Жейин десе—тамақ жоқ,
Ишейин десе—сууы жоқ.
Келди таўдың астына,
Бир бурҗаны қушақлап,
Омалақ атып қулады.

* * *

Үлкен таўдың артында,
Бар еди үлкен бир қала,
Атын Жонан дер еди,
Патшасы еди Бабахан.
Бабаханның журтында,
Елпең деген бир елде,
Шанияз деген исмли,
Бир балықшы бар еди.
Баласын Шабан дер еди.
Ҳаслы гедей сорлы еди.
Шабан деген кисиниң
Азамат улы бар еди,
Сол жигиттиң исмин,
Абдурахман дер еди.
Ол дүньяға келген соң
Секирип атқа минген соң,
Бахыт келди басына,
Дос жыйналды қасына.
Ели халқы ишеди,
Молдан пискен асынан.
Абдурахмандай жас жигит.
Өзи де болды саўатқан.
Атағы шыққан мәрт болды.
Сияқына қарасаң,
Аяқлары бесиктей,
Омыраўы есиктей,
Билеклери тоқпақтай,
Жаўырыны бар қақпақтай,

Маңлайының ортасы,
Тарта қарыс тараба,
Бабаханның елинде,
Абдурахмандай батырдың,
Даңқы шықты әлемге.
Еки досты бар еди,
Екеўи де нар еди.
Биреўин Асан батыр, деп,
Биреўин Әшир батыр, деп,
Атар еди ели-халық.
Ел шетинде болған соң,
Абдурахмандай мәрт жигит,
Халықтың ғамын ойлады.
Жонанға келген басқыншыдан,
Талаў салған душпаннан,
Абдурахман мәрт жигит,
Ели-халқын қорғады.
Әйне жигит жасында,
Елинен таңлап қыз таппай,
Абдурахман жүр еди.
Унамаған қызларға,
Нәзерин онша салмады.
Ғайраты тасқан ўақтында,
Таўлар менен қумлардың,
Кийик пенен қуланын
Қумар болып аўлады.

Бир күни аңға шыққанда,
Қусты салып жүргенде,
Омыраўлы көк кийик,
Шыға келди алдынан.
Абдурахман қумартып,
Қус жиберди артынан,
Тазы зуўлап барады.
Көк кийиктиң изинен,
Абдурахман мәрт жигит,
Қоян көктей атына,
Керилип қамшы урады.
Әшир, Асан екеўи,
Жете алмай изде қалады.
Кийикти ол қуўалап,
Абдурахман кетеди,
Көп жерлерге жетеди,
Бир мәҳәлде көк кийик,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзден ғайып болады.
Абдурахман мәрт жигит,
Көз жиберип қарады—
Көп буржаның басына,
Қусы қонып қалады,
Тазы барып соңынан,
Әтирапында турады.
Барып жигит, қараса—
Гүлдей жүзи жайнаған,
Еки бети алмадай,
Уўылжыған қып-қызыл,
Жатқан екен перийзат.
Көргенниң мийри қанады,
Ҳүрдиң қызы секилли!
Абдурахмандай мәрт батыр,
«Тәнде жаны бар ма?» деп,
Көкирекке қолды салады,
Әсте ғана сыйпалап.
Жерден көтерип алады,
Аўзына суў тамызып.
Суўды жутып Қаншайым,
Көзин ашып қараса—
Аўызлары оймақтай,
Арыслаңдай бир жигит
Сонда оған көринди.
Қуўанғаннан шөлде қыз,
Өксип-өксип жылады.

— Араладым Ҳәсер таўдың тасларын,
Табалмадым өзиме кеўил хошларым.
Боламан мен сен жананға қәўендер,
Не себептен ақты көзден жасларын?

Қамшы урсам көкке атылар әреби ат,
Сени көрип болды кеўлим әбден шад
Сен неге өксип-өксип жылайсаң,
Көптен берли көрмедиң бе адамзат?

Қолымда ойнайды полаттан қалқан,
Дүньяда көрмедим мен сендей жанан.
Перимисең, адамбысаң, бер хабар,
Буншама аҳ урып не болды саған?

Мен қорғадым Елпең деген журтымды,
Мен муңайып айтайын өз дәртимди.
Кимсең өзиң, сеннен сорап билейин,
Бизге баян әйле, пери, атыңды?

Солдырғанман душпанлардың гүллерин,
Саўаш күни тарқатқанман шеримди,
Қумарландым сендей қызды көргели,
Бизге айтың шыққан журтың-елиңди?

Астыма мингенде киснер әреби ат,
Ашықлар сөз айтса етер ықтықат,
Қыйын саўда түскен сениң басыңа,
Жасырмай айт өзиң маған, перийзат?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы сөзди айтқан соң,
Абдурахман мәрт палўан
Мутырасын алды да,
Орамал менен сыпырып.
Жерге қойды абайлап.
Жерге төсек жаяды,
Таўдың таслы жерине,
Отырды қустай скеўи.

Орнынан турып Қаншайым
Мутырадан суў ишип,
Келди ақыл-есине.
Зулпын қыз әсте тарады,
Сулыў қасын сылады,
Көз қыйқашлап қарады,
Сулыўлап айтты өткенин,
Бул жерге қалай жеткенин:

— Сөзди тыңла, батыр жигит, мәрт султан.
Баян етсем өзим шыққан жеримди,
Көўил ашып сөйлесейин сен менен,
Сардақлы деп атар туўған елимди.

Әкемниң исмин дейди Сулайман,
Молламушкил деген менен дос болған.
Журттан шығыўыма болды сол себеп,
Жасы жетпей терис қайтқан бийийман.

Мен жыламай ким жыласын зар-зар,
Бейтилге болғанды әкемиз қумар,
Әке-шешем, жалғыз ағам Абдулла,
Үшеўи қосылып еттилер сапар.

Жалғыз қалдым кең сарайдың ишинде.
Ҳеш ким рәҳим етпес көзде жасыма,
Бузық көрдим устазымның қылўасын,
Шыдамадым ниет еткен исине.

Келтирмедим шарбағымның қасына,
Мен түкирдим иймансыздың бетине...
Шуғыл екен, инандырды сөзине,
Ата-анамды қарсы қойды өзиме.

Көўлине тоқып көп жалған гәпти,
Ағама салғанды үлкен бир дәртти,
Әкемиз инанып молла сөзине,
—Қызымды өлтирип кел, балам!—депти.

Ағам келди шарбағымның қасына,
Буўлықты ол көзден аққан жасына,
Таслап кетти найлаж қайнаған шөлге,
Мен зорға келдим таўдың тасына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жала жапты қылды мени гүнакар,
Душпанымда қайдан болсын намыс-ар?!
Хақлығымнан келдиң мениң үстиме...
Мен жыламай ким жыласың зар-зар,?!

Солмағанды мың гүлимнен бир гүлим,
Жала жапсадағы маған шуғыл ҳәм зулым,
Несийбем тартқанды таўдың ишине...
Усылай болды мениң жаслық тәғдирим.

Әжел жетпей шықпас екен тири жан,
Үмитлендирип, таслап кетти жан ағам,
Ҳәлсиреп бир өзим шөллерде қалдым,
Ҳеш ким де алмады меннен бир хабар.

Жығылғанда еттим қайғы-уўайым,
Бир жутым суў ушын жаман сарғайдым,
Сүйеп суў берген соң айтпасам болмас,
Сорасаң атымды дейди Қаншайым.

Ақыллы дана ер еди,
Абдурахман мәрт жигит.
Қаншайым сулыў болса да,
Жас кеўилин тоқтатып,
«Ақыллы қыз екен», деп,
Ишинен жигит қуўанып,
«Ҳаслымды мениң сорар», деп,
Сөзден үмит етеди.
Кеўилин жигит хошлады,
Көп сөзлерди ойлады,
Бир-еки аўыз сөз айтып,
Өзин тутты бул жигит.
Қаншайымның кеўили,
Дәрья янлы тасады.
«Сөз айтсам теңим екен», деп;
«Бойы—бойға минәсип...
Ҳаслы залым болса егер,
Аўлақ жүрип қашайын;
Өзи болса ҳақ жигит,
Кеўлимди шын ашайын», деп
Бир сөз айтты Қаншайым

— Батыр жигит, сизге айтар арзым бар,
Егер көрсең айтқан сөзди миясар.
Жақсының болмайды жаман қыялы,
Дос көрип сорайын, атың ким болар?

Хазан урып солдырмағыл гүлимди,
Суў тамызып шығардың сен тилимди,
Ат сорасқан айып емес, заманлас,
Айтың, жигит, бизге шыққан елиңди?

Жақсыны көргенде мийрим қанады,
Жүрегим елжиреп ҳаллас урады,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат сорасқан айып емес, заманлас,
Айтыңызшы, ата менен бабаңды?

*Жырақ қалды Сардақлының қаласы,*
Қыз баланың неге жетсин наласы?!
Ырас атың баян етиң, мәрт жигит,
Сиз боласыз ким дегенниң баласы?

*Абдурахманның сол ўақта,*
Кеўили толды сулыўдан.
Менменликтен өзин сақлап,
Ғошшақ жигит ақылын топлап,
Бабасы балықшы болғанын,
Әкеси дийқан болғанын,
*Халық ушын хызмет қылғанын,*
Соның ушын ел-халқы,
Абдурахмандай жигитти,
Шын жүректен сүйгенин,
Баянлады сулыўға:

— Арзымды еситиң, Қаншайым жанан,
Ырас сөз айтайын жасырмай саған,
Бабамыз балықшы, әкемиз дийқан,
*Бабамыз—Шанияз, әкемиз—Шабан.*

Күн көриске жумсаған ол көп күшти,
Иймиңде шолпысы, өзи балықшы
Қамыс үй—жазында, жарымлық аўқат,
*Қысында—қақыра, дийқан болыпты.*

Бабамыз Шанияз әкемиз Шабан,
Отыз жыл жүрипти байларға дийқан,
Күнликшилик пенен күнин кеширген,
*Бизлердей перзентти зорға сақлаған.*

Жигит болып шықтым соннан дүньяға,
Ғайратымнан бедеў миндим бийбаҳа.
Бул Елпеңде жаратпадым қызларды,
*Ғайыптан жолықтың, Қаншайым, маған.*

Жанымда бар еди еки жандай дос,
Басқыншыға аўқамласып болдық қас,
Себеп пенен қусым қонды басыңа,
*Бизден жағдай сорасаңыз, қарындас.*

Шашларыңды сонша узын өресең,
Елеберин жөнин сорай бересең,
Сендей бир қыз еди мениң әрманым,
*Жолдас болсақ буны қалай көрсең?*



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Елпен» деп аталар бизиң туўған ел,
Бағда ашылған қыз екенсең қызыл гүл,
Дәўран сүрмек сениң менен —қумарым,
Ендигисин, Қаншайымжан өзиң бил.

Бағымды көрсеңиз—ашылған гүлзар.
Айдай жамалыңа болдым интизар,
Қосылысып бирге дәўран сүрейик?
Мендей мәртке өзиң болсаң шын қумар.

Дүньяда кисиге бермесин тарлық,
Хақ истен келеди жигитке байлық.
«Абдурахман» дейди мениң атымды,
Бирге қосыламыз, көрсең ылайық?

Абдурахманның сөзлерин,
Парасатлы көрди қыз.
Сабырлы екенин билип,
«Нағыз туўған жигит» деп.
Дәрьядай кеўилин ашады.
Көкиректе әрманын,
Биримлеп қыз айтады:

— Абдурахман, сөзимди есит, мәрт султан,
Өзиңдей жигитке болсын жан қурбан,
*«Әжел ғайып неке ғайып», дейди журт,*
Мениңдей перийзат шын ашық саған.

Таўлардың басынан көринер ақ қар,
Неше ашық өткен болып интизар,
Өзиңиздей жигит көрсе миясар,
Мен боламан мәңгиликке сәўер яр.

Және қулақ салып ергил тилиме,
Шадлық пенен алып барғыл елиңе,
Барып қолдан кесе шарап берейин,
Оннан кейин сал қолыңды белиме.

Жаныма жыйналсын қыз хәм жаўанлар,
Сырнай-гернай шертсин қосып хош хаўаз,
Той бериңиз атыңызға ылайық,
Тойда хызмет етсин қатар-қурбылар.

Ылақ болсын хәм шабылсын әреби ат,
Кеўлимнен шықсын және ғамлы дәрт,
Тойды берип турып Елпен елине,
Ата-анаңыз көрсетсин хүрмет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тойыңызға жыйналады көп адам,
Шадлық қурсын ғәрип-қәсер, неше жан,
Қол алысып гүллән дослар ишинде,
Екеўмиз сүрейик әрмансыз дәўран.

Бармай турып Елпең деген елиңе,
Қолды салма мениң таза денеме,
Той-тамаша бермей, көпке танытпай,
Сендей мәртти мен алмайман кеўлиме.

Кеўили толды жигиттиң,
Қыздың айтқан сөзине,
Қарлығаштың пәриңдей,
Шым қап-қара көзине.
Болды әбден хош ўақты.
Қулан менен кийиктиң,
Етинен ислеп кәбапты,
Қапшайымға береди;
Аттан алып қоржынын,
Жемис қойды ортаға.
«Енди қашан келер?» деп,
Артта қалған досларын,
Күтеди жигит бир қанша...
Досты Асан ҳәм Әшир,
«Абдурахман қайда» деп,
Бир төбеден асты да,
Келип жетти бир ўақта.
Асан аңлап қараса,
Қапшайымның аўзына,
*Кәбапты тутып жан досты,*
Отыр екен қасында.
Бир мәўсимде ашылған,
Қызыл гүллердей жарасып,
Отыр екеп мәс болып,
Әбден ўақты хош болып.
Буны көрип Асан да,
Айтты сонда мынаны:

— Абдурахман, достым едиң жана-жан
Сениң ушын ишемен мен ҳәтте қан,
Изди көрип, әтирапқа ат шаўып,
Табалмадық, болдым лекин саргиздан.

Көзимнен аққанды бул қанлы жасым,
Гездик шөл аралап, таўлардың тасын,
Кәбап бердиң тарқаналы қолыңнан,
Сорадың ба, достым, қыздың сен ҳаслын?

Ашық болған жигит «яр» деп зар урар...
Бир перийзат дуўшар бопты миясар,
Яр қолынан бүгин шарап ишейик,
Ата-анаңа тезден жеткер сен хабар.

Жигит болар жигирмада барқаман,*
Достын излер өлгенинше қәдирдан,

* Кәмалга келер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пери ме екен я болмаса ҳүрмекен?—
Саған тап болыпты сулыў бир жанан.

Қулақ салғыл, Абдурахман, сөзиме,
Батыр билип ерген мергенге изиңе.
Қутлы болсын достым усы қылўетиң,*
Қосылынсаң бир перининң өзине.

Ат ойнаса көкке шығар бурқып шаң,
Бәлент болдың бул дүньяда душпаннан,
Ғайыптан қосылыпты сизге бир пери,
Қалмасын кеўлиңде гирбиң ҳәм әрман.

Досты кеўлин билдирип,
Айтқанын соң бул сөзди,
Абдурахман шад болды.
— Ата-анама билдир, — деп,
— Түйе ҳәм ат жеткер,— деп,
Қуўанып қарап Асанға,
Тағы да бир сөз айтады:

— Асан достым, айтар саған арзым бар,
Бахыт туўры келди бизге миясар,
Дос қуўансын барғанымда шадланып,
Күйип өлсин биз барғанша душпанлар.

Көринеди Қаратаўдың қаўыщы,
Қабыл болды ата-ананың көз жасы,
Душпан жылап, дослар күлсин бул иске,
Ғаррымыздан алың барып сүйинши.

Бағларымда сайрар тынбай мурғызар,
Ағайин-туўғаным билсе қуўанар,
«Таў үстинде бир арыўды алды», деп,
Ел-халқыма бул хабарды айтып бар.

Шадланысып келсин ағайин-туўған,
Қара нар үстине гебеже** қурған,
Жанында келсин қыз бенен жаўан,
Кеўилинде қалмасын зәрре бир әрман.

Атлар шаўып келип алсын орамал,
Қаншайымды көрген болар интизар,
Ел жигити қалмай келсин жыйналып
Бул сөзлерди досларыма айтып бар.

---

* Оңаша отырған жериң.
** Түйе ямаса арба менен узақ жолға шыққанда зат салатуғын ыдыс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Досты Асан ҳәм Әшир,
Тоқтата алмай өзлерин,
Ойнақшытып көзлерин,
Секирип минди атына.
Қуўанғаннан дослары,
«Тезирек жетсек еди» деп,
Атқа қамшы урады.
Астындағы бедеўлер,
Айбатлы таў-тас үстинен,
Жумалаған таслардан,
Асып-түсип барады,
Жолда көрген адамлар,
Дүрлигисип қалады.
Күн болғанда сәске түс,
Шаңырағы дап-даннан,
Уўықлары алтыннан,
Шабап жатқан отаўдың,
Оң жағынан екеўи,
Бедеўин шаўып өтеди.
Бир айланып еки дос,
Ғаррысына жетеди.
Бели жайдай бүгилип,
«Абдурахман келер», деп,
Отырып еди ғаррысы,
Бара сала еки мәрт,
Бедеўден ырғып түседи,
Кемпир менен ғаррысы,
«Балаға бәле болды», деп,
Еңкилдесип жылады.
— Жылай бермең ҳасла сизлер!
Шад болыңлар енди,—деп,
Шайырлығы бар Асан ер,
Кемпир менен ғаррыдан,
Сүйинши сорады:

— Жыламаңыз, қуўаныңыз илайым,
Көрдим балаңыздың бахыт-талайын,
Мен ойлайман «перийзаттың қызы» деп,
Қарап турсам бир сулыў қыз, мулайым,

Ғош жигиттиң қабыл болды көз жасы
Балаңыздың көптен күткен ҳәўеси,
Жасты төгип жылай бермең әкеси,
Бизге бериң қуўанышлы сүйинши,

Қолымдағы мениң полаттан қалқан,
Достымның кеўилинде жоқ болды әрман,
Гез келипти бир перинин қызына,
Хабар ет, еситсин ағайин-туўған.

Ашық болған «назлы яр», деп «аҳ» урар,
Таярлансын қыз-келиншек, жаўанлар,
Қатар-қурбы, жигитлери жыйналсын,
Бүгинги күн тойға миясар болар.

Еситип буны Шабанын,
Белин беккем буўынып,
Жас жигиттей қуўжыңлап,
Ырғып турды орнынан.
Абдурахманнын апасы,
Аршаларын ашады,
Әшир менен Асанға,
Зерли шекпен жабады,
Сүйинши алған жигитлер,
Елпеңниң кең шетине,



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Той», деп атлар шабады.
Шабан ғарры той баслап,
Қуўанғаннан шад болып,
Екеў-ара бир табақ,
Халыққа берди көп тамақ.
Палаўды молдан үйдирип,
Қыз-жигитти жыйдырып,
Парларға жүкти арттырып,
Абдурахманның алдына,
Айтқаннан етип зияда,
Пешеси атлы, пияда,
Ел шетине шығарды.
«Бағлардың гүли шайда», деп,
«Бунындай пери қайда», деп,
Қызлардың көзи жайнады,
Жетип келген бир ўақта,
Қаншайым жатқан көк таўға.
Гебежеге миндирип,
Ҳасыл кийим кийдирип,
Түрли сазды шерттирди.
Жигитлери ат шаўып,
Қуўанып ылақ ойнады,
Қаншайымдай арыўды.
Ўақты-хошлық саз бенен,
Қызға миясар наз бенен,
Отаўына әкелди,
Үш күн тойды береди.
Той өтип, халық тарқасын,
Ашылады гүл-ғумша.
Абдурахман, Қаншайым,
Отаўда қалып оңаша,
Дәўран сүрди әрмансыз,
Жыл бойына удайы,
Долапын күндиз ҳәм кеше...
Бир жыл өтти арадан,
Айлар жетти жаңадан.
Қаншайымнан ул болды.
Атын Асқар қойдырды.
Және бир жыл арадан,
Зуўлап өтти белгисиз.
Тағы туўды бир улды,
Атын Мамыт қойдырды.
Шабан баба қуўанып,
Қой семизин сойдырды.
Баслады үлкен бир тойды.
Үш жыл өтти арадан,
Әрмансыз сүрди мәрт дәўран.

* * *

Бабаханның еллери,
Ҳағлаған күтә бай еди,
Төрт түлиги сай еди.
Сардақлыны сораған,
Темирхан деген урыспаз.
Бул журттың патшасына,
Өлгенинше жаў еди.
Сардақлыдан бул Жонан,
Күтпегенде таланып,
Халық болды сергиздан.
Бабахандай бул ханға.
Абдурахман батырдың,
Хабары түсти сол заман.
Мәртлигин оның еситип,
Шақыртып алды жигитти,
Хәпзаматта Бабахан.
Ҳеш бир көрген жоқ еди.
Елпеңлиниң патшасы,
Сонындай гүлзар жигитти!
Бабаханды ардақлап,
Батыр оның алдында,
Тәжим берип турады,
Сонда турып Бабахан,
Жигитке сөз арнады:

— Жүрген жериң Елпең көлдиң даласы,
Қус салғаның Ҳәсер таўдың жырасы,
Сизлердей жигиттиң барды мәртлиги,
Бирақ қайғырмайды халықты биразы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарылғанды шарўалардың сабасы.*
Қулағыма жетти халықтың наласы,
Халық қорғамай не қылып журсең, мәрт жигит?!
Өзиң болсаң балықшының баласы!

Кеннен жатқан бул Елпеңниң еллери...
Журтты шапты Сардақлының шерлери,
Бизиң елди олар бассынып талайды,
Бармаймыз ба, ели-журттың ерлери?!

Басқыншылар басқа салды қайғы-зар,
Душпан болса ол кимлерди қайғырар?!
Батырдан халық табар уллы күш-қуўат,
Неге болдың ели-халықтан бийхабар?

Абдурахман сол ўақта,
«Жалғыз неге жарар!» деп,
«Маған сарбаз керек», деп,
Ханның хабарсызлығынан,
Айтты күйинип мәрт палўан:

— Ашық болған ялғаншыда «аҳ» урар,
Жалғызларға дүнья болар бир күн тар,
Қалай шыдап отырыпсыз патшамыз,
Биздей мәрт жигиттен өзиң бийхабар?

Толдым ҳәзир жигирма бес жасыма,
Рахим етпеспен душпан жасына!
Қорғар едим Жонан менен Елпеңди,
Қырқ жигитти берсең мениң қасыма.

Журтыңыздан хабардар бол, тақсыр хан!
Үстимде саўытым, болса ҳәм қалқан.
Өткир найза болса өзи полаттан,
Әтирапыма келе алмайды ҳеш душпан.

Қырқ жигитим минсе сайлап қаназат.
Белине байласа қурал ҳәм жарақ,
Шықсақ ат ойнатып бизлер алдынан.
Елпең елиң болмас па еди парахат?!

Тамам етип сөзлерин,
Турған жерде мәрт жигит,
Кейнине қайтады.
Сол мәҳәлде Бабахан,
Көп ойларды ойланды...
«Бар,—деп—бунда қәсийет,

---

* Териден исленген, шубат сақланатуғын ыдыс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит екен ақ нийет».
Деп кеңести Бабахан.
Беглер менен ўэзирге,
Келисим берди бәри де,
Абдурахман батырды,
Қырқ жигитке бас етип,
Шығарыўға алдына,
Топылатуғын душпанның.
Арадан өтти үш-төрт күн.
Елпеңниң ханы Бабахан,
Қырқ жигитти таярлап,
Қырқ бедеў таярлап,
Жигиттиң берди қолына.
Абдурахман, мәрт жигит.
Ләшкер ертип изине,
Кетти сөйтип жол тартып,
Ҳәсер таўдың үстине,
Душпаннан халқын қорғаўға.

* * *

Ендиги сөзди еситиң,
Сардақлының патшасы.
Темирхан деген урыспаздан.
Қаршайымның ағасы,
Абдулланы қасына,
Ертип шықты ол жолға,
«Аң аўлайман», деў менен.
Ортасында шөллердиң,
Шаңғытып олар жүр еди.
Қасында бар неше адам.
Асынған қурал-жарақты,
Минген сайлап елден атты.
Кийик қашты бир ўақта,
Көп жигиттиң алдынан.
Абдулладай мәрт жигит.
Бул кийикти қуўалап,
Айрылып кетти ханынан.

Бир ўақытта көринди,
Сардақлыға жол тартқан,
Көп нарларға жүк артқан,
Қум үстинен жол асып,
Киятырған бир кәрўан.
Темирхан кетти изинен,
Баратырған кәрўанның.
Жақынлап барса кәрўанға,
Қыдыр деген ғәрры бар.
Кәрўанды алға баслаған.
Қыдырды көрип Темирхан,
Айтты сонда мынаны:

— Арзымды есит қулақ салып, Қыдыр шал,
Батыр тәрик етпейди ҳеш бир дүнья-мал.
Өзиң един жети ханның еркеси.
Елпеңниң елинен берши бир хабар?

Ашықтың пидәдур яр ушын жаны.
Кеўлинде жоқ Темирханның әрманы,
Елпеңниң елинен бериң бир хабар,
Бул елаттың ким болады палўаны?

Көкке қарар бизлер минген қапазат,
Қырқ жигит бойында тасыйды ғайрат,
Барып турып тайын олжа қылмаға,
Елпеңниң елинде бар ма перийзат?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мыйық тартып Қыдыр шал,
Темирханға қарады.
Темирхандай патшаның,
Таңлап айтқан сөзлерин,
Бир пул шелли көрмеди.

Темирхан сонда жалтақлап,
Қырқ жигитке қарады,
Кекетип оны Қыдыр шал,
Былай деп берди жуўапты:

— Қулақ салың, қәтелик жоқ сөзимде,
Мен сөйлесем жаслар толар көзиңе,
Елпенде бар Сардақлының арыўы,
Хан мүясар көрмей ме оны өзиңе?

Сорайсаң сен бул Елпеннен бир хабар,
Абыройыңды төгер сениң душпанлар!
Бир сулыўды көрдим Елпең елинде,
Бунындай арыўды көрмедим, инан.

Билесең бе, ханым, елдиң абыройын?
Қызлар шекпес Елпеңлиде уўайым,
Сардақлыдан бир қыз келин болыпты,
Атын дейди ол арыўдың Қаншайым.

Мен айтпаспан сизге ҳеш ўақ жалғанды,
Талап жүребер басқыншы боп кәрўанды!
Сардақлыдай салтанатлы елиңнен,
Бир арыўың Елпеңге гүң болғанды.

Бунық менен Қыдыр шал,
Хабар айтып патшаға,
Сардақлыға жол тартты.
Темирханның кеўилин,
Қыдыр шалдың сөзлери,

Әдеўир ғана қабартты,
Сүйеклерин қақсатты.
Қырқ жигитин топлады,
Кеўилиндеги бар сырын,
Ҳеш жасырмай айтады:

— Ашылар бағларда, не шайда гүллер,
Тыңла сөзди кең майданда жигитлер,
Бул хабарды еситип жүрек жанады—
Атланың изимнен, баҳадыр шерлер.

Ышқы отына күйип-лаўлап жанаман,
Барып Елпеңлиге талаў саламан,
Тири болсам дүньяда Қаншайымды,
Несип етсе ҳаяллыққа аламан.

Ат қуйрығын шөл ишинде өремен,
Саўаш болса несийбемнен көремен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашық едим Қаншайымға бурыннан,
Мен жолына ғарры жанды беремен.

Буны айтып Темирхан.
Кесе жолдан жүреди,
Дәрбент жолға жақынлап,
«Шаң шығарып» келеди.
Бир кийикти өңгерип,
Жетип келди Абдулла,
Ғайратына жигиттиң,
Темирхан берди бир тилла.
Сол мәҳәлде қызғылт күн,
Уясына батады.
Мәсләҳәтлесип Темирхан,
Майдан жолдың ишинде,
Жигитлер менен жатады.

Таң атыўдан жетеди.
Темирханның жел сөзи,
Уйқыдан турған ҳәр кимге:
«Оның кетиң—бир жақтан!
Бесиң кетиң—бир жақтан!
Тийисиңлер—ҳәр жақтан!».
Буйрық берип турғанда,
Арысландай ақырып,
Жолбарыстай ыңыранып,
Абдурахман мәрт батыр
Тура қалды алдында.
Астында Қоян Көк,
Киснеген ўақытта,
Қаратаў кетти гүңиренип.
Аттың басын бурады,
Абдурахман мәрт палўан,
Тымсал айтып сөз бенен,
Жол болсынды сорады:

— Ҳаўа жаўса айдын көллер ҳөл болсын,
Душпан қарсыласса жасы сел болсын!
Қайсы елден қайсы елге барасаң,
Ат көтерген ҳәй, басқыншы, жол болсын?

Сен минипсең нар бедеўдиң белине.
Не жаманлық алып шықтың кеўлиңе?
Бурынғыдай сала жатқан* халқым жоқ,
Сен барасаң қайсы патша елине?

Астымда ойнайды киснеп бедеў ат,
Шөлди гездим, әрманым жоқ кеўлим шад,
Қайсы елден қайсы елге барасаң,
Қайда барсаң, барар жерден хабар айт!

Писент етпей жигитти,
Темирхан патша жекиринип,
Айбат етип кийликти,
Ҳәкисине сөз айтты:

— Ат мойнына тақтым тилладан тумар,
Қолымда қарыўым, белде мәдет бар,
Жүрген жолымды мен саған айтайын,
Батыр болсаң жақынлап кел, енеғар!

---

* Қорғаўсыз жатқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нешшелер тилейди басқа өлимди,
Ашыўлансам майыраман белинди!
Көп сөйлеме Елпеңлипиң қусшысы,
Я болмаса мен шабаман елинди!

Абдурахман:

— Ханлар өлсе аза болар алтын тах.
Батырлардан ҳеш кетпесин дәўлет-бақ.
Өзим өлмей мен бермеймен жолымды,
Сенде болса, менде де бар күш-жарақ.

Әжел жақып келер гейде бендеге,
Маған абай етесең сен неге?!
Найза салып сынасайық күшлерди.
*Қумар болсаң кел өзиңиз бир жекке!*

Жекпе-жекке шығыўға,
Ханның кеўили бармайды,
Абдулладай батырын,
Былайынша арбайды:

— Қолында бар беккем полат қалқаның.
Душпанлардан алып бергил әрманым,
Ол бир қорқақ балықшының баласы!!!
Шық майданға, Абдулладай палўаным?

Алдында душпаның саған зар урар.
Шолпышыға енди әжел, қәўип туўар,
Ҳәўес пенен барып кескин желкесин,
Бармасаңыз басқа тағы палўан бар.

Епкинли еди Абдулла,
(«Батыр—аңқаў, ер—гөдек»,
Деп айтқандай ели-журт.)
Арбаўға ол нанады.
Ат ойнатып сол ўақта,
Майданға шығып барады.
Кеўилинде темирдей,
Сығасып орнап қалады,
Темирханның әрманы.
Абдулладан басқа бир,
Жоқ еди оның палўаны.
«Ғайрат көрсет, балам!» деп,
Атаңа нәлет Темирхан,
Көп хошемет салады.
Майданға палўан шыққап соң,
Абдурахман сөйледи,
Қасында жолдасларына.
Сөйлегенде не деди:

— *Қулақ салып кеўилиңе уқ, жигитлер,*
Қызды денем, ойнады сом билеклер,
Палўанына мен берейин соққыны,
Сизлер мениң тамашамды көриңлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Абдулладай жигиттиң,
Көзи оттай жанады,
Абдурахман бир жақтан,
Ер Абдулла бир жақтан.
Дәл ортаға шығады.
Жақын келди қасына,
Бир ўақытта Абдулла
Урды мықлап ақ найза—
Абдурахман қорықпастан,
Қалқан тутты басына.
Тийген ўақта бул найза,
Абдурахмандай жигиттиң,
Қарсы тутқан қалқанын,
Еки теңнен бөледи.
Абдурахман мәрт жигит,
Найза салған ўақтында,
Абдулланың саўыты,
Шапан янлы сөгилди.
Абдурахман, мәрт палўан,
Жағаға қоллар салады —
Ат үстинде екеўи,
Бир-бирин тартып ала алмай,
Ер үстинде алысты.
Тартқан ўақта Абдулла,
Абдурахман дәрпенбес.
Еки палўан сол жерде,
Жерге түсип алысты.
Бир-бириниң белинен,
Әбден қатты таўлады.
Абдулладай мәрт жигит,
Абдурахмандай палўанға,
Қышқырып жамбас салады,
Абдурахман сонда да,
Дәрпенбей тағы турады.
Кеўилин ғамға толтырды,
Ақша жүзин солдырды,
Абдурахман батырдың,
Куўатына шыдамай,
Көкиреги сырылдап,
Абдулла палўан болдырды.
Турып қалды қырынлап...
Абдурахман палўанның,
Көзи оттай жанады,
Көтерип жерден алады,
Айналдырып басынан,
...Лекин ойланып мәрт жигит,
Аяңқырап палўанды,
Жерге әсте қояды,
Қанжарын қолға алады.
Аяў бар ма урыста?!
Сол ўақытта Абдулла,
Шақалақлап күледи!!!
Абдурахман мәрт жигит,
Абдуллаға бир қарап,
Ҳүрмет пенен сорады:

— Минген ўақта көкке қарар әреби ат,
Өлер ўақта күле ме екен адамзат?
Кеўлимде зәрре әрман қалмасын,
Жаның барда себебини ҳәзир айт!

Абдулла:

Жақсы болса ел болады парахат,
Ел қорғайды нағыз туўған азамат,
Күлмей-емей жылайын ба зар-зар?!
Баратырман соўер ярсыз, бийзүрият.

Ах урғанда еримей ме, қара тас,
Өлгенимде жаяр еди қара шаш...
Мен жоқ еттим, ерип шуғыл сөзине,
Жоқлайтуғын менде жоқ я қарындас...



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Найза урсаң бөлинеди қара тас*
Әзиз ерге күтә мүшкил бул саўаш,
Мен жалғызбан жарық дүнья әлемде,
Болайын мен сениң менен мәңги дос.

Абдурахман

Неге керек еки елге жаўгерлик?!
Инсаният тилейди бәрҳа тирилик,
Басын тартса дос болыўдан кимде-ким,
Ол болады мәрт жигитке нәмәртлик.

Абдулла

Дослық келип ашты мениң кеўлимди,
*Сен де мендей қорғадың журт-елинди,*
Тири болса берер едим мен саған,
Шөлде қалған Қаншайымдай сиңлимди.

Айтқаннан соң бул сөзди,
Секирип турды орнынан,
Абдурахман мәрт палўан!!!
Толқыды, ырасладьі демин,
Таныттады күйеў бала екенин.
Турды орнынан Абдулла,
Қылышын байлап белине,
Темирханның бетине
Көз айырмай қарады,
Айтты сонда мынаны:

— Қулақ салың бул сөзиме, Темирхан,
Бундай ер жоқ, нағыз батыр, шын палўан,
Қәҳәрленип шықса егер саўашқа,
Ушырайды ели-халыққа не аўҳал?!

Сырын билдим көкиреги дос, ақ кеўил,
Өлгенше боламан мен енди шын дос,
Келип алмасаңыз мәрттиң қолынан,
Болмайсаң халыққа қәўми-қарындас.

Ат ойнаттым бәлент майдан жыраға,
Бундай батыр мен көрмедим дүньяда,
Сырын билдим көкиреги дос, ақ кеўил,
Дослықта жасайық бизлер бәрқулла.

Темирхандай шерменде,
Абдурахманды көргенде,
Кетти бирден маймаңлап,
—Душпан етип еки елди,
Кәтелик өтти меннен,—деп
Манзур айтты* зарланып:

* Түйирли гәп айтты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Абдурахман, арзымды есит, қулақ сал,
Мәрт жығылды, қолдан кетти намыс-ар,
Қәтелик көп екен билсем өзимде,
Мәрт жигит жықса да бермейди азар.

Қулақ сал сөзиме, халықтың баласы,
Адамзаттың көп болады наласы,
Қолыңды бер, көриссейик палўаным,
Кетти мениң кеўилимниң жарасы.

Биз мингенде киснейди әреби ат,
Неше жола салдым елге қыйын дәрт,
Кеширерсиз гунайымды, мәрт жигит,
Дос болайық бир-биреўге қойып шәрт.

Мендей надан мал үстинде урысар,
Нәмәртлик ис ойсызларға жарасар,
Батыр жигит халқы ушын гүресип,
Ким болса да ары ушын таласар.

Алдыма тутылған полат қалқан бар,
Енди жақсылық боп, әрман жоқ бол
Кеклер кетти кеўилимнен таралып,
Биз боламыз сизиң елге дос-яран.

Суў орнына ишип жүрдим қызыл қан,
Надан болып өскен екен Темирхан.
Кеше — душпан, бүгин мине дос болдық,
Бизде де, сизде де қалмасын әрман.

Абдурахман палўанның,
Дослық еди күткени —
Жүзи оттай жайнады,
Көзи күлип ойнады.
Қайта-қайта көрисип,
Қолынан алды Темирхан:
— Сендей болмас ҳасыл зат,
Еки елди дос еткен,
Батыр жигит, азамат!
Кеўилге шиддет* алмаўға,
Бир-биреўге өлгенше,
Енди жара салмаўға,
Ант беремен алдыңда.
Рийза болсын халқым да.
Бир-биреўге барайық,
Дослықта мәнги жасайық.
Биреўде не жетпесе,
Биз бөлисип турайық.
Көзден ақпас қанлы жас,
Жасасақ бизлер болып дос,
Елпең деген ел менен,
Сардақлы болсын мәңгиге,
Туўысқан қәўми-қарындас.

---

*Душпанлық.

Абдурахман, сөзимди есит, мәрт султан,
Жалғаншыда қаймықпадым адамнан,
Көзиме көринди сыны-сымбатың,
Кеўлиңе ҳеш жаманлық алмаған.

Атланып шыққанда қолымда жалаў,
Елиңе мен салдым неше рет талаў,
Саған кеўил бердим туўған адамдай,
Дослыққа қабыл ет қылышым мынаў.

Еки елдиң бағда гүли солмасын,
Бир-биреўден ҳасла кеўил қалмасын,
Бул дүньяда сениң, мениң тилегим,
Арамызда ҳеш бир қаслық болмасын.

Усы сөзди айтқанда,
Абдурахман палўанның,
Жығылды аяқ ушына,
Сардақлының патшасы.
Дәрья яңлы тасады,
Темирханға сол ўақта,
Абдурахман мәрт жигит,
Мына сөзди айтады:

— Пейлиңизден қайттың, болды кеўилим шад,
Жаманлық-ғой мәрт жигитке кесапат,
Дослық салдық кеўил ашып араға,
Барсаңыз етемен сизлерге хызмет.

Жигит болар жигирмада барқаман,
Жақсы сөзге еримей ме тәнде жан?!
Бизиң елдиң барып көриң хызметин.
Сардақлының патшасы сен, Темирхан.

Жаман сөзге мәрт байланар тилинен,
Үмитим бар Сардақлының елинен,
Барсаң саған мен беремен зияпат,
Дуз татып кет Елпеңлиниң елинен.

Тамам етти сөзлерин,
Абдурахман мәрт палўан,
Сол ўақытта Темирхан,
Қырқ жигит пенен кеңести:
— Әй, жигитлер, жигитлер,
Қулақ салың тилиме,
Мийман болып Елпеңге,
Барсаңызлар жигитлер,
Шадланып атқа миниңлер!
Жақсылардан чай ишип,
Қайтайық ели-халыққа.

Амантаз деген биреўи,
Дүньяда лаққы қуў еди,
Дузақ баспас сум еди.
Жигитлердиң арасынан,
Ханға қарап сөйледи:
— Әй, Темирхан, Темирхан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизден бар ма кеўилинде,
Қайғы менен я әрман?
Көре алмассаң сен барып,
Бул Елпеңниң қырларын
Бурыннан жаўсаң, алакөз...
Алып барсаң бизлерди,
Сарғайтпасын жүзлерди!

Бул сөзлерди айтқанша,
Көзди ашып-жумғанша,
Көк бурқырап, қара шаң,
Келип қалды үстине,
Таўдан, асып көк кийик,
Артында бар көп кийик,
Урды келип ортаға!!!
Минди ҳәр ким атына.
Аң қызығы — шайтанды,
Апыр-топыр болады,
Қарамай сөздиң парқына,
Темирханның ләшкери,
Көк кийиктиң изинен,
Қуўып кетти батысқа,
Көринбей кетти бир ўақта,
Гайып болып бәри де.
Көп кийиктиң изинен.
Абдулла менен Темирхан,
Күни бойы ат шапты,

Қуптан болған ўақтында,
Алдында қой жүргендей,
Таўдан асып көп кийик,
Өрмелесип барады.
Бул аўҳалды көрген соң,
Темирхан пәске қайтады,
Үйли-үйине тарқасып,
Күн батардың алдында,
Тумлы-тусқа ҳәммеси,
Тарасып алып кетеди.
Ертеңине жыйналып,
Қырқ жигиттиң бәри де,
Қурды үлкен мәсләҳәт...
Елде үлкен той берип,
Халқын жыйнап бир жерге,
Сардақлының елине,
Түсиндирип айтады,
Сардақлының көп халқы,
Бул дослыққа қуўанып,
Болды әбден хош ўақты.

Абдурахман мәрт палўан,
Кеўли суўдай тасады,
Қуўанып әбден йошады.
Жигитлерге қарады,
Ойланып турып мәрт жигит,
Мына сөзди айтады:

— Тыңлаңызлар қасымдағы батырлар,
Бурын — душпан, бүгин — доспыз, бердик қол,
Елпең менен Сардақлы бир дос болып,
Енди талаў, я саўаш жоқ, таптық жол.

Биз мингенде кисинейди әреби ат,
Ели-журт та енди болар парахат,
Жүриң дослар елге қайтып кетейик?—
Бәриң бирдей Елпеңлиге азамат.

Саўаш болса тәнде денем жанады,
Биз салмаймыз инсаниятқа жараны.
Елпең менен Сардақлыдай еки ел.
Темирхан ҳәм Бабахан дос болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қамшы урса көкке атар қаназат,
Биз дос болдық, көўилимиз енди шад,
Барып хызмет биз етейик халыққа,
Ер изиме қырқ жигиту-азамат.

Еситип оннан бул сөзди,
Хош болды ўақты ҳәмлениң,
Шақақласып күлисип,
Жигитлердиң нешеси,
Дуўтар менен най шертип,
Дәрбенттен қайтты елине,
Туўып өскен жерине.
Шарап кесе қолға алды,
*Жигитлер әбден мәс болды.*
«Дос болды, — деп, — еки ел»
Ели-журттың бәри де,
Ҳақ нийеттен қуўанды.
Бойлары болып пәл яңлы,

Сөзлери болып пал яңлы,
Қаншайым көрип қуўанды,
Абдурахманды қарсы алды.
Емпеңлеген ата-аналар
Ел қорғаған батырлар,
Көристи қол алысып,
Бир-бирине қарасып.
Шабан деген бабаңыз,
*Дос еткенге мудамы,*
Ҳақ нийеттен қуўанған,
Аўҳалын сорап батырдың,
Айтты сонда мынаны:

— Абдурахман, әй, перзентим, арзым бар,
Болып едик сен кеткенде бийқарар,
Бүгин минсе еки елди дос етип,
Ел шетинен бердиң, балам, шад хабар.

Көзимниң қарары, тәнде дәрманым,
Аман жүрсең қалмас, улым, әрманым,
Ырза болдым, көрсеттиң сен ғайратты,
Еситип мен ҳақ нийеттен қуўандым.

Сағап берсин ғайрат пенен енди дәс*,
Ел абыройын улым етпедиң ылас,
Халық қуўанды сениң еткен исиңе,
Болғанына мәңгиликке татыў, дос.

Өзим кедей едим, болған бийнаўа,
Нешелерге хорлық берди бул дүнья,
Дослық салып сен келипсең араға,
Шадлық бердиң Елпеңниң ул-қызына.

Бабаның кеўилин шадлап,
Қаншайымды көз астынан,
Ара-тура бир шарлап,
Айтты бир сөз мәрт жигит,
Тымсал етип, сөз таңлап:

* Күш-қуўат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Арзымды есит айналайын, әкежан,
Аямады бизиң елди Темирхан.
Талаў салып, шабыўылды көп салып,
Қуртар болды елди, малды, дүньяны.

Балаңның көп бул дүньяда әрманы,
Төгиле жарлады бир жигит қаны,
Сардақлыда Темирхандай патшаның,
Бардур Абдулладай палўаны.

Темирхан келипти елдиң қәстине,*
Ат ойнатып келе қалды үстине,
«Ҳә» дегеннен тутты урыс сайманын,
Аң-таң болып қышқырғанда сестиме.

Мен едим-ғой халық ишинде шазада!
Ат ойнатып келди Абдулласы да!
Урған ўақта екеўимиз де тең етип,
Бөлинди қалқан, сынды найза да.

Сынады Абдулла мениң қуўатым,
Алысты мен менен жиберип атын,
Сынап көрип өзиниң де қуўатын,
Ақырында көрди мениң ғайратым.

Абдулла умтылды мениң үстиме,
Жықпақ ушын қоллар урды дәстине,
Ылақтырмақшы болдым тасларға,
Аядым, жақсылық келди кеўилиме.

Алысқаным Қаратаўдың даласы,
Маған жетпей Абдулланың шарасы,
Жыққанымда мени ҳайран қалдырып,
Шақалақлады Сардақлының баласы!

«Әзелден өткенди соңша уўайым,
Қарындасым бардур аты Қаншайым,
Тири болса берер едим», деди ол,
Ойлап палўан ел менен өз абыройын.

Сырды билмей әўелҳадан қас болдық,
Сыйласпаға ҳасыл болдық, дос болдық,

* Елге қастыяншылық пенен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қол алысып дослық пенен екеўимиз,
Еки палўан кеўиллерди хош қылдық.

Көп ишинде айталмадым сөзимди,
Мен етпедим Абдуллаға назымды,
Әке, маған қандай кеңес бересең?
Қырқ жигитине таныттпадым өзимди.

Мәрт екен-ғой, қулақ салды сөзиме...
Жаман сөйлеп мен тиймедим кеўилине,
Көк кийикти қуўып кетип тап болған,
Бирден қайтып кетти келген изине.

Еситип буны Қаншайым,
Кеўлине алып уўайым,
(Жаман дәрт-ғой туўысқан!)
Еңкилдеп жылап жиберди,
Көзиниң жасы тынбады...
Абурахманға бир қарап,
Қаншайымға бир қарап,
Ғаррысы айтты мынаны:

— Абдурахман, тыңла улым, тилегим,
Ҳәм қуўатым, ҳәм өзиңсең жүрегим,
Шыдамадым Қаншайымның сестине,
Алып барып көрсет шыққан иргесин.

Тыңла балам, айтқан мениң бул зарым,
Қаншайымның тарқат, улым, қумарын,
Барып көрсин ата менен анасын,
Көрип қайтсын Абдулладай туўғанын.

Өзи нашар ҳәр нәрсеге жарайды,
Өзиң барсаң да айып болмайды,
Қаймықпағыл, Абдурахман перзентим,
Бурыннан соң күйеў сыйсыз болмайды.

Абдурахман, саған айтар арзым бар:
Қаншайымжан етер қайғы менен зар,
Ата-ананың тилин алған жақсыдур,
Алып барсаң ели-журты қуўанар.

Сөз тыңлайды жигитлердиң сарасы,
Узақ болмас еки елдиң арасы.
Алып барсаң Қаншайымдай келинди,
Саўғат* болар еки бирдей баласы.

---

* Саўға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дегеннен соң атасы,
Абдурахман мәрт палўан,
Мыйығын тартып күледи,
Бул истиң дәркар екенин,
Жигит зейни иледи.
Хош болды ўақты әкениң,
Қасында турған енениң.
Барды енди мәрт жигит,
Қаншайымның жанына,
Сүйикли сәўгил ярына.
Периден сулыў арыўға,
Айтты жигит мынаны:

— Қаншайымжан, саған айтар арзым бар,
Қулақ салып, сөзди есит назлы яр,
Ата-ана рухсат берди бизлерге,
Саўғатқа аламыз қәлеп қандай мал?

Бир ўақытта Қаратаўдан пәс болдым...
Темирхандай патша менен дос болдым,
Танытпадым ҳеш кимге де өзимди,
Ағаң менен өлгенимше дос болдым.

Ушырмадым Шалқар көлге ғазымды,
Мен уялып сарғайттырдым жүзимди,
Сардақлыға екеўимиз бир барайық?
Абдуллаға танытайын өзимди.

Қаншайым әбден шад болды,
Абдурахманның бул сөзи,
Кеўлине ыхтықат болды.
Асқар менен Мамытты,
Қаншайым қолға алады,
Оң-солына қарады,
Абдурахман палўанға,
Айтты сонда мынаны:

— Мен ашылған бағ ишинде қызыл гүл,
Сиз барғанда сөз етпесин бизиң ел,
Төреликти қойдым батыр өзиңе,
Мен қәйтейин, ендигисин өзиң бил?

Кеўил аштым бул бәҳәрден жазыма,
Қайыл болдың мениң еткен назыма,
Менде жоқдур Абдурахман ҳеш әрман,
Ата-ана ақыл берсин өзиңе.

Мен нашарман, тердиң бағда гүлимди,
Өзим аштым сендей мәртке кеўлимди,
Сардақлыға сапар етсең палўаным,
Қуўантасаң мениң туўған елимди.

Усыны айтып Қаншайым,
Кеўлинен кетти уўайым.
Абурахман палўанға,
Берди ерик-ықтияр,
Сарпайды молдан алады.
Жанында бар сан жигит,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Абдурахман мәрт палўан,
Нарларға жүк арттырып,
Сары атаңның үстине,
Тақтараман қурдырып,
Қаншайымдай арыўды,
Еки улы қасында,
Гебежеге миндирди.

Буны көрип шад болды,
Әрмансыз ғарры Шабаның.
Қаласынан Жонанның,
Шыққан ўақта Қаншайым,
Сулайман деген кисиге,
Сәлем айтып сөйледи,
Хақ нийеттен Шабаның:

— Жигитликте әйлемедим кеўил шад,
Қартайғанда көрдим, келинжан, рәҳәт,
Кетер болсаң Сардақлының елине,
Сулаймандай қудамызға сәлем айт.

Бизлерге жетисти жақсы бир заман,
Кеўилде қалмады ғам менен әрман,
Абдулладай ағаңызға сәлем айт,
Ортақ болды ҳәммемизге бул дәўран.

Ашылғай сениң бир ғумшадан мың гүлиң,
Хызметиң унады, жоқ болды минин,
Аман барып, саў келгейсең журтыңа,
Сораганға сәлем айтың, келиним.

Усыны айтып бул бабаң,
Абдурахман баласын,
Қаншайымдай келиниң,
Шығарып салды кең жолға,
Абдурахман мәрт жигит,
Жолдасы бар қасында,
Нарларын жолға жетелеп,
Тартыў-бадалға менен,
Сардақлының елине,
Жолға раўан болады.

* * *

Ендиги сөзди еситиң,
Абдулладай жигиттен.
Қылышты көкте ойнатып,
Қаршығасы қолында,
Аңға шығып жүр еди,
Қыр астынан бир шаңғыт,
Елес-елес көринди.
Көз жиберип қараса,
Батыр туўған Абдулла,
Көреди көз ушынан,
Киятырған ләшкерди.
Сарғын деген мергенин,
Шақырып алып қасына,
Бир сөз айтып сөйледи:

Қулақ салың, Сарғын мерген, сөзиме,
Көп ләшкерлер көринеди көзиме,
Жалғыз болып мениң күлим толмасын
Барайық биз Темирханның өзине?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кәрўан болса дизилискен бул көп нар...
Ел-халыққа тап болмасын қайғы-зар,
Ат қояйық Темирханның қасына,
Биз берейик душпанлардан бир хабар?

Сонда Сарғын сөйледи,
Сөйлегенде не деди:
— Жаным достым, Абдулла,
Нәмәрт болып сен барма,
Темирханның алдына.
Көринген қара — дос болса,
Болмаймыз ба шерменде?
Не деймиз сонда екеўмиз
Достың жүзин көргенде?
Өзиң батыр, мәрт болып,
Неге жейсең уўайым?!
Көринген кәрўан қыбырлап,
Шөл ишинде узақтан,
Ел-журтына киятқан,
Болмасын ол Қаншайым?
Сениң еле хабарың жоқ...
«Еки журт бирдей дос болып,
Абдурахман мәрт палўан,
Қаншайымды ярлыққа,
...Алыпты», деп еситтим.
Қаншайымдай қарындасың,
Тартыў-бадалға менен,
Туўып өскен журтыңа,
Киятырған болмасын?
Жүрек соған барады,
Қабағым тартып барады.
Ким екенин сорайық?

Айтқанындай Сарғынның,
Аттан түсти секирип,
Абдурахман мәрт жигит.
Ағасын көрип Қаншайым.
Көзиниң жасын төгеди,
Көздиң жасын көп булап,
Бир сөз айтты Қаншайым,
Ағасына зар жылап:

— Нәмәртлерге бул жалғаншы тар екен,
Айралық дегениң қайғы-зар екен,
Көрдим, аға, тириликте жүзиңди,
Бир-биреўди көрер күнлер бар екен.

Суў орнына иштим сонда қызыл қан,
Әжел жоқта шықпайды екен шийрин жан,
Бир құшақлап тарқатайын құмарды,
Тезирек кел көрисейик, туўысқан?

Аттан түсип Абдулла,
Көрип аң-таң қалады:
— Айналайын, Қаншайым,
Атты бүгин алтын таң,
Кеўилде жоқ ҳеш әрман,
Көрер күнлер бар екен,
Жақынлап кел бермаған?
Ағасына жете алмай,
Қуўанғаннан Қаншайым,
Жолда неше жығылды.
Ағасын қатты құшақлап
Көзде жасын булады,
Сағынған екен—қулады!
Есине келип екеўи,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аманлықты сорады.
Абдурахман мәрт жигит,
Абдулла менен сүйисип,
Қол алысып көрисип,
Аўылға қарап жол тартты...
*Абдулла жолда қараса,*
Сарғын мерген қасынан,
Ат шаўып кетип қалыпты...

* * *

Ендиги сөзди еситип,
Сарғын деген мерген нен:
Атын шаўып кетеди,
Сулайманға жетеди.
Отырып еди қуяшта
Сулайман менен Ҳәлимша.
Ат қулақтан тер қуйып,
*Сарғын мерген бир ўақта,*
Ҳаўлығып ҳәм ентигип,
Сулаймандай кисиден,
Ҳәлимшадай анадан,
Тымсал етип сөз айтып,
Сүйиншини сорады:

— Эй, Сулайман қулақ салың, арзым бар,
Басларыңа қонды ҳәзир қос суңқар,
Қуўаныңлар еки бирдей ата-ана,
Қаншайымды көриў сизлерге миясар.

Гүналық дегениң адамға арды,
Қаншайым дүньяда ол тири барды,
Асқар, Мамыт еки бирдей улы бар,
Маған беретуғын сүйиншиң барды?

Зор хабарды айтқан соң,
(Перзент шийрин жаҳанда!)
Қалтасына қол урды,
Тилләә берди мергенге,
Сулайман деген бул киси.
Аршаны ашып Ҳәлимша,
Сарпай жапты мергенге.
Әне-мине дегенше,
Абдурахман тартқан нарлардың,
Қоңыраў менен дүң-дүңи,
Әтирапқа тарады.
Жетип келди бир мәҳәл,
Ҳәрем-шарбақ қасына.
Ананы қыз көрген соң,
Атаны қыз көрген соң,
Қушақласып көрисип.
Еңиреп-еңиреп жылады...

Аўыл-аймақ жуўырды,
Сулайманның үйине.
Молламушкил жан досты,
— Не келди бунда? — деп,
— Қандай адам келди, — деп,
Жуўырып келди бир мәҳәл,
Сәллеси жүдә селтийип.
Қәдимгидей Хәлимша,
Моллаға төсек салады,
Ал ғаррысы Сулайман,
Көз аўдарып қарады.
Қараған жаман жорып,
Молла мойнын тартады.
*Молланың көзи қапылды,*
Билмей қалды қапылда.
Сарғын мерген түргелип,
Сәллесин алды басынан,
Еңсесине бир урып,
Артына қолын байлады.
Пысық еди бул мерген,
Бир тамға оны қамады.
Сол ақшамы жигитлер,
Ылғый батыр, шын мәртлер,
Саз-сәўбетти қурады.
Заўқы менен саз болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәммениң ўақты хош болды,
Жигитлер де мәс болды.
Ертеңине таң атты.
Уйқыдан турып Сулайман,
Сардақлыны тойға айтты.
Абдулладай мәрт жигит,
Уллы тойды баслады.
Журттың көўлин хошлады,
Тойда палўан туттырып,
Бақсы-жыраў айттырып.
Темирхан да бир жақта,
Шатыр қурып отырды,
Абдурахманның кеўили
Оның да кеўлин толтырды.

Той саўалар күн болғанда,
«Бир тамаша қалды», деп,
Абдулладай мәрт жигит,
Халыққа қарап сөз айтты.
«Бул не, қандай тамаша?»
Гүңкил-гүңкил сөйлесип,
Халық жым-жырт қалады.
Сарғын мерген бир ўақта,
Тамдағы Молламүшкилди,
Алып шығып ортаға,
Бир жаққа нанды қояды,
Бир жаққа қылыш қояды,
Қолына берип китабын,
Ийимансыз Молламүшкилден,
Бир сораўды сорады:

— Ҳақ бенденің бир күн болар кеўили шад,
Шуғыл шегер сумлығынан жаман дәрт,
Мынаў — напың, мынаў қылыш қасында,
Молламүшкил, болған исти ырас айт?

Қылўасына ҳәр ким жуўап береди,
Бенде қандай мүшкилге де көнеди.
Ўақты жетип, қалған сонша жасларға,
Сумлық еткен ахыретти көреди.

Мынаў турған журт ағасы Темирхан,
Болды ол да бир ўақытта зулым хан,
Ҳәр ким етип заманында билгенин,
Соңынан қылады иске пушайман.

Молламүшкил

Мынаў турған дәстурхан,
Мынаў турған көк қылыш,
Билип еттим қиянет!
«Перзентим», деп Сулайман,
Таслап кетти жалғызын.
*Аманатқа кеўилимде,*
Болмады менде ақ нийет.
Ашық болдым мен өзим,
Билим берген қызыма.
Сөйледим — тилди алмады,
Қызым болған Қаншайым.
Наҳақ ис ҳеш болмайды,

Ҳақ ис жерде қалмайды.
...Мен ҳасамды сорайман,
Сәллемди берсең орайман.

— Сендей шуғыл молладан
Көзим толды қан-жасқа,
Өрнек болсын кең журтқа! —
Деп, ойланып Абдулла,
Отырған жерде молланың,
Сақалынан алады,
Ийегиниң астына,
Өткир қанжар салады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сабырлы, батыр палўанға,
Журты рийза болады.
Абдурахман палўанның,
Жигитлери шығады,
Қарыўлы өткир дойырдай,
Минип аттың дәстине,
Өлимтигин молланың,
Басып тақым астына,
Көкмар қылып ойнады,
Ақырында тоз-тоз ғып,
Басын жерге атады.
Буны көрип Қаншайым,
Абдулла менен екеўи,
Қумарын тарқатады.

Дослардың болды кеўли шад,
Душпаның етти олар мат.
Қарындасы Қаншайым,
Қырқ күн удай тик турып,
Етти тынбай хызметти
Көрсетти халыққа иззетти.
Қасында жигитлерине,
Абдулладай мәрт жигит,
Етти бәрҳә ҳүрметти.
Қырқ бир күнге қарады...
Ақыллы қыз Қаншайым,
Ели-журтын шад етип,
Ата-анасын қуўантып,
Қайтыўға жуўап сорады:

— Арзымды есит қулақ салып, әкежан,
Өшти алдық өшпен болған душпаннан,
Қызыңызда қалмады ҳеш бир әрман,
Көрискенше ели-журтым, хош енди.

Душпан етсе де шуғыллықты, зулымды,
Ашылдырды бәҳәр келип гүлимди,
Келип көрдим туўған журтым, елимди
Көрискенше ели-журтым, хош енди.

Батырларым бирге минди бедеў ат,
Ели-халыққа етти аямай көп хызмет,
Төркин журтты сағындырып қоймайын,
Бизлерге бер, ата-ана рухсат,

Көрисип турамыз бизлер ҳәр қашан,
Барар-келер еки бирдей мәрт палўан,
Ата-ананың хызметине барайық,
Рийза болың, ақ сут берген анажан.

Орнынан турып Абдулла,
Он еки нарға жүк салды.
Жылқыдан таңлап алды да,
Көп дүнья-мал жыйдырып,
Абдурахман палўанның,
Сыйлық етип алдына,
Қойды әкелип үйдирип.
Қаншайымның кеўилин,
Әбден сондай етти шад.

Алып келген дүньядан,
Нарға артты қыялап.
Сулайманның исине,
Абдулланың исине,
Ҳәлимшаның исине,
Болды күтә халық рийза.
Сулайман шығып далаға,
Қызына күйеў балаға,
Айтты сонда мынаны:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бағ ишинде енди гүллер лалады,
Адамзатта көп қәтелик болады...
Хабар алың Абдулладай ағаңнан,
Жиберип тур еки бирдей баламды.

Қуўанышлы болды бүгин тәнде жан,
Перзентим Қаншайым, саған рийзаман,
Гүнә кешти, сәлем айтың елиңе,
Абдурахман, мәрт палўаным, хош аман.

Ели-халқы жыйналып,
Пәтия берип қалады.
Бир нашардың себеби,
Еки елди дос етти,
Халықтың көўилин хош етти.

Қуўанғаннан анасы,
Бети болып гүл-ғумша
Еңиреп-еңиреп жылады.
Абдулладай мәрт жигит,
Нәсият айтып анаға,
Үй қасында қалдырды,
Буннан кейин Абдулла,
Еки күнлик жолларға,
Шығарып салып қалады.
Саў-саламат Қаншайым,

Абдурахман мәрт палўан,
Қасындағы жигитлер,
Неше күнлер жол жүрип,
Жол жүрсе де мол жүрип,
Жетип барды бир күни,
Елпеңниң кең елине,
Ата-ананың алдына,

Туўған журты, халқына.
Бүлбил қонды гүлине,
Дақыл питти жерине,
Абдурахман менен Қаншайым,
Жетти олар муратқа.
Өтти арадан неше жыл,
Сардақлы менен бул Елпең,
Мәңги дос болып жасады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ДӘСТАНЛАРДАҒЫ

# ГЕЙПАРА

# СӨЗЛЕРГЕ

# ТҮСИНИКЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi

## «ШӘРИЯР» ДӘСТАНЫ БОЙЫНША*

**Әжалат** — қабыл ететуғын, арыз сорайтуғын.
**Әжийне** — жин, шайтан.
**Әзрайыл** — периштениң аты. Диний түсиник бойынша — жан алыўшы.
**Әлиплам шегип** — бүгилип, ийилип.
**Алҳақумиттинаққасур** — дуўаның аты.
**Әнбия** — пирлер, пайғамбарлар, әўлийелер.
**Әспи** — зыян, зәлел, күлпет.
**Байдақ-байдақ** — бөлим-бөлим, топар-топар.
**Бәдирек**,— қул, басы байлы хызметкер.
**Бәрга** — сарай, жай, орын, қорған.
**Беглер-бег** — хан әмелдарларының атағы.
**Бедеў** — сулыў әреби ат.
**Бейделер** — қуллар, бир динге бағынған адамлар, бир қудайға сыйынған кисилер.
**Бийбиайша** — Мухаммед пайғамбардың қызы.
**Бийбимарьям** — Мухаммед пайғамбардың қызы.
**Бийбишлер** — ханның ҳаяллары, бегдиң, бийдиң қатынлары.
**Бийзибан** — тилсиз, лал, үнсиз.
**Бийгана** — есинен айрылған, ҳуўшы жоқ, жат биреў.
**Бийқарар** — бир нәрсеге тәшўишлениў, тынышсызланыў.
**Биймурат** — муратына жете алмаған.
**Бийнаўа** — ғәрип, бахытсыз, бийшара, пақыр.
**Бийпатма** (Бийбипатма) — ислам дини бойынша ҳаяллардың пири.
**Бийҳуш** — есин жоғалтқан, өзин жоғалтқан.
**Геллеғар** — сөгис мәнисин беретуғын сөз.
**Гентай** — асықтың түри.
**Герд** — аттың аяғының тозаңы, шаңы, қумы.
**Гия** — шөп, өсимлик, көгерип шығатуғын затлар.
**Гоҳикап** — мифлик бийик таўдың аты.
**Грифтар** — тутылыў, қолға түсиў, дуўшар болыў, шатасыў.
**Ғайбана** — болмаған, көрмеген, жоқ болған.
**Ғаный** — маллы, дәўлетли, мүликли, барлы.
**Ғәзийнехана** — патшаның алтын гүмиси, ҳасыл затлары сақланатуғын орыны.
**Ғубба** — алтыннан, гүмистен исленген безениў заты. Қызлар тағынады. Ханлар, байлар аў қусларына да таққан.
**Ғөрбетли** — түси бузық, жаман.

---

* Ҳәр бир сөз дәстанлардағы аңлататуғын мәнисине қарай алынды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғубар — адамның жүзинде көринетуғын қайғы, қапалық.
Ғүлпет — басқа түскен қайғы, мүсәпирлик, ғәриплик.
Дабле — ат байлайтуғын орын.
Дарийқа — жанның ашыўын билдиретуғын («ўай-ўай» сыяқлы) сөз.
Датқашы — арыз етиўши, арыз қылыўшы.
Дәрўиш — пақыр, бийшара, дийўана, дин жолын қуўған киси.
Дуўма (доғма) — қул, басы бәнт, биреўге ғәреали жасайтуғын адам.
Дүлдүл — қанатлы тулпар, мифлик ат.
Еренлер — кәраматлы адамлар, пирлер.
Жандар — адам.
Жанжир — шынжыр.
Жәлилла — қуданың аты.
Жәллат — ханның гүналыларды жазалайтуғын, өлтиретуғын адамлары.
Жәнде — дийўаналардың ийнине илетуғын заты.
Жумыры — бурында шопанлардың териден исленген бас кийими.
Жыназа — жанды азалаў, өлиге диний дәстүрди ислеў.
Зағ — ғарға.
Заңғар — сөгиўдиң бир түри.
Зербарақ — алтын жалатқан, алтын ислеткен.
Зерли пота — алтынланған, белге байлайтуғын белбеў.
Зикир — ядтан қудайдың атына бир неше сөзлерди тәкирарлаў менен дуўа оқыў.
Зумарад (зумруд, изумруд) — қасыл тас.
Ийба — сақланыў, шегиниў, жүзин бурыў, сыйлаў.
Ийтен — шөптиң аты.
Илаҳидан — ғайыптан, тосаттан, кәрамат арқалы.
Ильяс — пайғамбардың аты.
Инақ — хан әмелдарларының аты.
Исми-ағзам — дуўаның аты, мифлик түсиниклерге қарағанда ислам дининдеги кәраматлы дуўа (Ағзам — уллы дегенди аңлатады).
Исрапыл — мифлик дүньяны астан-кестен ететуғын самал, ургин.
Ишарат — бир нәрсени билдириў, сездириў.
Каба — мусылманлардың таўап ететуғын мешити.
Кәрим — қуданың бир аты.
Қустаныльқ — орынсыз зорлық, кемситиў, баспалатыў.
Қаза — өлим, тәғдир, талай.
Қамқа — қасыл кийим.
Каншийе — патшаның жайындағы төсектиң аты.
Қарабайыр — жылқының түри.
Қарқара — бас кийимге қадалған қус пәри.
Қарун — мифлик сықмар, қызғаншақ байдың аты.
Қәлпе — қус үйретиўши, аңға қус салыўшы.
Қәсем — ант, ўәде, ықрар.
Қоррандоз — палшы, палдаман, қорра таслаўшы.
Қублағаҳим — анам, атам.
Қусшийе — патшаның жайындағы төсектиң аты.
Қусбеги — хан әмелдарларының атағы.
Қус гезлик — қусты соятуғын пышақ.
Қушныш — суў бүркип емлейтуғын тәўип, ушықлаўшы.
Қырқ шилтен — *Еренлерди* қараңыз.
Ләк-ләк — ҳәдден тыс көп, ҳәдден зыят.
Мағруп — күн батыс.
Мажазый — ҳақыйқый емес, жалған жердеги патша («Қудай емес» деген мәниде айтылған. Ҳақыйқый патша «алла» делинеди).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Машырық** — күн шығыс.
**Мәскепши** — суў тасыўшы, тасып суў сатыўшы, биреўдиң үйине суў апарыўшы.
**Месик** — териден исленген суў салатуғын ыдыс. Оның менен қуйыдан суў да алады.
**Муптала** — ҳәкисплениў, қолайсыз бир затқа дуўшар болыў, бәлеге жолығыў.
**Мүтире** — териден исленген суў салып жүретуғын ыдыс.
**Мушки-анбар** — адамды тирилтетуғын дәри.
**Мынажат** — өтиниш етиў, сораныў, жалбарыныў.
**Мысырыў-хандер** — мусылманлардың сыйынатуғын жери («Мысырды ардақлаў» дегени).
**Наймыт** — сегистиң бир түри.
**Найсап** — сегиўдиң бир түри.
**Накас** — нуқсанлы, кемшиликли, жарамас пәс адам.
**Намаҳрам** — бийтаныс, басқа биреў.
**Нар** — түйениң еркеги.
**Неда әйлеў** — сес шығарыў, шақырыў, билдириў.
**Нека** — ерли-зайыплыны қосыў мәресими.
**Нурбент** — тоғыртқаның бир ағашы.
**Пайқал** (пайқар) — перийлердиң сулыўы, гөззалы, ағласы.
**Пардақ** — пүтин дене менен естен кетип жығылыў, қулаў.
**Парра** — бөлиниў, жарылыў, өртениў, иштиң күйиўи.
**Пәлек** — аспан, ўақыт, ығбал.
**Пәрмана** — жанын пидә қылыў, жолында жүриў.
**Пәттек** — қустың аты.
**Периште** — мифлик, көзге көринбейтуғын, адамзатқа уқсаған мақлуқ.
**Пешана** — бахыт, маңлай, тәғдир.
**Раба** — мақул, миясар, турарлық.
**Рабай** — мейли, ҳәўеси, истеги, тилеги.
**Разы-ҳақ** — қудайдың аты.
**Раўшан** — бала, нәресте.
**Сама** — аспан, көк.
**Санжақ-санжақ** — бөлим-бөлим, туў, байрақ, әскерий бөлимшелер.
**Сарҳаўыз** — дөгерегине алтын жалатқан ханның ҳәўизи.
**Сәңгир** — таўдың баҳалы тасы (гранитке қусаған).
**Сәрилер** — таўдың бәлент жери, басы, төбеси.
**Сәркарда** — әскер басы.
**Субхан** — қудайдың аты.
**Султаны-бакарем** — сақый, қолы ашық султан.
**Таж** — патшалардың бас кийими.
**Таңла-маҳшер** — ақырзаман, о дүнья.
**Тасаддық** — жанын пидә етпек.
**Тәрзи** — бас кийим.
**Тәрк** — тәрк етиў, кешиў, қол үзиў.
**Төрт түлик мал** — жылқы, түйе, қарамал, қой.
**Туғыр** — аңшы қусларды қондыратуғын орын.
**Ушыға** — ҳасыл таўар.
**Ҳажы** — Қабаға барып келген яки баратуғын адамлар.
**Ҳүрилуғман** — сулыў, гөззал.
**Шарбазар** — базар.
**Шардаре** — ҳәўлиниң бийик, төрт тәрепке қарайтуғын жери.
**Шасыпа** — патша отыратуғын сыпа, орын.
**Шахсулайман** — мифлик патшаның аты.
**Шахымардан** — араб халифасының бири. Мифлик, пирге айналған адам.
**Шаят** — бәлки, мүмкин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Шейдилла** — делбе болып, алланың атын айтып жүриў.
**Шоры** — ханның, байдың үйиндеги хызметкер ҳаял.
**Шуўал** — қап.
**Ықлым** — дүньяның бөлими, бөлшеги.
**Ырақнай (рақна)** — сулыў, нәзик, жағымлы, жарасықлы.
**Ысқат** — өлиниң үстине сойылатуғын мал, өлиге арналған кийим ҳ. т. б.
**Юсупикалан** — мифлик, сулыў пайғамбардың аты.

## «ҚАНШАЙЫМ» ДӘСТАНЫ БОЙЫНША

**Бейтил** — диний түсиник бойынша — «Қәба» (гейбир орында «зиярат» деген мәнисин аңлатады).
**Буржа** — таўда өсетуғын бир өсимликтиң аты.
**Дал** — жарасықлы нағыс қойғам.
**Жайыл** — тентек.
**Жезқулақ** — мылтық.
**Кийеси** — зыяны.
**Қаўышы** — үңгири.
**Қыйлықал** — кемислик, басқа ой.
**Минахат** — ҳәз.
**Мурғузар** — қустың аты.

## МАЗМУНЫ

ШӘРИЯР . . . . . . . . . . . . . .
55-бет . . . . . . . . . . . . . .

ҚАНШАЙЫМ . . . . . . . . . . . . . .
99-бет . . . . . . . . . . . . . .

ДӘСТАНЛАРДАҒЫ ГЕЙПАРА СӨЗЛЕРГЕ ТҮСИНИҚЛЕР . .
158-бет . . . . . . . . . . . . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

ӨЗБЕКСТАН ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫНЫҢ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИ
Н. ДӘУҚАРАЕВ АТЫНДАҒЫ ТИЛ ҲӘМ ӘДЕБИЯТ ИНСТИТУТЫ

# Қарақалпақ фольклоры

## БЕС ТОМЛЫҚ

**Екинши том**

## ШӘРИЯР

## ҚАНШАЙЫМ

*(дәстанлар)*

қарақалпақ тилинде
«Қарақалпақстан» баспасы

Нөкис — 1997

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редакторы *Бахыт Нурыллаев*
Художниги *Кешкинбай Рейипназаров*
Худ. редакторы *Исмайыл Қыдыров*
Тех. редакторы *Кеңесбай Бекниязов*
Корректоры *Арзыхан Аташева*

ИБ № 1922

Териўге берилген ўақты 24. II. 1997. Басыўға рухсат етилген ўақты 10. IV. 1997. Қағаз форматы 60x84$^{1}/_{16}$. Супер ҳәм әпиўайы муқабалар, реңли сүўретлер—офсет, ал текст жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 10,25 + 0,25 вкл. баспа табақтан ибарат. Шәртли баспа табағы —9,53+0,25 вкл. Есап баспа табағы 10,4+0,25 вкл. Жәми 2000 нусқа. Буйыртпа №151. Баҳасы 55 сом 70 тийин.

«Қарақалпақстан» баспасы: 742000, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси №9-жай.

ҚР Баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты: 742000, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9-жай.

www.ziyouz.com kutubxonasi